

Lantip Basa Lan Sastra JAWA VIII

Eko Wahyudi, S.Pd



2016

Eko Wahyudi, S.Pd

PenA Indis
Peneliti Antologi Indonesia Islam

Lantip Basa Lan Sastra JAWA VIII

Mata Pelajaran Bahasa Jawa VIII



Lantip Basa Lan Sastra Jawa VIII

Penulis:

Eko Wahyudi, S.Pd

ISBN:

978-602-429-028-3

Ukuran Buku:

14,5 x 20,5 cm

Tebal Buku:

252 Halaman

Editor:

Nitha Ayesha

Desain Sampul:

Fandy Said

Tata Letak:

Fandy Said

Cetak Pertama:

Oktober 2016

Diterbitkan Oleh:



CV. Pena Indis

Jalan Bitoa Lama No. 105
Kel. Antang, Kec. Manggala
Makassar - Sulawesi Selatan. 90234
No Hp: 082113883062
email: pena_indhis@yahoo.co.id

Dicetak Oleh:



Indis Group

Jalan Renvile RT 2 / RW 5 Dukuh Legok
Desa Pejagoan, Kec. Pejagoan
Kebumen - Jawa Tengah 54361
No. Hp: 081226829452

Sanksi Pelanggaran

Undang-Undang Hak Cipta 2002

1. Barang siapa dengan sengaja tanpa hak mengumumkan atau memperbanyak suatu ciptaan atau memberi izin untuk itu, dipidana dengan pidana penjara paling lama 7 (tujuh) tahun dan/ atau denda paling banyak Rp. 100.000.000,00 (seratus juta rupiah)
2. Barang siapa dengan sengaja menyebarkan, memamerkan, mengedarkan atau menjual kepada umum suatu ciptaan atau barang hasil pelanggaran Hak Cipta sebagaimana dimaksud dalam ayat (1), dipidana dengan pidana penjara paling lama 5 (lima) tahun dan/ atau denda paling banyak Rp.50.000.000,00 (lima puluh juta rupiah)

PURWAKA

Puji syukur konjuk dhumateng ngarsanipun Gusti Allah SWT, inggih awit saking rahmat saha berkahipun, buku *Lantip Basa lan Sastra Jawa* punika saged karakit. Buku punika karakit adhedhasar Standhar Isi 2013 Kurikulum 2013 Mata Pelajaran Muatan Lokal (Bahasa Jawa) untuk jenjang pendidikan SMP/SMPLB/MTs Negeri dan Swasta Propinsi Jawa Tengah berdasarkan SK Kepala Dinas Pendidikan dan Kebudayaan Jawa Tengah No.4235/14995 tanggal 4 Juni 2014

Kanthi buku punika, kaangkah para siswa saged nggadhahi kaprigelan anggenipun nampi piwucalan saking dwija Basa Jawi. Tumraping para dwija, buku punika kaangkah saged kangge sarana pambiyantu anggenipun paring piwucalan saha mekar ngrembakaken basa saha sastra Jawi lumantar piwucalan ing salebeting sekolah. Wusananipun, sansaya tuwuh greget lan ngrembakaken nilai karakter ing (KI1 lan KI2) luhur bangsa ingkang tansah manunggal wonten dhiri pribadinipun para siswa saha para dwija.

Murih panyinaoning Basalan Sastra Jawi adhedhasar Kurikulum 2013 punika langkung gampil, pramila buku punika kaserat boten uwal saking Standhar ISi Semester Gasal saha semester genap ingkang ngewrat inggih punika: KI 1 (Spiritual), KI 2 (Sosial), KI 3 (kawruh), saha KI 4 (Katrampilan), ugi Kompetensi Dasar, indikator/tujuan pasinaonan, materi, model pembelajaran, ugi evaluasi ingkang wujudipun *multiple choice*, penilaian dhiri, proyek, dalah kasus. Salebetipun evaluasi punika wonten gladhen, ulangan akhir semester (UAS), ulangan kenaikan kelas (UKK). Ing pungkasanipun piwucalan kajangkepi kaliyan refleksi saha ringkesan materi. Buku punika ugi kajangkepi kaliyan glosarium (kamus tembung) kanthi pangangkah kanggo atur pasugita babagan tetembungan ingkang angel wonten buku.

Piwucalan sikap/karakter lumantar 5 M (Mengamati, menanya, mencoba, menalar, mengolah, menyaji, dan mencipta). Kajawi punika piwucalan ing buku punika, karakit kanthi pendekatan Saintifik kontekstual (*project based learning*), *problem based learning*, lan *discovery learning*.

Panyerat tansah nglenggena kanthi ekhlasing penggalih, awit sedaya ing salabeting ngrakit buku punika, panyerat kanthi andhap asoring manah nyuwun panyaruwe dhumateng para siswa, para dwija basa Jawi, para sutresna basa lan sastra Jawi. Panyaruwe ingkang tansah kaantu-antu inggih punika panyaruwe ingkang wonten gegayutanipun tumrap panglaras saha pangleres tembung, ukara, lan sanesipun. Ancasipun njangkepi kekirangan wonten ing buku punika.

Kanthi panyaruwe kasebat, muga buku punika pangangkah saged andayani murih lestatunipun saha mekar ngrembakanipun basal an sastra Jawi. Mliginipun ing jagading piwucalan tumrapping para siswa, ugi para kadang dwija. Nuwun.

Kebumen, Juli 2016

Panyerat

PITUDUH NGGUNAKAKE BUKU

Wulangan 1

Nuduhake urutané
Piwulangan

Pamarentahan

Tema piwulangan

Tujuan pembelajaran:

Nuduhake ancasa
piwulangan kang kudu
dikuwasani siswa

Setelah mengikuti pembelajaran diharapkan siswa mampu:

1. Menjawab pertanyaan dalam ragam krama.
2. Membedakan ragam bahasa Jawa sesuai unggah-ungguh.
3. Mengungkapkan nilai-nilai luhur yang terdapat dalam legenda secara tertulis.
4. Menceritakan kembali teks legenda secara lisan dalam ragam krama.


Gambaran umum
isine piwulangan

Apa kang ana gayutane karo pamarentahan iku? Pamarentah mujudake kalungguhan kang nyekel pusarane praja, nggulawenthah nagara lan kawulane. Kanggo mujudake pamarentahan kang becik, adil, lan wicaksana mula kudu nggunakake adeg-adeg kang bener, pener, lan jejeg. Kabeh mau bisa disinau salah sijine kanthi cara maca lan mangerteni isine crita legenda kang dumadi saka sadhengah papan ing tanah Jawa khususé lan saka maneka daerah ing nagara iki. Kepriye mungguh ndadekake pamarentahan kang dikarepake nut angger-angger kang lumaku.

Ing wulangan iki, para siswa bakal nyinau kagunan basa nut unggah-ungguhé, nemokake piwulang luhur saka crita legenda, lan nyritakake isine crita legenda.

PETA KONSEP

Urut-urataning piwulungan kang ditindakake para siswa



DAFTAR ISI

Halaman Judul	i
Purwaka	v
Pitedah Nggunakake Buku	viii
Peta Konsep	ix
Daftar Isi	x
Wulangan 1	1
Wulangan 2	29
Wulangan 3	53
Wulangan 4	81
Gladhen Ulangan Akhir Semester 1	111
Wulangan 5	119
Wulangan 6	143
Wulangan 7	169
Wulangan 8	195
Gladhen Ulangan Kenaikan Kelas	229
Kapustakan	240

BAB I

WULANGAN 1 PAMARENTAHAN

Tujuan pembelajaran:


Setelah mengikuti pembelajaran diharapkan siswa mampu:

1. Menjawab pertanyaan dalam ragam krama.
2. Membedakan ragam bahasa Jawa sesuai unggah-ungguh.
3. Mengungkapkan nilai-nilai luhur yang terdapat dalam legenda secara tertulis.
4. Menceritakan kembali teks legenda secara lisan dalam ragam krama.

Apa kang ana gayutane karo pamarentahan iku? Pamarentah mujudake kalungguhan kang nyekel puseraning praja, nggulawenthah nagara lan kawulane. Kanggo mujudake pamarentahan kang becik, adil, lan wicaksana mula kudu nggunakake adeg-adeg kang bener, pener, lan jejeg. Kabeh mau bisa disinau salah sijine kanthi cara maca lan mangerteni isine crita legenda kang dumadi saka sadhengah papan ing tanah Jawa khusus lan saka maneka daerah ing nagara iki. Kepriye mungguh ndadekake pamarentahan kang dikarepake nut angger-angger kang lumaku.

Ing wulangan iki, para siswa bakal nyinau kagunan basa nut unggah-ungguhe, nemokake piwulang luhur saka crita legenda, lan nyritakake isine crita legenda.

PETA KONSEP



LEGENDA GUWA JATIJAJAR KEBUMEN

Crita legenda mujudake crita rakyat arupa gancaran kang ngandharake asal-usul utawa dumadine sawijining papan panggonan. Miturut Jan Harold Brunvand kang disunting dening Dananjaya; jenise legenda diperang ana papat yaiku legenda keagaman, legenda alam gaib, legenda pawongan/perseorangan, lan legenda kedadeane papan/panggonan. Titikane legenda manut Yus Rusyana yaiku:

1. Legenda iku crita tradisional asli saka masyarakat kang ditularake kanthi cara turun-tumurun.
2. Critane ana gandheng cenenge karo crita jaman biyen.
3. Paraga ing crita dianggep bener-bener ana lan dianggep nduweni jasa marang masyarakat.
4. Critane mlebu ing nalar (masuk akal).
5. Latar ing crita kaya bener-bener ana/nyata.
6. Paraga lan kedadeane kaya dene ana/nyata dadi kaya dene sejarah.

Ing ngisor iki para siswa bakal disuguhi crita legenda dumadine Guwa Jatijajar saka dhaerah Kebumen. Guwa Jatijajar dinane iki mujudake papan plesiran ing Desa Jatijajar, Kecamatan Ayah, Kabupaten Kebumen. Guwa iki ditemokake dening sawijining petani nama Reja Menawi nalika taun 1802 M. Guwa kasebut direnggani diorama crita Arya Kamandaka

utawa katelah Lutung Kesarung. Crita Arya Kamandaka mujudake crita sinkretisme Jawa lan Sunda. Ana tanah Pasundan ana crita Lutung Kasarung kanthi *setting* ing Kraton Pajajaran Jawa. Diorama Arya Kamandaka nggambarake pangumbarane Arya Kamandaka nalika nggoleki calon garwane.

Apa gayutane diorama kasebut klawan guwa Jatijajar? Ayo disimak crita iki sarana ngrungokake pamacane kancamu!

Nalika samana Prabu Siliwangi, ratu ing Pajajaran kagungan putra tigo kang aran Banyak Cotro, Banyak Ngampar, lan sijine putri. Nalika putrane isih cilik-cilik, garwa prameswari seda. Prabu Siliwangi nggarwa prameswari maneh asma Dewi Kumudaningsih kanthi perjanjen besuk yen kagungan putra, putrane sing bakal ngganteni ratu. Dewi Kumudaningsih peputra kalih aran Banyak Blabur lan Dewi Pamungkas.

Ing sawijining dina Prabu Siliwangi nimbali putrane Banyak Cotro lan Banyak Blabur supaya ngganteni ratu amarga rumangsa wis sepuh. Banyak Cotro durung saguh dadi ratu kanthi alesan durung cukup ngelmu lan durung kagungan garwa. Banyak Cotro gelem nggarwa lamun wis nemu jodhone kang rupane memper ibune. Sabanjure Banyak Cotro pamitan Gusti Prabu nggumbara nggoleki putri idham-idhamane kang bakal dadi garwane.

Banyak Cotro menyang Gunung Tangkuban Prau marak sowan marang pandhita linuwih asma Ki Ajar Winarong. Dening Ki Ajar, Banyak Cotro didhawuhi supaya nyandhang manganggo (nyamar) kaya wong desa, ninggalake modhel kraton lan malih asma Arya Kamandaka. Amarga saka kencenging tekad supaya bisa ketemu putri idhamane, Arya Kamandaka nyaguhi.

Arya Kamandaka mlaku mangetan tekan Kadipaten Pasir Luhur. Ing kono ketemu Patihe kang asma Patih Reksonoto. Sang Patih wis sepuh ananging durung kagungan putra mula Arya Kamandaka diangkat putra dening Sang Patih. Sang Patih banget senenge kagungan putra angkat Arya Kamandaka kang gagah lan bagus rupane.

Ana Pasir Luhur Arya Kamandaka bisa ketemu karo Dewi Ciptarasa putri wuragil Sang Adipati Kandandoho kang rupane memper ibune. Arya Kamandaka wis nemokake putri kang bakal dadi garwane.

Wis dadi pakulinan saben taun Kadipaten Pasir Luhur nganakake sayembara ndemek iwak anak kali. Patih Reksonoto sowan menyang kadipaten, Arya Kamandaka kanthi sesidheman tut wuri Sang Patih, saperlu arep nemoni Dewi Ciptarasa kang wis padha dene tresnane. Sang Dewi lan Arya Kamandaka banjur kangsen nganakake patemon ing taman kaputren ing wektu wengi.

Nalika lagi patemon ana kaputren Arya Kamandaka konangan para prajurit. Arya Kamandaka bisa lolos saka kepungan para prajurit lan ngakoni lamun putra angkate Ki Patih. Patih Reksonoto banjur ditimbali Sang Adipati Kandandoho supaya masrahake Arya Kamandaka. Nalika Arya Kamandaka kapasrahake, dheweke nyegur ing kali lan silem ngendhang nut ilining banyu. Arya Kamandaka kawartakake tiwas ana kali. Dewi Ciptarasa banget sungkawane krungu sedane priya kinasihe.

Arya Kamandaka mentas saka kali ketemu Rekajaya kang lagi mancing kang sabanjure dadi kanca rakete. Arya Kamandaka manggon ing desa kono (Desa Penagih) kaangkat anak dening Mbok Randha Kertosuro. Ing desa Penagih karemane Arya Kamandaka adu jago. Jagone dijenengi Mercu lan saben diadu mesthi menang. Arya Kamandaka kondhang ing pembotoh ayam nganti keprungu Sang Adipati lamun Arya Kamandaka taksih urip. Sang Adipati banget murkane banjur utusan prajurit supaya nangkep Arya Kamandaka ing kahanan urip utawa mati.

Raden Silihwarni putra Pajajaran suwita menyang Pasir Luhur saperlu nggoleki kangmase Banyak Cotro kang manut ujaring kandha mapan ing Pasir Luhur. Raden Silihwarni banjur suwita ana ing Pasir Luhur. Pasuwitane bakal ditampa angger bisa nangkep Arya Kamandaka lan Silihwarni nyaguhi.

Raden Silihwarni bisa ketemu Arya Kamandaka ana papan adu jago. Loro-lorone kang sejatine kakang adhi padha dene pangling amarga sandhang panganggo padha dene nyamar. Sakloron banjur perang rame. Arya Kamandaka ketaman Kujang Pamungkas pusakane Raden Silihwarni. Arya Kamandaka ketaton banjur lolos saka paprangan mlebu guwa. Lolose Arya Kamandaka diburu Raden Silihwarni nanging kelangan lacak. Nalika tekan ngarep guwa, ana lawange guwa Raden Silihwarni nantang-nantang. Saka jero guwa Arya Kamandaka nyauri, “Kalamun wani mlebuwa adhepana iki putra sejati Pajajaran. Tembung sejati Pajajaran kang nggaung saka njero guwa keprungu jatii jajaarr banjur papan iku dijenengi Jatijajar.

Raden Silihwarni banjur nemoni lacak kangmase kang digoleki. Dheweke mlebu guwa nggawa inggon-ingon kinasihe tanpa dikantheni prajurit. Ana jero guwa nora perang ananging padha dene ngakoni kang sejatine yaiku padha dene putra Pajajaran kang aran Banyak Cotro (Kamandaka) lan Banyak Ngampar (Silihwarni). Putra sakloron padha rerengkulan. Minangka bukti kanggo laporan lamun bisa mateni Arya Kamandaka, Silihwarni mateni ingon-ingone mau kang wujud segawon, banjur dijupuk ati lan getihe kang diakokake ati lan getihe Arya Kamandaka lan kaaturake Adipati Pasir Luhur.

Arya Kamandaka nampa wangsit lamun kepengin ketemu karo Dewi Ciptarasa kudu tapa ana guwa kasebut nganti nemu sandhangan lutung. Tapane Arya kamandaka bisa kasembadan nemokake sandhangan lutung. Nalika Sang Adipati bebedhag bisa entuk lutung malihane Arya Kamandaka. Reksajaya matur marang Sang Adipati lan ngakoni lamun lutung iku duweke. Manawa dikersakake dheweke saguh ndherek lan kang bakal miyara lutung mau. Sang Adipati Pasir Luhur nayogyani panyuwunane Reksajaya.

Ana ing kadipaten, lutung mau dari rebutan, para putri kepengin padha nduweni. Sang Adipati banjur nganakake sayembara, sapa sing menahi pakan ditampa iku sing bakal nduweni. Lutung geleme mangan pakan yen sing wenehi Dewi Ciptarasa mula lutung kasebut dadi darbeke Dewi Ciptarasa. Lutung malihan iku saben wengi malih rupa kang sejatine dadi Arya Kamandaka. Dewi Ciptarasa banget senenge bisa ketemu maneh karo priya kinasihe.

Kacrita panguwasa Pulo Nusa Kambangan asma Prabu Pule Bahas utusan Patihe supaya nglamar Dewi Ciptarasa kanthi pangancam yen panglamare ditolak, kadipaten Pasir Luhur bakal diobrak-abrik. Pamrayogane lutung panglamare ditampa bae nanging kanthi syarat, nalika patemon manten lutung kudu ana sandhinge Dewi Ciptarasa. Prabu Pule Bahas bisa nampa prasyarat mau.

Ana patemon manten, lutung ngglibengi Dewi Ciptarasa bae, ngganggu Prabu Pule Bahas kang wusanane gawe muntabe. Lutung arep dipateni dening Parbu Pule Bahas. Lutung ngladheni perang wusanane Prabu Pule Bahas tiwas dening lutung. Lutung malih rupa sejatine Arya Kamandaka kang sabanjure ngagem busana Putra Pangeran Pati lan ngakoni minangka putra ratu Pajajaran.

Arya Kamandaka dening Adipati Kandandoho banjur dinikahake karo Dewi Ciptarasa. Amarga cacat kena pusaka Kujang Pamungkas nalika perang karo Raden Silihwarni, Arya Kamandaka ora bisa nglingsir keprabon ing Pajajaran dene kang nggenteni ratu rayine Banyak Blabur. Arya Kamandaka tetep manggon ana Pasir Luhur lan sasedane Adipati Kandandoho, Arya Kamandaka kang jumeneng nggenteni dadi adipati.

Kapethik saka: <https://www.wisatakebumen.blogspot.com>

mawi jarwan bebas.

A. Mbedakake Ragam Basa

Basa Jawa nduweni ragam kang maneka warna kang dibedakake manut sapa sing nggunakake lan kanggo/marang sapa basa kasebut digunakake. Bab iku lumrah tumrape basa Jawa. Ancase ragam basa Jawa dibeda-bedakake iku ora teges gawe angel kanggone kang isih nyinau lan durung mangerteni basa Jawa sawutuhe, nanging kanggo njaga rasa pangrasa utawa kanggo ajen ingajenan. Bab sing kaya mangkono iku ingaranan unggah-ungguh basa.

Tuladhane tembung *туру* kramane *tilem* lan krama inggile sare. Ragam kasebut ora teges bisa dipilih nut kekarepane sing nggunakake, nanging dijumbuhake sapa lan kanggo sapa basa kasebut digunakake. Tembung *туру* iku kanggo awake dhewe, bisa dikramakake *tilem* nalika diajak guneman klawan wong kang luwih tuwa utawa mangsuli pitakon lan aweh kabar marang wong liya kang umur-umurane luwih tuwa. Nanging awake dhewe ora kena nggunakake tembung sare, sebab tembung iku amung kanggo wong liya kang luwih tuwa utawa pantes diaturi pakurmatan amargakalungguhane.

Amrih cethane coba dijingglengi perangane basa lan kagunane ing ngisor iki!

1. *Basa Ngoko/Basa Ngoko Lugu*

Basa ngoko lugu digunakake dening wong tuwa marang anake, bocah karo bocah, bocah kang durung bisa basa,

wong kang padha umure lan kulina, priyayi luhur marang andhahane. Coba disimak tuladha pacelathon iki:

Dewi : "Apa kowe wis nggarap PR, Tin?"

Tina : "PR apa, ta? Saka pangrasaku dina iki ora ana PR."

Dewi : "Ya jelas kowe ora ngerti wong dina Kemis kepungkur kowe ora mlebu sekolah kok!"

Tina : "Adhuh iya aku lagi kelingan, yen dina Kemis wingi aku ora mlebu amarga lara weteng."

2. Basa Ngoko Alus

Wujude tembung kang digunakake campuran, antarane tembung ngoko lan krama inggil. Tembung utamane ngoko, nanging menawa ana tetembungan kang tumuju wong liya kang luwih tuwa lan kudu diajeni digunakake tembung krama inggil, utamane tembung kriya lan tetembungan kang ana gayutane karo milik.

Tembung sesulih *kowelanater-ater kok-/ko-*, owah dadi panjenengan, sliramu,slirane utawa kang slira. Sok kepara panambang `e` kang nuduhake peprenahan, owah dadi ingkang senajan ajeg -e ya isih luwes lan pantes. Upamane anake ~ ingkang putra, bojone ~ ingkang garwa.

Basa ngoko alus digunakake dening wong kang padha drajate, kulina nanging kudu ngajeni, wong kang beda drajate, nanging wis raket/akrab, wong kang micara ing pakumpulan kang drajate saperangan padha lan saperangan luwih dhuwur, lan kanggo rerasan/ngrasani wong kang drajate luwih dhuwur.

Tuladha pangandikane Pak Jaya lan Bu Hartati kang nunggal kantor lan padha drajate ing ngisor iki gatekna!

Pak Jaya : "Lho, Jeng Tati. Kok tindakan wae apa ora ngasta kendharaan?"

Bu Hartati : "Ora, iki mau diterke Mas Rasa, motorku lagi rusak. Pak Jaya nitih apa?"

Pak Jaya : "Aku nggawa mobil, yen kersa ayo bareng wae."

Bu Hartati : "Matur nuwun, Pak. Iki mau Mas Rasa wis kersa mapag mrene."

3. Basa Krama

Wujude tembung kang digunakake krama kabeh. Sing nggunakake wong kang padha drajate, wis kulina lan padha-padha ngajeni, wong kang drajate dhuwur marang kang luwih endhep kanggo ngormati, kanggo sesorah/pidhato kang asipat umum, lan dening anak marang wong tuwane, utawa bocah

marang kang luwih tuwa. Tuladha pangetrape basa krama kaya ing ngisor iki.

Pak Tarno : "Mangga pinarak ing gubug kula!"

Pak Edi : "Matur nuwun, Dhik. Mbenjang mawon sanes wekdal, sampun sonten"

4. Basa Krama Alus / Basa Krama Inggil

Wujude tembung campuran antarane krama lan krama inggil. Sing nganggo wong kang padha drajate, wis kulina lan padha-padha ngajeni, wong kang drajate dhuwur marang kang luwih endhep kanggo ngormati, kanggo sesorah/pidhato kang asipat umum, lan kanggo anak marang wong tuwane utawa wong tuwa (umure), upamane marang guru. Tuladhane

Pak Lurah : "Kadospundi Pak Lurah, sampun kagungan wawasan gegayutan kaliyan lampahipun program LKM (Lembaga Keuangan Mikro) ing ngriki?"

Pak kadhus : "Miturut pamawas kula, mila perlu sanget wonten pepanggihan mirunggan rumiyin kaliyan para wargi."

Pak Lurah : "Inggih prayogi, enggal dipundamel sedhahan kemawon!"

Prayoga menawa para siswa asring maca buku kang ngemot daftar tembung ngoko, krama, lan krama inggil amrih ora bingung nalika krungu tetembungan kang durung ditepungi. Saliyane iku asring nyimak pacelathon/wawan guneme wong tuwa ing pasamuhan-pasamuhan mirunggan, nyimak berita basa Jawa krama, utawa nyimak sesorah. Menawa ana bab kang durung ditepungi utawa durung dimangerteni maknane bisa ditakokake marang kang luwih ngerti kanthi mangkono bakal bisa “lemes” krungu tetembungan Jawa kanthi maneka ragam basa. Bab iki dilandhesi menawa nyinau basa ora mung cukup krungu, nanging uga dibarengi maca, micara, lan nulis.

B. Mangsuli Pitakon Mawa Ragam Krama

Sawise ngrungokake crita legenda Guwa Jati Jajar, wangsulana pitakon ing ngisor iki nggunkake ragam krama!

1. Sapa sejatine Arya Kamandaka iku?
2. Geneya Arya Kamandaka ndadak ngumbara njajah desa milang kori?
3. Kepriye critane Arya Kamandaka bisa ketemu calon garwane?
4. Geneya Arya Kamandaka dadi perang tandhing klawan Silihwarni?

5. Jeneng Jati Jajar dijupuk saka tembung apa, kepriye critane?
6. Sawetara pisah klawan Dewi Ciptarasa, kepriye carane Arya Kamandaka bisa ketemu maneh?
7. Kepriye carane ngatasi Prabu Pulebah kang nedya nglamar Dewi Ciptarasa?
8. Geneya Adipati Kandandoho kersa ndhaupake Arya Kamandaka klawan Dewi Ciptarasa?
9. Arya Kamandaka ketaman gegaman apa?
10. Sawise dhaup karo Ciptarasa, Arya Kamandaka banjur netep ing endi?

C. Nemokake Maknane Tembung Kang Dianggep Lungid

Kolom kang isih kothong ing ngisor iki isenana manut tembung ngoko, krama, utawa krama inggile nuli golekana tegese!

No.	Tembung Ngoko	Krama	Krama Inggil	Tegese
1.		garwa		
2.		asma		
3.	dina			
4.		sepuh		
5.	durung			
6.	ngelmu			

7.		dhawuh		
8.	mlaku			
9.			kagungan	
10.			putra	
11.	wengi			
12.	banyu			
13.	urip			
14.	mati			
15.	loro			
16.	mlebu			
17.	nggawa			
18.	sandhangan			
19.			utusan	
20.			jumeneng	

Kegiatan 1 ngowahi teks crita legenda saka ragam *Ngoko* menyang ragam *Krama*.

Ing perangan iki para siswa bakal gladhen kawruh ngenani bedane ragam ngoko, krama, lan krama inggil ing teks crita legenda. Sawise iku para siswa bisa aweh katrangan utawa panyaruwe tumrap ragam basa kang digunakake ing teks wacan kasebut.

Tugas 1

Nemokake tembung-tembung lungid utawa kang durung dimangerteni tegese saka teks wacan Legenda Guwa Jatijajar.

Saperangan tembung ing dhuwur amung kanggo gladhen, becik menawa para siswa ngowahi teks crita legenda kasebut ing ragam krama. Tembung-tembung liyane kang durung kapilih ing kolom nanging isih bingung utawa durung dimangerteni tegese, tulisen ing buku cathetanmu, banjur rembugen klawan klompok pasinaonmu amrih mangerteni tegese. Diprayogakake nyepakake bausastra (kamus) Jawa.

Tugas 2

Ngowahi Teks Wacan Crita Legenda Guwa Jatijajar Dadi Ragam Krama.

Wacanen maneh teks crita legenda Guwa Jatijajar, saka teks kasebut para siswa digawe klompok sinau antarane 4 – 5 siswa/klompok. Rembugen bebarengan lan owahana teks wacan kasebut saka ragam ngoko dadi ragam krama!

Tugas 3

Nggawe Naskah Pacelathon Saka Teks Wacan.

Teks wacan Legenda Guwa Jatijajar kasebut owahana dadi naskaha pacelathon kanthi nggunakake paraga kang ana, gatekna kagunane basa nut unggah-ungguhe!

D. Nemokake Piwulang Luhur Saka Teks Legenda

Piwulang luhur bisa digunakake tuladha kang becik tumrap pribadi utawa bebrayan agung masyarakat. Gegayutane karo pamarentahan, crita legenda Guwa Jatijajar ngemot crita laku-lakuning tata kaprajan ing Pejajaran, Pasir Luhur, utawa Kandandoho. Sakabehing pakarti kang ditindakake para pangemban praja bisa dijingglengi, dibiji, lan dipilih mungguh dadi patuladhan.

Tugas 4

Nemokake Piwulang Luhur Saka Teks Crita Legenda.

Para siswa bisa ngadani diskusi kelompok kanggo nemokake bab-bab kang bisa diconto saka sipat utawa waktake para paraga crita legenda. Sabanjure saka pakarti kasebut dijumbuhake ing panguripan ing dinane iki, mligine tumrap para siswa.

Conto piwulang luhur saka crita kasebut yaiku tekad lan keantebane Arya Kamandaka ora gelem madeg dadi raja ngganteni ramane sadurunge ngangsu kawruh lan nemokake jodho uripe. Mula nganti direwangi njajah desa milang kori kanggo ngupaya gegayuhan luhur. Kanggo

para siswa bisa nyonto utawa nuladha pakarti kang ditindakake Arya Kamandaka yaiku greget lan tekade nggayuh kamukten ora mung cukup nampa dhawuh madeg dadi raja tanpa pambudidaya/usaha kang nyata.

E. Nyritakake Isine Crita Legenda

Nyritakake isine crita legenda ora kudu ngapalake teks kanthi wutuh. Para siswa cukup njingglengi lan nemokake gagasan bakune crita ing saben pada. cekake siswa gawe ringkesan crita. Basa kang digunakake kanggo ngandharake isine crita yaiku basa padina kang kulina digunakake para siswa.

Ringkesan crita ngandharake isine crita kanthi ringkes nanging isih nggatekake urutan urutane crita. Kang bisa ditindakake kanggo ngringkes teks yaiku maca meneh teks crita legenda kanggo mangerteni gambaran umum isine crita, nemokake gagasan baku saben pada, lan nyusun ukara-ukara saka gagasan baku kasebut dadi ringkesan kang pepak lan runtut.

Kegiatan 2 Ngringkes teks crita legenda.

Ing peranan iki para siswa bakal nindakake apa kang diandharake ing ndhuwur ngenani carane gawe ringkesan teks wacan. Saka ringkesan kasebt samengko kelompok pasinaonmu duwe tugas ngandharake isine crita legenda jangkep, ringkes, lan runtut.

Tugas 1

Ngandharake isine crita legenda saka asiling ngringkes Andharna ing ngarep kelas isine crita legenda kang kokringkes.

Refleksi

Sawise nyinau babagan crita legenda lan adharan basa manut unggah-ungguhe, para siswa bisa nduweni pambiji kang becik ngenani basa lan kabudayan Jawa. Anane crita legenda kang gegayutan karo laku-lakuning tata kaprajan pamarentahan bisa digunakake kanggo nuduhake menawa basa lan bangsa Jawa nyata adiluhung. Puja lan puji syukur marang Gusti Kang Kawasa nitahake para siswa dadi wong Jawa. Para siswa uga bisa nindakake kegiyatan pasinaon kanthi jujur, disiplin, greget lan tekad kang gedhe, sarta tanggung jawab marang tugas-tugase.

Ringkesan:

Saka andharan wulangan 1 ngenani crita legenda iki bisa dijupuk dudutan kang wigati ing antarane yaiku:

1. Pamarentahan mujudake laku-lakuning pangemban praja nggulawenthah nagara kang mesthine mbutuhake tetimbangan, kawruh, lan kuwasisan kang pinunjul.
2. Legenda, mujudake crita rakyat kang pambiwarane amung sarana gethok tular. Dadi menawa digoleki sumber wacan lan sapa kang nulis ora bakal tinemu. Mula crita legenda sok dumadi pirang-pirang warna.

Critane mokal nanging tinemu bukti, utawa bukti kang ana dientha-entha crita asal-usule mungguh nuwuhake panemu kang wigati, dadi wingit lan kebak wewadi. Legenda bisa uga dadi sumber semangat para wargi malah kepara tumekaning tatanan praja, krana dianggep duwe perbawa kang gedhe. Mula, crita cikal bakale sawijining dhaerah lumrah dilebokake ing lembaran pemeritahan desa. Tumrap bener lupute sumber lan critane bali menyang para wargi dhewe. Percaya kena, ora ya ora dadi ngapa.

3. Basa Jawa kanggo nuduhake kagunane nduweni unggah-ungguh amrih ing antarane kang padha guneman/wawan rembug bisa ajen-ingajenan.
4. Unggah-ungguh basa kang wigati dimangerteni yaiku ngoko lugu, ngoko alus, krama lugu, lan krama alus.
5. Kanggo mbabar isine crita legenda dibutuhake ringkesan teks wacan.
6. Ngringkes wacan ditindakake kanthi maca teks kanggo nemokake gambaran umum isine wacan, nemokake gagasan baku, lan nulis ukara kang dadi isine wacan sarana nggabungake sakabehing gagasan baku kasebut.

EVALUASI WULANGAN 1

- A. Pilihlah salah siji jawaban kang kokanggep paling bener kanthi menahi tandha ping (x) ing aksara a, b, c, utawa d.
1. Pamarentah nduweni tugas nggulawenthah praja lan kawula. Tembung nggulawenthah tegese
 - a. Ngrumat negara lan rakyat kanthi becik
 - b. Njaga nagara lan kawulane saka bebaya
 - c. Mbangun sarana kang dibutuhake kawula
 - d. Gawe kawula seneng lan tresna marang negarane
 2. Arya Kamandaka ngumbara *njajah desa milang kori*. Ukara kang dicithak miring tegese
 - a. Saben desa dijajah lan diperes asil bumine kanggo kratone.
 - b. Sakabehing desa ing negarane diwilang aja nganti kurang.
 - c. Kabeh desa lan kori dietung, sing urung bayar pajak bakal dijajah.
 - d. Mlaku adoh tumeka desa ngadesa kanthi tujuwan tartamtu.
 3. Arya Kamandaka duwe jeneng asli

a. Banyak Ngampar	c. Banyak Cotro
b. Banyak Blabur	d. Banyak Luhur

4. Arya Kamandaka katundhung saka kadhipaten Pasirluhur jalaran
 - a. Dituduh bakal ngrebut panguwasa Pasirluhur.
 - b. Adipati Pasirluhur ora seneng yen putrane seneng marang Arya Kamandaka.
 - c. Arya Kamandaka konangan yen mung anak angkate Patih Reksonoto.
 - d. Arya Kamandaka malih rupa dadi lutung kasarung.
5. Guwa Jatijajar mula bukane saka tembung kang diujarake Arya Kamandaka nalika perang tandhing mungsuh Silihwarni. Tembung kang diujarake Arya Kamandaka kasebut yaiku
 - a. Ana wit jati jejer-jejer
 - b. Aja dadi bocah kurang ajar
 - c. Putra sejati Pajajaran
 - d. Guwa iki jenenge Jati Jajar
6. Guwa Jatijajar mlebu ing wewengkon kecamatan Ayah kabupaten Kebumen. Tembung wewengkon tegese
 - a. Wong sing mengku
 - b. Guwa kang jero banget
 - c. Papan pariwisata
 - d. Dhaerah utawa wilayah
7. *Patih Reksonoto tindak kadipaten ditut wuri Arya Kamandaka.* Ukara kasebut nggunakake ragam
 - a. Ngoko lugu
 - b. Ngoko alus
 - c. Krama lugu
 - d. Krama alus

8. *Arya Kamandaka ketemu Patih Reksonoto ing Pasirluhur banjur didadekake anak angkat.* Ukara kasebut kramane
- Arya Kamandaka papasan Patih Reksonoto ing Pasirluhur banjur didadekake putra angkat.
 - Arya Kamandaka papagan Patih Reksonoto ing Pasirluhur banjur didadosaken anak angkat.
 - Arya Kamandaka kepanggih Patih Reksonoto ing Pasirluhur lajeng dipundadosaken putra angkat.
 - Arya Kamandaka manggihi Patih Reksonoto ing Pasirluhur nyuwun dipundadosaken putra angkat.
9. Ukara kang nggunakake ragam krama ing ngisor iki yaiku
- Arya Kamandaka duwe adhi jenenge Silihwarni
 - Silihwarni uwit dhateng Adhipati Pasirluhur
 - Arya Kamandaka dereng purun dadi raja
 - Silihwarni mangertos menawi Arya Kamandaka kangmasipun
10. Piwulang luhur kang bisa dijupuk saka crita legenda Guwa Jatijajar yaiku
- Critane apik nanging ajak-ajak marang peperangan
 - Arya Kamandaka seneng tumindak ala, upamane adu jago
 - Silihwarni tresna marang sedulur, dadi ora nerusake perang tandhing
 - Yen kepingin dadi raja kudu wani maju perang

B. Wangsulana pitakon ing ngisor iki kanthi patitis!

1. Wacanen pethikan teks ing ngisor iki, banjur gawenen ringkesane!

Banyak Cotro menyang Gunung Tangkuban Prau marak sowan marang pandhita linuwih asma Ki Ajar Winarong. Dening Ki Ajar, Banyak Cotro didhawuhi supaya nyandhang manganggo (nyamar) kaya wong desa, ninggalake modhel kraton lan malih asma Arya Kamandaka. Amarga saka kencenging tekad supaya bisa ketemu putri idhamane, Arya Kamandaka nyaguhi.

Arya Kamandaka mlaku mangetan tekan Kadipaten Pasir Luhur. Ing kono ketemu Patihe kang asma Patih Reksonoto. Sang Patih wis sepuh ananging durung kagungan putra mula Arya Kamandaka diangkat putra dening Sang Patih. Sang Patih banget senenge kagungan putra angkat Arya Kamandaka kang gagah lan bagus rupane.

Ana Pasir Luhur Arya Kamandaka bisa ketemu karo Dewi Ciptarasa putri wuragil Sang Adipati Kandandoho kang rupane memper ibune. Arya Kamandaka wis nemokake putri kang bakal dadi garwane.

2. Jelasna carane gawe ringkesan teks wacan!
3. Jelasna bedane ragam ngoko alus lan krama, wenehana contone!
4. Wacanen pethikan teks ing ngisor iki, banjur golekana piwulang luhur kang bisa dituladha!

Nalika samana Prabu Siliwangi, ratu ing Pajajaran kagungan putra 3 kang aran Banyak Cotro, Banyak Ngampar, lan sijine putri. Nalika putrane isih cilik-cilik, garwa prameswari seda. Prabu Siliwangi nggarwa prameswari maneh asma Dewi Kumudaningsih kanthi perjanjen besuk yen kagungan putra, putrane sing bakal ngganteni ratu. Dewi Kumudaningsih peputra 2 aran Banyak Blabur lan Dewi Pamungkas.

Ing sawijining dina Prabu Siliwangi nimbali putrane Banyak Cotro lan Banyak Blabur supaya ngganteni ratu amarga rumangsa wis sepuh. Banyak Cotro durung saguh dadi ratu kanthi alesan durung cukup ngelmu lan durung kagungan garwa. Banyak Cotro gelem nggarwa lamun wis nemu jodhone kang rupane memper ibune. Sabanjure Banyak Cotro pamitan Gusti Prabu nggumbara nggoleki putri idham-idhamane kang bakal dadi garwane.

5. Jelasna tegese tembung-tembung ing ngisor iki!
- Marak sowan
 - Pandhita linuwih
 - Sayembara

Pambiji Diri Pribadi

Sawise nyinau ngenani crita legenda ing wulangan 1, wenehana tandha centhang (√) manut kolom kang disiyapake!

No.	Perangan kang dibiji	Mampu	Ora mampu
1.	Ngugem wewaler abasa Jawa minangka nugraha Gusti Kang Maha Tunggal		
2.	Nuduhake rasa syukur anane basa Jawa minangka nugraha Gusti Kang Maha Tunggal		
3.	Nuduhake rasa syukur anane crita legenda ing tanah Jawa minangka nugraha Gusti Kang Maha Tunggal		
4.	Tumanggape becik tumrap basa Jawa		
5.	Nemokake piwulang luhur saka crita legenda		
6.	Gawe ringkesan lan andharan ngenani isine crita legenda		

Studi Kasus

Nalika para siswa ngandharake laporan isining crita legenda, ana sawijining kelompok kang diwawas kurang cetha ature, kurang pepak isine, kurang trep unggah-ungguh basane.

Manut panemumu, apa sing kudu digatekake lan ditindakake nalika ngandharake isining crita ing ngarep kelas, amrih andharane dadi becik lan nengsemake?

BAB II

WULANGAN 2 BUDI PEKERTI


Tujuan pembelajaran:

1. Menjelaskan kata-kata yang dianggap sulit di dalam tembang Gambuh.
2. Mengungkapkan nilai-nilai luhur yang terdapat dalam tembang Gambuh secara tertulis.
3. Menceritakan kembali isi teks tembang Gambuh secara lisan dalam ragam krama.

Apa kang diarani budi pekerti iku? Budi iku akal, pikiran, tawa nalar. Dene pekerti iku tumindak, pakarti, utawa prilaku. Jalma manungsa kang nduweni akal utawa nalar lumrahe duwe pakarti kang becik, tandukduke becik ngugemi angger-angger kang lumaku ing bebrayan masarakat lan nagara. Lumantar tembang Gambuh para siswa bisa nuladha lan ninthingi pakarti kang becik lan nyingkiri pakarti kang ala.

Ing wulangan iki, para siswa bakal nyinau sawernaning pakarti kang diandharake ing serat Wulangreh, mligine tembang Gambuh. Saliyane iku kagunan basa nut unggah-ungguhe, uga ora kari krana basa iku nuduhake kapribadene sing nggunakake. Nemokake piwulang luhur saka cakepan tembang Gambuh, lan nyritakake isine tetep dadi kegiatan pokok nyinau basa Jawa.

Peta Konsep



Ayo diwaca lan ditembangake teks tembang Gambuh ing ngisor iki!

TEMBANG GAMBUH (1)

Laras Pelog Pathet Nem

(Serat Wulangreh anggitané Sri Susuhunan Pakubuwono IV)

2 3 5 5 5 3 5 6

Se - kar - gam - buh ping ca - tur

6 5 3 2 2 3 5 5 3 5 6

Kang ci na - tur po lah kang ka - lan - tur

2 1 6 1 2 2 2 2 2 3 1 6 5

Tan - pa tu - tur ka - tu - la tu - la ka - ta li

1 2 2 2 3 1 2 3

Ka - da - lu - war - sa ka - tu - tuh

3 5 6 5 3 2 3 1 2

Ka - pa - tuh pan da - di a - won

Sawise maca lan nembang Gambuh ing ndhuwur, pengalaman apa sing kokrasakake, apa karepe tembang Gambuh kasebut? Pakarti apa kang diprayogakake kanggo patuladhan?

Sekar Gambuh pupuh kang kaping papat, sing bakal diandharake yaiku prilaku utawa tindak tanduk sing kurang trep, yaiku pakarti kang ora gelem nampa pitutur utawa

pituduh kautaman. Ing tembe bakal ndadekake rekasa, upama saya suwe saya ndadra tumindake, ora bisa dikendaleni, samangsa-mangsa ketanggor marang prekara kang abot, bakal nemu kapitunan, gela nembe ngerti yen mangkono iku ala.

A. Ngenani Macapat lan Tembang Gambuh

Ana panemu kang nyebutake yen macapat iku asal saka tembung macane papat-papat. Saka panemu iku banjur anggone nembang cakepane dipedhot papat-papat wanda. Satemene macapat iku salah sawijining seni maca, yaiku maca kang dilagokake. Pamedhotaning tembung ora kudu papat-papat nanging bisa uga satembung-satembung, tegese kudu rampung satembung luwih dhisik sadurunge medhot tembung kanggo unjal napas. Pamrihe supaya cetha apa tembung-tembung saka cakepan kang ditembangake sabanjure cetha uga apa kang dikarepake. Nanging ana maneh panemu liyane, yen tembang macapat iku diwaca kanthi limpad, tegese anggone nembangake nganggo swara kang las-lasane cetha kanthi limpad. Kabeh panemu ing dhuwur mau bisa dicakake kabeh minangka senine maca tembang macapat.

Kanjeng Susuhunan Pakubuwana IV Kanjeng
Susuhunan Pakubuwana IV miyos dina Kemis Wage jam 10

wengi, tanggal 18 Rabiul akhir, wuku Witugunung, windu Sengara tahun Je 1694, utawa tanggal 2 September 1768.

Pakubuwana IV iku putra Sinuhun Pakubuwana II, mijil saka garwa prameswari Kanjeng Ratu Kencana minangka putra kakung nomer 17. Nalika timure jejuluk Raden Mas Gusti Subadiyo, ngancik diwasa gumanti Gusti Pangeran Adipati Anom Amangkunegara Sudibyarajaputra Nendra Mataram.

Panjenengane winisuda dadi raja ing dina Senen Paing, tanggal 28 besar tahun Jimakir 1714, utawa tanggal 18 September 1788 misuwur kanthi asma Sinuwun Bagus. Saliyane Serat wulangreh, Pakubuwana IV uga nate nyerat Serat Wulang Sunu, nanging ora samisuwur Wulangreh. Saliyane seneng kasusastran Jawa uga seneng bab kesenian. Nate nyungging wayang purwa gagarag Kartasura sing ditengeri Kyai Pramuka. Seda ing tanggal 23 besar alip 1747 wuku Marakeh, windu Kuntara, utawa tanggal 1 Oktober 1820. Disarekake ing Imogori. Mangkat kanthi yuswa 52 tahun, sawise nglenggahi keprabon jroning 33 tahun.

Tembang Gambuh Serat Wulangreh iki dumadi saka 17 pada kang ngandharake salah sijine kaya cakepan ing ndhuwur. Tumindak kang ora jujur, menawa kebacut-bacut bakal gawe kojur lan ora becik, prayoga lurus pitutur kang bener. Pitutur bener iki pantes ditiru sanajan metu saka

wong papa cintraka. Sauger becik anggone mulang wuruk, tetep bae pantes ditrapake utawa dianggo.

Paugerane tembang Gambuh nut guru gatra, guru lagu, lan wilangane yaiku 5 gatra, gatra sepisan lan sateruse kanthi urutan-urutan 7u, 10u, 12i, 8u, 8o. Guru gatra yaiku nuduhake cacahing larikan/gatra saben satembang wutuh. Guru lagu iku nuduhake tibaning swara (dhong-dhing) ing saben pungkasan gatra, dene guru wilangan iku nuduhake cacahing wanda/wilangan (suku kata) saben larik.

Tembang Gambuh iku salah sijine tambang macapat kang duwe watak nggambarake kematengane jiwa, antarane cipta, rasa karsa lan karyane sing ngrumbaka kanthi apik. Watak tembang Gambuh yaiku menahi nasehat, pituah, lan piwulang kanggo wong urip sarta nggambarake kahanan seneng lan tansah atut runtut anggone paseduluran, Watak kasebut nggambarake yen manungsa kudu duwe watak sing becik, manungsa kudu waspada marang sadengah solah bawa anggone urip ana alam bebrayan kudu tansah eling lan waspada.

B. Negesi Tembung Ing Cakepan Tembang Gambuh

Ndulu cakepane tembang Gambuh ing ndhuwur, kurang luwih tegese bisa kaandharake kaya mangkene:

No.	Tembung	Tegese	Krama
1.	Catur	Papat	Sekawan
2.	Cinatur	Omongan, diomongake, diandharake	Dipunandharaken
3.	Polah	Tumindak, pakarti, prilaku	Tumindak, prilaku
4.	Kelantur	Kurang trep, ora becik,	Kirang trep, boten sae
5.	Tutur	Piwulang, pituduh	Piwulang, pitedah
6.	Katula-tula katali	Kahanan kang rekasa marga kabentus-bentus	Katula-tula katali
7.	Kadaluwarsa	Kebacut, kliwat, kebablasen	Kadaluwarsa
8.	Katutuh	Kadakwa krana kabukten salah, kaweleh	Katutuh
9.	Kapatuh	Akibat	Akibatipun
10.	Awon	Ala, elek	Awon

Kegiatan 1 Nemokake Tegese Tembung-tembung Ing Cakepan Tembang Gambuh 16 Pada Bacute.

Ing kegiatan iki para siswa bisa diskusi/rembugan klawan kelompok pasinaon, nyepakake basastra utawa ninthingi tembung-tembung kang ana lumantar ukara/cakepan kang wutuh satemah para siswa bisa mangira-ira tegese tembung kang dikarepake. Sawutuhe cakepan tembang Gambuh Serat Wulang Reh bisa diwaca ing ngisor iki!

Tugas 1

Golekana tegese tetembungan kang digunakake ing cakepan tembang Gambuh ing ngisor iki!

1. *Aja nganti kabanjur,
sabarang polah kang nora jujur,
yen kabanjur sayekti kojur tan becik,
becik ngupayaa iku,
pitutur ingkang sayektos.*
2. *Pitutur bener iku,
sayektine apantes tiniru,
nadyan metu saking wong sudra papeki,
lamun becik nggone muruk,
iku pantes sira anggo.*

3. *Ana pocapanipun,
adiguna adigang adigung,
pan adigang kidang adigung pan esthi,
adiguna ula iku,
telu pisan mati sampyoh.*

4. *Si kidang umbagipun,
angandelken kebat lumampatipun,
pan gajah ngandelaken geng ainggil,
ula ngandelaken iku,
mandine kalamun nyakot.*

5. *Iku upamanipun,
aja ngandelaken sira iku,
suteng nata iya sapa ingkang wani,
iku ambege wong digung,
ing wusana dadi asor.*

6. *Adiguna puniku,
ngandelaken kapinteranipun,
samubarang kabisan dipundheweki,
sapa pinter kaya ingsun,*

tuging prana nora injoh.

7. *Ambeg adigang iku,
ngandelaken ing kasuranipun,
para tantang candhala anyanayampahi,
tinemenan nora pecus,
satemah dadi guguyon.*

8. *Ing wong urip puniku,
aja nganggo ambeg kang tetelu,
anganggoa rereh ririh ngati-ati,
den kawangwang barang laku,
den waskitha solahing wong.*

9. *Dene katelu iku,
si kidang suka ing patinipun,
pan si gajah alena patinereki,
si ula ing patinipun,
ngandelken upase mandos.*

10. *Katelu nora patut,
yen tiniru mapan dadi luput,
titikane wong anom kurang wawadi,
bungah akeh wong anggunggung,*

wekasane kajalomprong.

11. *Yen wong anom puniku,
kakehan panggunggung dadi kumprung,
pengung bingung wekasane pan angoling,
yen dengunggung muncu-muncu,
kaya wudun meh mecothot.*

12. *Ing wong kang padha nggunggung,
pan sepele iku pamrihipun,
mung warege wadhuk kalimising lathi,
lan telesing gondhangipun,
ruruba alaning uwong.*

13. *Amrih pareka iku,
yen wus kanggep nuli gawe umuk,
pan wong akeh sayektine padha wedi,
tan wurung tanpa pisungsung,
adol sanggup sakehing wong.*

14. *Yen wong mangkono iku,
nora pantes cedhak mring wong agung,
nora wurung anuntun panggawe juti,*

*nanging ana pantesipun,
wong mangkono didhedhepok.*

15. *Aja kakehan sanggup,
durung weruh tuture angupruk,
tutur nempil panganggepe wruh pribadi,
pangrasane keh wong nggunggung,
kang wis weruh amalengos.*

16. *Aja nganggo sireku,
kalakuan kang mangkono iku,
datan wurung tinitenan dencireni,
mring pawong sanak sadulur,
nora nana kang pitados*

C. Mangsuli Pitakon Mawa Ragam Krama

**Sawise maca lan nembang Gambuh, nuli wangsulana
pitakon ing ngisor iki nggunakake ragam krama!**

1. Pakarti punapa kemawon ingkang pantes dipuntuladha
saking pupuh Gambuh?

Wangsulan :.....

2. Pakarti punapa ingkang kirang trep dipuntuladha
saking pupuh Gambuh?

Wangsulan :.....

3. Sinten ingkang nganggit tembang punika, andharaken sawetawis ingkang nganggit punika!

Wangsulan :.....

Punapa ingkang dipunwastani adigang, adigung, adiguna ing pada nomer 3?

Wangsulan :.....

4. Pamrayogi punapa kemawon amrih tindak tanduk kita saged dados sae nut tembang Gambuh punika?

Wangsulan :.....

Kegiatan 2 ngowahi teks tembang Gambuh saka ragam **Ngoko** dadi ragam **Krama**.

Ing perangan iki para siswa bakal ngrembug isen-isene tembang Gambuh. Saben kelompok saora-orane sapada, para siswa prelu nulisake wujud gancaran amrih gampang dimagerteni tegese. Sawise iku asiling rembugan bisa diijolake marang kelompok liya kanggo dithinthingi (dikoreksi), ngono sateruse dadi kabeh kelompok bisa nemokake maknane tembang Gambuh wutuh 17 pada.

Tugas 1

Ngowahi cakepan tembang Gambuh dadi gancaran (prosa) Kanggo mangerteni maknane tembang Gambuh saben pada, prelu diowahi dadi wujud gancaran. Krana maknane

antarane pada siji lan liyane ana gayutane, mula diprayogakake para siswa maca kabeh pada luwih dhisik. Kanthi mangkono luwih gamang lan bisa dikira-kira anggone ngowahi dadi gancaran. Aja lali disiyapake bausastra (kamus) Jawa.

Tugas 2

Ngowahi Teks Gancaran tembang Gambuh Dadi Ragam Krama

Saka asiling gawe gancaran tembang Gambuh, para siswa kudu ngrampungake wujud mbesut tulisan gancaran dadi ukara lan pada kang luwes. Sawise iku owahana nggunakake ragam krama.

D. Nyritakake Isine Tembang Gambuh

Nyritakake isine tembang Gambuh saben pada sawise diowahi dadi gancaran mesthine luwih gampang. Para siswa kari ngandharake ana ing ngarep kelas. Asiling rembugan bisa oleh panyaruwe lan pamrayoga saka kelompok liya nalika diandharake.

Anggone ngandharake isine tembang becik nggunakake ragam krama, ngiras pantes kanggo nggladhi kapitayane abasa krama ing ngarepe wong akeh (siswa). unggah-ungguh basa nyata bakal dadi pandom kang nuduhake becik lan alane budi pekerti siswa.

Tugas 3

Ngandharake isine tembang Gambuh mawa ragam krama

E. Nemokake Piwulang Luhur Saka Teks tembang Gambuh

Piwulang luhur bisa digunakake kanggo tuladha kang becik tumrap pribadi utawa bebrayan agung masyarakat. Budi pekerti bisa digladhi kanthi sinau ing sekolah, omah, utawa ing lingkungan masarakat. Para siswa bisa njingglengi lan nandhingake sapa-sapa ing sakiwa tengene para siswa kang duwe budi pekerti apik lan ala. Sabanjure njumbuhake pakarti-pakarti kasebut klawan isine tembang Gambuh. Sawise bisa gawe dudutan bab kasebut, tegese para siswa bisa nemokake piwulang luhur kang bisa kanggo pandom (pedoman) tumindak saben dinane.

Tugas 4

Nemokake Piwulang Luhur Saka Teks Tembang Gambuh.

Para siswa cukup nggatekake andharan saben kelompok ngenani isine tembang Gambuh. Sawise iku gaweya dudutan anane budi pekerti kang bisa dituladha.

Mesthine para siswa bakal nuladha utawa milih budi pekerti kang becik saka kabehing andharan kelompok. Dene bukdi pekerti kang kurang becik digunakake kanggo

kaca benggala amrih aja nganti salah pilih lan salah tumindak.

Tugas 5

Gaweya Dudutan Ngenani Pakarti Kang Becik Saka Isine Tembang Gambuh.

Laporna marang bapak/ibu guru wujud tulisan kanthi kebak tanggung jawab lan mituhu marang dhawuhe guru ngenani pakarti kang becik ditindakake saka tuladha ing tembang Gambuh. Gunakna basa kang trep kanggo nuduhake unggah-ungguh lan budi pekertimu kang becik.

Refleksi

Sawise nyinau babagan tembang Gambuh, para siswa bisa nduweni pambiji kang becik ngenani basa lan kabudayan Jawa. Anane teks tembang Gambuh kang gegayutan karo budi pekertine manungsa bisa digunakake kanggo pandom tumindak padinan. Jawa nyata adiluhung, nduweni teks tembang kanggo nuntun manungsa tumindak becik. Puja lan puji syukur marang Gusti Kang Kawasa nitahake para siswa dadi wong Jawa. Para siswa uga bisa nindakake kegiyatan pasinaon kanthi jujur, disiplin, greget lan tekad kang gedhe, sarta tanggung jawab marang tugas-tugase.

Ringkesan

Saka andharan wulangan 2 ngenani tembang Gambuh iki bisa dijupuk dudutan kang wigati ing antarane yaiku:

1. Sinau budi pekerti bisa lumantar teks tembang Gambuh anggitane pujangga misuwur.
2. Tembang Gambuh ing serat Wulang Reh kaperang dadi 17 pada kang mbabar tuladha lan tuntunan budi pekerti kanggo para kawula.
3. Serat Wulang Reh iku anggitane Kanjeng Susuhunan Pakubuwana IV. Panjenengane miyos dina Kemis Wage 18 Rabiul akhir tahun Je 1694, utawa tanggal 2 September 1768 saka Sinuhun Pakubuwana II lan garwa prameswari Kanjeng Ratu Kencana. Timure jejuluk Raden Mas Gusti Subadiyo, ngancik diwasa gumanti Gusti Pangeran Adipati Anom Amangkunegara Sudibyarajaputra Nendra Mataram. Winisuda dadi raja 28 besar tahun Jimakir 1714, utawa tanggal 18 September 1788. Saliyane Serat wulangreh, uga nate nyerat Serat Wulang Sunu. Seda 23 besar alip 1747, utawa tanggal 1 Oktober 1820.
4. Tembang Gambuh duwe paugerane guru gatra, guru lagu, lan wilangane yaiku 5 gatra; 7u, 10u, 12i, 8u, 8o. Guru gatra yaiku nuduhake cacahing larikan/gatra saben satembang wutuh. Guru lagu iku nuduhake

tibaning swara (dhong-dhing) ing saben pungkasan gatra, dene guru wilangan iku nuduhake cacahing wanda/wilangan (suku kata) saben larik.

5. Ngandharake isine tembang becik ngugemi unggah-ungguh basa kanggo nuduhake budi pekerti lan tumindak kang becik.
6. Piwulang luhur saka isine tembang banget perlu dimangerteni amrih saben-saben siswa nduweni budi pekerti kang becik dinane iki lan salawase mengko.

EVALUASI WULANGAN 2

- A. Pilihlah salah siji jawaban kang kokanggep paling bener kanthi menahi tandha ping (x) ing aksara a, b, c, utawa d.

Ana pocapanipun

Adiguna adigang adigung

Pan adigang kidang adigung pan esthi

Adiguna ula iku

Telu pisan mati sampyoh

1. Unen-unen adigang adigung lan adiguna kacetha ing teks tembang Gambuh kasebut. Adigang dipindhakake kewan kidang, tegese
 - a. Adigang iku wong kang playune cepet kaya kidang.
 - b. Adigang iku wong kang trengginas, cukat, wasis kaya kidang.
 - c. Adigang iku wong cilik kang gampang dadi mangsane wong gedhe.
 - d. Adigang iku wong cilik nanging nduweni playu kang cepet.
2. *Adigung pan esthi*. Esthi iku basa kramane kewan
 - a. Sapi
 - b. Kebo
 - c. Jaran
 - d. Gajah

3. Adigung iku wong kang ngendel-endelake
 - a. Kapinterane
 - b. Kekuwaasane
 - c. Kekuwatane
 - d. Gedhe omongane
4. *Adiguna ula iku*. Adiguna dipindhakake kewan ula kanggo nuduhake kuwasane. Pralambang kuwasa saka ula yaiku anane
 - a. Untu siung
 - b. Sembur wisa
 - c. Pethit
 - d. Badane kang dawa
5. *Telu pisan mati sampyoh*. Tembung mati sampyoh iku karepe
 - a. Mati kabeh utawa bebarengan.
 - b. Mati jalaran tukar padu kewan cacah telu
 - c. Mati ngenes krana ora nemu mangsan
 - d. Mati jalaran sesumbare omongane dhewe
6. Piwulang luhur kang bisa dijupuk saka pethikan tembang Gambuh ing ndhuwur yaiku
 - a. Dadi wong iku kudu bisa niru laku-lakune kewan
 - b. Dadi wong iku aja tiru laku-lakuning kewan
 - c. Dadi wong iku aja adigang adigung adiguna
 - d. Kewan sing pantes ditiru iku ana telu
7. Serat Wulang Reh kanggit dening
 - a. Sri Sulan Hamengku Buwana IV
 - b. Sri Susuhunan Mangkunegara IV
 - c. Sri Paku Alam IV

d. Sri Susuhunan Paku Buwana IV

8. *Pan adigang kidang adigung pan esthi*. Pethikan gatra tembang Gambuh iku nduweni guru wilangan lan lagu

- a. 10 i
- b. 11 i
- c. 12 i
- d. 13 i

9. Tembang Gambuh ing serat Wulang Reh dumadi saka ... pada.

- a. 17
- b. 16
- c. 15
- d. 14

10. *Tumindak kang ora jujur, menawa kebacut-bacut bakal gawe kojur lan ora becik*. Ukara kasebut kramane

- a. Lelaku kang boten sae, menawa kebanjur-banjur bakal gawe kojur lan boten sae.
- b. Tumindak ingkang boten jujur, menawi kalajeng-lajeng bakal damel kojur lan boten sae.
- c. Pakarti ingkang sae lan jujur, menawi kalajeng-lajeng bakal damel kojur boten sae.
- d. Tumindak ingkang jujur, menawi kalajeng-lajeng mesthi dados kojur lan boten sae.

B. Wangsulana pitakon ing ngisor iki kanthi patitis!

Aja nganti kebanjur

Barang polah ingkang nora jujur

Yen kebanjur sayekti kojur tan becik

Becik ngupaya iku

Pitutur ingkang sayektos

1. Jelasna tegese tembung-tembung kang ana tembang Gambuh ngisor iki!
 - a. Sayekti
 - b. Ngupaya
 - c. Pitutur
2. Jelasna tegese/isine tembang Gambuh kasebut!
3. Piwulang apa kang ana sajroning tembang Gambuh kasebut!
4. Wacanen teks tembang Gambuh iki, banjur gawenen gancaran kang mathuk!

Ing wong urip puniku

Aja nganggo ambek kang tetelu

Anganggowa rereh ririh ngati-ati

Den kawangwang barang laku

Kang waskitha solahing wong

5. Pakarti apa kang didhawuhake panganggit saka tembang kasebut (no. 4)!

Pambiji Diri Pribadi

Sawise nyinau ngenani tembang Gambuh ing wulangan 2, wenehana tandha centhang (√) manut kolom kang disiyapake!

No.	Perangan kang dibiji	Mampu	Ora mampu
1.	Ngugem wewaler abasa Jawa minangka nugraha Gusti Kang Maha Tunggal		
2.	Nuduhake rasa syukur anane basa Jawa minangka nugraha Gusti Kang Maha Tunggal		
3.	Nuduhake rasa syukur anane tembang Macapat Gambuh minangka nugraha Gusti Kang Maha Tunggal		
4.	Tumanggape becik tumrap basa Jawa, mligine tembang Macapat Gambuh katitik bisa nembangake lan ndhudhah isine		
5.	Nemokake piwulang luhur saka tembang Gambuh		
6.	Negesi tetembungan kang ana teks tembang Gambuh		

7.	Ngandharake isine tembang Gambuh mawa ragam krama		
----	---	--	--

Studi Kasus

Nalika para siswa nembang, diwawas swarane kurang cetha, kurang trep klawan titi larase, lan kurang ngresepni maknane.

Manut panemumu, apa sing kudu digatekake lan ditindakake nalika nembangke Macapat Gambuh, amrih para siswa bisa mahanani maknane tembang?

BAB III

WULANGAN 3 PRASTAWA

Tujuan pembelajaran:


Setelah mengikuti pembelajaran diharapkan siswa mampu:

1. Membaca berita dengan lafal dan intonasi dengan baik.
2. Membedakan jenis-jenis membaca.
3. Menjelaskan isi berita yang dibaca.
4. Menjawab pertanyaan dengan ragam krama.
5. Menulis berita.

Apa kang diarani prastawa iku? Prastawa iku kedadayan tumrap apa bae, nanging ing gancaran (teks) berita lumrahe prastawa iku samubarang kang bisa diandharake ing giyanan berita njupuk saka kedadayan-kedadayan kang ana ing sakiwa tengene dhewe utawa anjrah tumeka sadhengah papan. Lumrahe prastawa kang diandharake yaiku kacilakan, bencana saka alam, kobongan, kadurjanan, upacara adat, lsp. Kabeh-kabeh iku diandharake mengku tujuwan bisa dimangerteni sapa bae amrih bisa dadi piwulang kang migunani.

Ing wulangan iki, para siswa bakal nyinau carane maca kanthi mahanani isine teks berita. Kanthi mangkono siswa ngerti penting lan orane sawijining prastawa iku diandharake. Saliyane iku para siswa kudu bisa methik gagasan pokok berita kanggo nemtokake sawijining prastawa iku bisa dibabar lan digiyarake dadi berita. Cekake, para siswa ora mung cukup kulina nonton siaran berita nanging uga bisa nulis berita.

PETA KONSEP



Ayo diwaca lan dijingglengi teks berita ing ngisor iki!

LONGSOR ING BANJARNEGARA, PULUHAN WONG NEMAHI TIWAS

BANJARNEGARA. Upaya menahi pitulungan lan nemokake korban lemah longsor ing Banjarnegara terus ditindakake tim pencari gabungan ing papan kedadeyan Dusun Jemblung, Desa Sampang, Kecamatan Karang Kobar, Kabupaten Banjarnegara, Provinsi Jawa Tengah, Sabtu (13/12).

Saora-orane wis ana wong 12 kang ditemokake ing kahanan tiwas dening tim gabungan kang dumadi saka personel TNI, Polri, Basarnas, Palang Merah Indonesia, lan Badan Nasional Penanggulangan Bencana (BNPB).

Para petugas rekasa banget anggone *ngevakuasi* korban krana kahanane dusun Jemblung wujud lemah lempug/lincat. Nalika kena banyu udan dadi lunyu, ambles, lan gampang longsor kang gawe ribet anggone tumandang gawe. Kepala Pusat Data Informasi dan Humas BNPB, Sutopo Purwo Nugroho, ngandharake saperangan alat-alat berat banget dibutuhake kanggo mbukak dalan kang ketutup longsor.

Longsor kang dumadi gawe pedhote laku dalan saka Banjarnegara tumuju Dieng lan uga suwalike. Saliyane iku,

kendaraan-kendaraan kang ngliwati dalan iku nalika kedadeyan uga kependhem lemah longsor. Tim evakuasi nemokake mikrobus lan para penumpang.

Komandan Kodim 0704 Banjarnegara, Letnan Kolonel Edi Rohmatulloh, nyatakake menawa jembare wilayah kang kena bencana ngancik 10 hektare, bab iki uga ndadekake tambah ruwete anggone nangani. Manut ngendikane, cacahing korban tiwas kang wis kasil ditemokake ana 12. Saka cacah kasebut, ana 7 kang kasil dipesthekake jati dhirine. Dene wargi kang durung ditemokake ana kurang luwih 100 wong. “Data kang ana, nyebutake ana 300 wong kang manggon ing papan iki. Korban kang slamet 200, liyane mbokmenawa kekubur longsor. Para petugas terus mbudidaya nemokake para korban kasebut,” ngendikane Dandim.

Korban kang amung tatu-tatu dirumat ing Rumah Sakit Umum Daerah Banjarnegara. Saliyane padha ngungsi menyang dhusun-dhusun sakiwa tengene.

Udan Deres

Johan, salah sijining wargi Jemblung kang slamet saka longsor, nyatakake menawa udan deres banget ing Dhusun Jemblung nganti sejam luwih ing dina Jumat (12/12) sore. Sajam candhake Punthuk Telaga Lele longsor. Punthuk kang

dhuwure 400 meteran iku langsung ngurugi dhusun lan dalam gedhe kang ngubungake Banjarnegara lan Dieng.

“Sawise dumadi longsor, para wargi pating jlerit njaluk tulung. Nanging, tim evakuasi ora bisa tumindak apa-apa jalaran wektu wengi kang peteng ndhedhet lan aliran listrik pedhot,” ujare Johan marang BBC Indonesia.

Data BNPB nuduhake menawa longsor Banjarnegara ora mung nuwuhake korban tiwas, nanging uga ngurugi omah cacah 105.

Dijupuk lan dibesut kanthi owah-owahan bebas saka

http://www.bbc.co.uk/indonesia/berita_indonesia/2014/12/141213_indonesia_longsor_banjarnegara

Sawise maca berita ngenani prastawa lemah longsor ing Banjarnegara ing ndhuwur, para siswa mesthine tuwuh pikiran lan rasa melas marang para korban. Banjur apa kang kudu ditindakake?

Gegandhengan teks wacan kasebut mujudake sawijining prastawa kang ngedab-edabi, nuwuhake korban bandha donya lan nyawa, kang dibabar wujud berita, para siswa tuwuh pitakonan apa bae?

Kanthi dhasar pitakonan iku para siswa bisa nemokake jawaban kabar sanyatane kang dumadi ing prastawa kasebut. Pitakonane mesthine tumuju marang prastawane,

tegeše bab-bab kang wigati saka kedadeyan iku perlu dimangerteni ora mung cukup mangerteni kabar lan cacahing korban bae.

Kepriye mungguh berita iku bisa dibabar, mesthine ana petugas kang pegaweyane nggolek sumber berita utawa juru wicara lan seksi kang mangerteni kedadeyan kanggo dijaluki katrangan.

A. Ngenani Berita lan Jinis-Jinise Maca

1. Berita

Berita yaiku kabar utawa warta bab samubarang sing lagi utawa mentas dumadi lan dibiwarakake lumantar medhia cetak, audio, internet, utawa saka lisan marang wong akeh.

Berita didhapuk saora-orane nyukupi perangan 5W + 1 H kang isine *what* (apa) kang diberitakake, *who* (sapa) paraga kang dadi sumber berita utawa kang dadi punjering berita, *when* (kapan) prastawane dumadi, *where* (ing ngendi) prastawa iku dumadi, *why* (kena apa) prelu diberitakake lan kena apa prastawa iku bisa dumadi, *how* (kepriye) kahanane kang diberitakake.

Struktur berita wujudé yaiku irah-irahan (*headline*), larik tanggal (*date line*), teras berita (*lead/intro*), lan surasa/isi berita.

Saka katrangan kasebut para siswa bisa nyebutake utawa mangsuli pitakon ing ngisor iki lelandhesan kepengin ngonceki isine berita saka dhapukan berita ing ndhuwur.

Kegiatan 1 Nemokake Perangan Berita Adhedhasar Pitakonan.

Ing kegiyatan iki, para siswa diajab bisa nlesih kedadeyan anane lemah longsor ing Banjarnegara, saupama prastawane iku durung diberitakake, utawa mangsuli pitakon ing ngisor iki adhedhasar teks berita kasebut.

Tugas 1

Wangsulana Pitakonan Ing Ngisor Iki Adhedhasar Teks Berita Longsor Ing Banjarnegara

1. Prastawa kang diberitakake ing teks kasebut?
2. Ana ngendi prastawa kasebut dumadi?
3. Kapan prastawa kasebut dumadi?
4. Sapa lan pira kang dadi korbane?
5. Apa kang nyebabake prastawa kasebut dumadi?
6. Kepriye kahanane para korban prastawa kasebut?
7. Sapa kang tanggung jawab nangani prastawa kasebut?

8. Apa bae kang ditindakake petugas kanggo aweh pitulungan?
9. Apa bae akibat kang tuwuh saka prastawa kasebut?
10. Kepriye rencanane para petugas kanggo nangani para korban?

2. Jinis-Jinise Maca

Maca mujudake sajining kegiatan kang ditindakake pamaos kanggo nemokake kabar/wawasan saka panulis kang diandharake lumantar ukara-ukarane. Ancas lan tujuwane maca nemokake kabar/gagasan kang nyakup isi lan maknane wacan.

Miturut Aminuddin (2002: 17), ana pitung jinis-jinise maca yaiku maca kritis, maca cepet, maca teknik, maca batin, maca basa, maca seni, lan maca kreatif. Maca kritis ditindakake kanthi wicaksana, kebak pangerten, mahanani kanthi tumemen, tliti, nanging ora amung golek kesalahane wacan. Maca cepet ditindakake kanthi cepet, wektune winates kanggo mangerteni isine wacan. Maca Teknik ditindakake kanthi swara sora nut kedhaling lathi, intonasi, irama kang slaras karo gagasane wacan. Maca basa ditindakake kanthi tujuwan ngundhakake kuwasisan nguwasani tembung, ukara, purwakanthi, lan liya-liyane. Maca seni kanthi endah,

greget, lumrahe kanggo maca teks sastra. Maca Kreatif ditindakake kanthi tujuwan-tujuwan tartamtu. Maca kreatif lumrahe kudu mangerteni gagasan-gagasan bakune wacan.

Kegiatan 2:

Maca teks berita kanthi nggunakake teknik kaya kang ditindakake para pamaos siaran berita ing televisi/radhio.

Ing kegiatan iki, para siswa diajab bisa nindakake pakaryan maca teks berita kayadene kang ditindakake para pamos berita ing televisi utawa radhio. Temtu nggunakake teknik, swara kang cetha, intonasine apik, gagasan bakune berita bisa dimangerteni para pamirenge, lan senine maca uga kawistara. Satemah para siswa liyane bisa nyimak kanthi sengsem lan semangat nemokake kabar-kabar kang diwaca.

Tugas 1

Maca teks berita kanthi maca teknik, seni, kreatif, lan swara kang sora wacanen teks berita ing ngisor iki kanthi teknik, seni, kreatif, lan kritis lan swara kang sora!

BADAN PESAWAT AIR ASIA DITEMOKAKE

Kepala Badan SAR Nasional Marsekal Madya F Henry Bambang Soelistyo ngandharake menawa badan pesawat AirAsia QZ8501 kang tiba ing Selat Karimata, celak Pangkalan Bun, Kotawaringin Barat, Kalimantan Tengah, kasil ditemokake ing dina Rebo (14/1/2015).

Perangan badan pesawat lan swiwine isi tumempel,” ngendikane Soelistyo ing Kantor Pusat Basarnas, Kemayoran, Jakarta, Rebo sore.

Panejengane njelentrehake menawa sing nemokake badan pesawat kasebut kapal Angkatan Laut saka Singapura nalika tabuh 15.05 WIB. Papan ditemokake badan pesawat kasebut adohe kira-kira 3.000 meter saka panggonan ditemokake buntut pesawat, lan 800 meter saka panggonan kotak hitam perekam data abure pesawat utawa *flight data recorder* (FDR).

Soelistyo mesthekake menawa badan pesawat kanthi ukuran 30 x 10 x 3 meter iki mujudake badan AirAsia QZ8501. Sadurunge, tim penyelam TNI Angkatan Laut kasil nemokake lan ngentas kotak hitam pesawat AirAsia QZ8501 cacah loro. Tim TNI AL isih terus mbudidaya nggoleki korban penumpang kang durung ketemu.

Tim penyelam kasil ngentasake rekaman wawan guneme pilot ing kopkit nuli digawa menyang KRI Banda Aceh, ujure punggawa kang ora kersa disebutake asmane. Sawetara iku, Kepala Komite Nasional Keselamatan Transportasi KNKT Tatang Kurniadi ngandharake Indonesia bakal madnhegani prosese panaliten kanggo mangerteni isine rekaman ing FDR, nanging uga ngajak

sawetara negara kanggo awèh iguh pratikel kang diperlokake, kayata Singapura, Korea Selatan, Inggris, AS lan Prancis.

Tugas 2

Nemokake gagasan baku berita

Golekana gagasan bakune teks berita kang mentas kokwaca!

B. Mangsuli Pitakon Mawa Ragam Krama

Sawise maca lan mangerteni isine berita ing ndhuwur, nuli wangsulana pitakon ing ngisor iki nggunakake ragam krama!

1. Kapan badan pesawat Air Asia ditemokake?
2. Ana ngendi badan pesawat Air Asia ditemokake?
3. Sapa kang kasil nemokake badan pesawat Air Asia?
4. Pira adohe papan ditemokake bada pesawat saka papan ditemokake buntut lan kotak hitam?
5. Apa kang diandharake Kepala Basarnas sawise badan pesawat kasil ditemokake?

Kegiatan 2:

Njlentrehake gagasan baku berita nganggo basa krama

Ing perangan iki para siswa bakal gladhen nemokake gagasan-gagasan bakune teks berita kang diaca. Saka kono, banjur diandharake ing

ngarep kelas nggunakake basa Krama. Para siswa ing kelompok liya nyimak lan aweh panyaruwe tumrap andharan kelompok kang maju. Tindakna kanthi rasa ikhlas lan tanggung jawa ngayahi kuwajiban.

K-13 DIENDHEG

Menteri Pendidikan dan Kebudayaan Anies Baswedan paring dhawuh amrih sekolah kang durung nggunakake Kurikulum 2013 jroning 3 semester bali nganggo Kurikulum 2006. Wondene sekolah sing wus mlaku 3 semester diajab tetep nggunakake kurikulum anyar kasebut sinambi nunggu asiling evaluasi saka kang kawogan.

"Kanthi tetimbangane tim evaluasi implementasi kurikulum, mula Kurikulum 2013 disigeg," ngendikane Anies marang pewarta, Jumat (5/12/2014).

Anies ngandharake menawa saiki ana 6.221 sekolah sing nggunakake Kurikulum 2013 jroning telung semester. "Sekolah kasebut bakal dadi conto tumrap sekolah kang durung siyap," jlentrehe Anies.

Mantan Rektor Universitas Paramadina iku nyatakake menawa lumakune Kurikulum 2013 dinuga kemrungsung. Anies uga ngajab sawise mengko kasil dievaluasi, supaya dicakake salangkah-salangkah. Sekolah kang dadi conto samengko uga dadi modhel lumakune Kurikulum 2013 slaras karo kahanane sekolah-sekolah liyane.

Kurikulum 2013 wus dicakake ing 6.221 sekolah kawitan Tahun Pelajaran 2013/2014 lan serentak ing kabeh sekolah sa-Indonesia ing Tahun Pelajaran 2014/2015.

Kamangka, Peraturan Menteri nomor 159 Tahun 2014 ngenani evaluasi Kurikulum 2013 nembe dibabar tanggal 14 Oktober 2014, yaiku telung wulan sawise Kurikulum 2013 dicakake sa-Indonesia.

Wakil Presiden tahun 2009-2014, Boediono, ora sarujuk menawa kurikulum 2013 kudu diowahi. Manut Boediono, kurikulum kasebut amung butuh disampurnakake ora ngandi diendheg lumakune.

"Kurikulum 2013 iku isine apik, iku tantangan tumrap siswa lan guru kanggo ngasilake pamulangan kang becik. Dakajab tetep dibacutake, sing perlu diowahi ya diowahi, lan disiyapake kanthi becik," ngendikane Boediono sawise ngestreni babaran buku "Sisi Lain Istana 2" ing Bentara Budaya Jakarta, Selasa (9/12/2014).

Sumber berita: kompasiana.com kanthi jarwan bebas

Tugas 1

Ngandharake gagasan bakune berita kang diwaca nggunakake basa krama.

Andharna asiling rembugan kelompokmu ngenani gagasan baku berita kang kokwaca mawa basa krama.

C. Nyritakake Isine berita

Nyritakake isine berita cukup kanthi ngrakit ukara saka asilinging nemokake gagasan-gagasan baku saben pada ing teks berita. Para siswa gawe dudutan

(simpulan) saka kabeh gagasan baku kasebut dadi ukara kang luwes, trep, lan jangkep karo kekeparepane berita.

Anggone ngandharake isine berita becik nggunakake ragam krama, ngiras pantes kanggo nggladhi kapitayane abasa krama ing ngarepe wong akeh (siswa). Unggah-ungguh basa nyata bakal dadi pandom kang nuduhake becik lan alane budi pekerti siswa.

Tugas 2

Ngandharake isine berita mawa ragam krama
Andharna isine berita kang mentas kokwaca kang irah-irahane k-13 diendheg

D. Nulis Berita

Kapitayan nulis pancen diwawas paling angle tinimbang ketrampilan basa liyane yaiku ngrungokake, micara, lan maca. Sadurunge nulis berita, para siswa kudu mangerteni luwih dhisik prastawa utawa bab kang bakal ditulis, golek sumber data kang cukup lan bener (otentik), gambar-gambar prastawa kanggo nyengkuyung isine berita, nakokake urutaning prastawa marang saksi kunci (narasumber), lan data liyane kang diperlokake. Cekake, para siswa gladhen dadi wartawan. Wartawan yaiku wong kang pegaweyane utama golek, nulis, lan nglaporake prastawa wujud berita ing media.

Carane nulis berita ora beda kaya nulis gancaran utawa karangan, nanging yen berita ditulis adhedhasar kasunyatan utawa prastawa samesthine, ora kena dikarang utawa digawe-gawe. Teks berita dibutuhake tanggung jawab penulis marang kasunyatan lan bener lupute katrangan kang diandharake. Mula anggone nulis kebak kawigaten lan pengati-ati, aja nganti nuwuhake panyaruwe kang gawe wirang malah kepara tumeka pengadilan.

Bab kang perlu digatekake nalika nulis berita sejene kang diandharake ing dhuwur, penulis perlu:

1. Nemtokake tema utawa gagasan baku saka prastawa kang arep diberitakake. Upamane saka prastawa kacilakan pesawat, penulis amung ngandharake saperangan ngenani sebab-sebab dumadine prastawa, utawa urutan-urutan kedadeyan kacilakan. Bab iki kanthi tetimbangan masarakat saiki seneng maca berita kang cekak aos, cepet rampung, lan ngerti isine berita. Berita kang ditulis pepak nanging ora diwatesi tema/gagasan bakune prastawa malah ndadekake pamaos bosen maca, wegah maca, lan nganggep yen berita iku dadi ora perlu diwaca.
2. Ngrakit ukara kang ringkes, padhet, lan gamblang. Bab iki ndadekake sing maca sengsem lan kepingin

mangerteni berita-berita liyane kang gegayutan karo prastawa kasebut. Ukara kang ngambra-ambra ora disenengi pamaos, yen nganti ditinggal pamaos, kapitunan gedhe tumrap wartawan lan media kang macak berita kasebut.

3. Nyingkiri ukara-ukara kang gawe pitenah utawa kapitunan pihak kang diberitakake. Sejene ngucemake jenenge sumber berita uga nerak undang-undang. Mula nulis kebak pengati-ati
4. Masang gambar panyengkuyung saka asiling motret dhewe, ora kena “nyolong” gambar saka internet utawa gambare wong liya, kejaba wus oleh idi palilah kang duwe gambar. Gambar kang dipasang ora kena gawe miris, kuceme jeneng sumber berita, lan gambar lekoh (asusila).

Kegiatan 3:

Nulis berita adhedhasar gambar prastawa tartamtu

Ing perangan iki para siswa bakal gladhen nulis berita nggunakake gambar prastawa kang dibabar ing ngisor iki. Para siswa diparengake “ngarang” krana iki amung kanggo gladhen. Klebu bab-bab kang dibutuhake kanggo nyengkuyung tulisan. Upamane narasumber, panemune saksi, lsp. Sejene iku para siswa kanthi bimbingan Bapak/Ibu Guru, bisa sinau

sajabaning kelas, tumuju marang papan tinamtu kang ana prastawa utawa bab kang bisa ditulis dadi berita. Ing kono para siswa cetha gladhen dadi wartawan langsung.

Tugas 1

Adhedhsar gambar ing ngisor iki, dadekna naskah berita kang cekak aos, ringkes lan padhet!



Tugas 2

Nulis berita langsung saka papan sumber berita.

Laporna wujud berita kanthi jangkep, cekak aos, nanging ringkes lan padhet saka prastawa utawa papan sumber berita kang dipilih dening Bapak/Ibu Guru!

Tugas 3

Jingglengana sawijining siyaran berita ing televisi, sokur-sokur siyaran berita abasa Jawa, catheten isine berita manut kolom ing ngisor iki!

Berita kang disimak bebas, sauger nyukupi syarat-syarat berita. Dudu teks “mlaku (*running text*)” lan dudu kabar selebritis.

LAPORAN NULIS ISINE BERITA

No.	Kegiatan	Asiling Ngamati Siyaran Berita
1.	Judul berita	
2.	Papan sumber berita	
3.	Televisi kang nyiarake	
4.	Wektune siyaran (tgl & jam)	
5.	Tanggal dumadine prastawa	
6.	Isine berita	1. 2. 3. 4. 5. 6. Lst.

Laporna marang bapak/ibu guru asiling ngamati siyaran berita ing televisi kanthi kebak tanggung jawab lan mituhu marang dhawuhe guru. Gunakna basa kang trep kanggo nuduhake unggah-ungguh lan budi pekertimu kang becik.

Refleksi

Sawise nyinau babagan teks berita, para siswa bisa nduweni pambiji kang becik ngenani basa Jawa. Anane teks berita saka prastawa tartamtu bisa digunakake kanggo kaca benggala panguripan padinan. Ing natarane yaiku abote sanggan lan tanggung jawabe pegaweyane wartawan, prastawa kang diberitakake bisa kanggo mulat, menawa awake dhewe kang dadi sumber beritane. Puja lan puji syukur marang Gusti Kang Kawasa paring nugraha apa bae, muga-muga didohake saka prastawa-prastawa kang nggegirisi, mutawatiri, lan nyilakani. Para siswa uga bisa nindakake kegiyatan pasinaon kanthi jujur, disiplin, greget lan tekad kang gedhe, sarta tanggung jawab marang tugas-tugase.

Ringkesan

Saka andharan wulangan 3 ngenani teks berita iki bisa dijupuk dudutan kang wigati ing antarane yaiku:

1. Prastawa kang dumadi ing salumahing bumi, dinane iki mesthi bisa dimangerteni saka siyaran berita ing

media cithak lan elektronik krana kemajuwan teknologi.

2. Berita kang becik dibabar kanthi tetimbangan ukara kang cekak aos, ringkes, padhet, otentik (nyata), amrih para maos bisa sengsem lan kepengin mangerteni berita-berita bacute.
3. Maca berita diperang dadi pitu werna yaiku maca kritis, maca cepet, maca teknik, maca batin, maca basa, maca seni, lan maca kreatif.
4. Nemokake isine berita bisa diudi kanthi cara nemokake gagasan-gagasan bakune, sateruse gagasan baku diracik dadi ukara kang luwes kanggo dudutan ngenani isine berita.
5. Ngandharake isine berita becik ngugemi unggah-ungguh basa kanggo nuduhake budi pekerti lan tumindak kang becik.
6. Nulis berita, ora beda kaya nulis gancaran, nanging kudu adhedhasar kasunyatan lan ngugemi aturan nulis berita.
7. Njingglengi siyaran berita ing televisi bisa nudhakake kawruh, wawasan, lan mangerti botrepote dadi wartawan lan nggedhekake rasa peduli marang pepadha saka saben prastawa kang dialami dening sumber berita.

EVALUASI WULANGAN 3

- A. Pilihèn salah siji jawaban kang kokanggep paling bener kanthi menehi tandha ping (x) ing aksara a, b, c, utawa d.

Kepala Badan SAR Nasional Marsekal Madya F Henry Bambang Soelistyo ngandharake menawa badan pesawat AirAsia QZ8501 kang tiba ing Selat Karimata, celak Pangkalan Bun, Kotawaringin Barat, Kalimantan Tengah, kasil ditemokake ing dina Rebo (14/1/2015).

1. Manut gagasan bakune pethikan teks berita ing ndhuwur, nuduhake menawa kepala Basarnas minangka ...
 - a. Pihak kang tanggung jawab ilange pesawat Air Asia QZ8501
 - b. Pihak kang gawe ilange pesawat Air Asia QZ8501
 - c. Pihak kang tanggung jawab nggoleki ilange pesawat Air Asia QZ8501
 - d. Pihak kang nyebabake pesawat Air Asia QZ8501 ilang
2. Saka pethikan teks berita kasebut, kang dadi gagasan bakune yaiku ...
 - a. Papan tibane pesawat Air Asia QZ8501 ing Selat Karimata
 - b. Kepala Basarnas ngandharake ilanenge pesawat Air Asia QZ8501
 - c. Ilange pesawat Air Asia QZ8501 ing Selat Karimata

- d. saperangan badane pesawat Air Asia QZ8501 kasil ditemokake
3. Data paling pokok saka ditemokake badan pesawat Air Asia QZ8501 ing pethikan berita kasebut yaiku
- Papan panggonane ditemokake
 - Wektune ditemokake
 - Pihak kang kasil nemokake
 - Jinise pesawat kang ditemokake
4. SAR iku cekakan saka tembung search and rescue kang nduweni tanggung jawab
- Tetung tumrap korban bencana alam
 - Tetung nggoleki pesawat ilang ing laut
 - Tetung korban lemah longsor
 - Tetung kulawargi korban bencana alam
5. Kepala Badan SAR Nasional apangkat Marsekal Madya, pangkat kasebut tumrap jenderal bintang 2 ing Tentara Nasional Indonesia utamane angkatan
- Laut
 - Darat
 - Udara
 - Kepolisian
6. Tumrap penyiar berita televisi/radhio anggone maca berita klebu jinising maca
- Seni
 - Batin
 - Teknik
 - Kritis

7. Berita ditulis kanthi ukara kang cekak aos lan basa kang gamblang. Bab iku mengku tujuwan
 - a. Beritane cepet rampung diwaca
 - b. Wartawane ora kesuwen anggone nulis
 - c. Gawe sengsem lan greget maca para maos
 - d. Ngasilake pametu kang akeh tumrap media siarane
8. Data kang ora dibutuhake kanggo nulis berita prastawa lemah longsor yaiku,
 - a. Papan dunung sumber berita
 - b. Saksi dumadine prastawa
 - c. Gambar panyengkuyung
 - d. Penonton dumadine prastawa
9. Berita kang ditulis wartawan dibabar/digiyarake ing medhia cithak kalawarti utawa ariwarti. Tembung *ariwarti* tegese
 - a. Medhia cithak kang metune saben dina
 - b. Medhia cithak kang metune kalamangsa
 - c. Medhia cithak kang metune saben wulan sepisan
 - d. Medhia cithak kang metune manut kabutuhan pamaose
10. *Kepala Badan SAR Nasional ngandharake menawa badan pesawat Air Asia QZ8501 kang tiba ing Selat Karimata kasil ditemokake dina Rebo.* Ukara kasebut kramane

- a. Kepala Badan SAR Nasional ngendika menawa awak pesawat Air Asia QZ8501 ingkang tiba ing Selat Karimata kasil ditemokaken dinten Rebo.
 - b. Kepala Badan SAR Nasional ngandharaken menawi badan pesawat Air Asia QZ8501 ingkang dhawah ing Selat Karimata kasil dipunpanggihaken dinten Rebo.
 - c. Kepala Badan SAR Nasional njlentrehake menawi awak pesawat Air Asia QZ8501 ingkang dhawah ing Selat Karimata kasil ditemokaken dinten Rebo.
 - d. Kepala Badan SAR Nasional ngadharake menawi badan pesawat Air Asia QZ8501 kang dhawah ing Selat Karimata kasil dipanggihaken dina Rebo.
- B. Wangsulana pitakon ing ngisor iki kanthi patitis!
Gatekna pethikan teks berita iki!

Komandan Kodim 0704 Banjarnegara, Letnan Kolonel Edi Rohmatulloh, nyatakake menawa jembare wilayah kang kena bencana ngancik 10 hektare, bab iki uga ndadekake tambah ruwete anggone *nangani*. Manut ngendikane, cacahing korban tiwas kang wis kasil ditemokake ana 12. Saka cacah kasebut, ana 7 kang kasil dipesthekake jati dhirine. Dene wargi kang durung ditemokake ana kurang luwih 100 wong.

Wulangan 3 Prastawa

1. Golekana gagasan bakune pethikan teks berita kasebut!
2. Apa kang dikarepake tembung nangani ing pethikan teks berita kasebut!
3. Sebutna 3 katrangan pokok kang bisa ditemokake saka pethikan teks berita kasebut!
4. 2 ukara pungkasan pethikan teks berita kasebut owahana nganggo ragam krama!
5. Gaweya tulisan berita ringkes saka gambar ing ngisor iki!



Pambiji Diri Pribadi

Sawise nyinau ngenani teks berita ing wulangan 3, wenehana tandha centhang (√) manut kolom kang disiyapake!

No.	Perangan kang dibiji	Mampu	Ora mampu
1.	Ngugem wewaler abasa Jawa minangka nugraha Gusti Kang Maha Tunggal		
2.	Nuduhake rasa syukur anane basa Jawa minangka nugraha Gusti Kang Maha Tunggal		
3.	Nuduhake rasa syukur maneka prastawa kang dibabar ing berita minangka nugraha Gusti Kang Maha Tunggal		
4.	Tumanggape becik tumrap basa Jawa, mligine maca teks berita katitik bisa mangerteni bot repot lan tanggung jawabe dadi wartawan		
5.	Nemokake gagasan baku berita		
6.	Mbedakake jinis-jinise maca		
7.	Ngandharake isine teks berita mawa ragam krama		

Studi Kasus

Nalika para siswa nulis berita isih tinemu ukara kang kurang trep mungguhing tata tulis berita lan tata kasusilan saka sumber berita.

Manut panemumu, apa sing kudu digatekake lan ditindakake nalika nulis berita, amrih para siswa bisa nulis berita kang becik, aos lan bisa digiyarake wujud berita kang pantes?

BAB IV

WULANGAN 4 KASARASAN

Tujuan Pembelajaran


Setelah mengikuti pembelajaran diharapkan siswa mampu:

1. Memahami jenis-jenis iklan
2. Memahami konstruksi iklan
3. Menyampaikan pesan (atur-atur)
4. Memahami konstruksi atur-atur

Apa kang diarani saras iku? Saras iku kahanan awak kang bebas saka sesakit, mardika ing penggalih, lan bisa nindakake samubarang pegaweyan kanthi enak lan kepenak tanpa pepalang. Kasarasan bisa diudi sarana olah raga, dhahar dhaharan kang ngadhut gizi imbang lan kanthi aturan kang becik, nindakake pakaryan kanthi prasaja lan samadya ora leluwihan, lan priksa dhokter kanggo mangerteni bab wigati kang ora kasat mata tumrap perangan awak kang ketaman lara.

Ing wulangan iki, para siswa bakal nyinau wigatine ngudi kesarasan lumantar kabar kang digiyarake saka iklan/pariwara. Saliyane iku kagunan basa nut unggah-ungguhe ing pachelathon (atur-atur), krana basa iku nuduhake kapribadene sing nggunakake. Nggawe naskah iklan lan ngrumpaka ukara kanggo atur-atur kang becik ing sadhengah keperluan.

Peta Konsep



Ayo diwaca lan dijingglengi isine teks iklan ing ngisor iki!

“TOLAK ANGIN CAP KINCIR”

Bapak : “Adhuh, Bune, awakku kok padha pegel kabeh.”

Ibu : “Kenging napa ta, Pakne?”

Bapak : “Ora ngerti aku, apa jalarane kok rasane kaya masuk angin.”

Ibu : “Owalah Bapak masuk angin ta?”

Bapak : “Iya ketoke, Bu. Kawit wingi bengi bali saka Solo ngeterke barang dagangan.”

Ibu : “Mesthi Pakne supe ngunjuk obat.”

Bapak : “Obat apa, Bune? Wong lara ya ora, ben cepet mari dikapakna ya, dipijeti wae piye, Bune?”

Ibu : “Owalah kuna, niki tak damelke unjukan riyin, supados ical pegel-pegelipun.”

Bapak : “Apa kuwi, Bune?”

Ibu : “Niki jamu TOLAK ANGIN CAP KINCIR, obat herbal kangge masuk angin, mendhakake weteng kembang, weteng lara, ngelegakake tenggorokan, njaga kasarasan awak sarta apik diunjuk nalika tindakan, awak sayah lan kurang turu. Obat iki diracik saka bahan alami kayata minyak adas, kayu ules, godhong

cengkeh, meniran, jahe lan madu. Ayo Pakne diunjuk sagniki supados enggal waras.”

Bapak : “Wah enak tenan, Bune, awak krasa seger buger kaya lebar dipijeti wae.”

Ibu : “Bener ta omongku, awak dadi seger buger amarga ngunjuk TOLAK ANGIN CAP KINCIR. Kena kincire bablas angine, sida dipijeti ora, Pakne?”

Bapak : “Ora susah, mengko malah lara kabeh awakku kena tangan atosmu. Wis sewayah-wayah krasa kaya ngene tak ngunjuk wae TOLAK ANGIN CAP KINCIR.”

Gambar iklan kesehatan



Sawise maca lan njingglengi gambar iklan ing ndhuwur, pengalaman apa sing kokrasakake, apa karepe iklan kasebut? Apa paedahe iklan kasebut? Sapa lesane iklan kasebut?

Iklan kasebut ngemu surasa menawa para pamiyarsa ngrasakake lara weteng utawa pegel-pegel lan sapiturute, cukup ngunjuk obat herbal/ jamu tolak angin cap Kincir. Bisa kanggo ngusir masuk angin, nambani lara weteng, nambani kesel-kesel lan pegel-pegel, lan liya-liyane.

Paraga iklan kasebut cukup kasil narik kawigatene pamiyarsa kanthi nggunakake tetembungan kang akrab ing pamirenge masarakat. Saliyane iku ora ribet anggone ngunjuk, ora prelu menyang dokter, lan sing ora kalah penting yaiku ora ngetokake ragad kang gedhe.

Jamu, herbal, wis dadi cap kandel kanggone masarakat Jawa kawitan jaman kuna makuna. Mula yen jejamuwan cukup ngobati lelara mesthi akeh sing seneng. Jamu ora diproses nggunakake mesin lan teknologi. Bahan-bahane kang alami duwe daya tarik kang gedhe sebab ora ana akibat kang mbebayani tumrap kang ngunjuk. Kabukten nganti saiki isih akeh kang ngunjuk jamu kanggo njaga kesehatan awake.

Kang wujud gambar uga diarani iklan. Ana bab kang bisa diwaca saka gambar kasebut. Para maos bisa mangira-ira karepe senajan ora dijlentrehake nganggo ukara kang

gamblang. Isine mesthi asipat ajak-ajak marang para maos amrih bisa lan gelem nindakake apa kang dikarepake iklan.

Wedang uwuh iku salah sawijining omben-omben tradisional asli Yogyakarta kang nduweni kasiyat kanggo kasarasaning awak. Wedang iku inuman, dene uwuh iku slangkrah (sampah), ananging sing dikarepake uwuh ing kene tegese campuran maneka bahan alami rempah-rempah. Serutan kayu secang, jahe, godhong pala, pang cengkeh, lan godhong cengkeh minangka bahan pokok wedang uwuh. Enak yen diunjuk nalika isih panas. Wedang uwuh iki kondhang dadi unjukane para raja jaman semana.

Kanthe mangkono iklan cacah loro kasebut kasil gawe pengaruh marang pamaos. Jumbuh klawan syarat lan ciri-cirine iklan. Luwih gamblange bisa diwaca ing andharan ngisor iki.

E. Ngenani Iklan

Iklan utawa reklame iku asale saka basa latin yaiku *reklamos*. Reclamos dumadi saka tembung re kang tegese dibolan-baleni (diulang-ulang) lan clamos tegese parentah utawa ajakan. Dadi reklame utawa iklan yaiku parentah utawa ajakan kang dibolan-baleni.

Amrih isine iklan bisa dimangerteni dening masarakat lumrahe dibiwarakake (disebarluaskan) mawa media

massa kayata televisi, radio, film, ariwarti (koran), kalawarti (majalah), lan liya-liyane.

Ancas lan tujuwane iklan yaiku kanggo menahi katrangan (informasi), ajak-ajak, lan nawakake jasa utawa asil prodhuke marang wong akeh (masarakat) supaya kapilut lan gelem nuruti ajakane nggunakake barang/jasa sing ditawakake.

Iklan miturut media pambiwarane diperang ana 3 yaiku:

a) Iklan kang nengenake audio (swara) dibiwarakake lumantar radio.

Radio kalebu media kanggo martakake iklan kang populer. Gampang banget nemokake iklan ing radio kalebu kang nganggo basa Jawa jalaran pamirenge masarakat lokal kang rata-rata isih nggunakake basa lokal. Kanggone perusahaan utawa pribadi milih radio kanggo mbiwarakae iklan amarga radio njangkau kabeh lapisan masyarakat, cacahing stasiun radio akeh lan sumebar warata, lan regane murah.

b) Iklan kang nengenake tulisan lan gambar (visual) dibiwarakake lumantar koran, majalah, brosur, slebaran, spanduk, baliho, lsp. Iklan visual biasane mbutuhake ragad kang lumayan gedhe krana regane pemasangan dietung adhedhasar wiyare iklan mawa etungan mmk

(milimeter kolom) sarta mbedakake jinis iklan lan mawa warna utawa iklan cetak ireng putih. Saliyane iku, sasarane iklan visual lumrahe masarakat tataran manengah mendhuwur sebab arang/langka masarakat kang seneng maca utawa dadi pelanggan koran kejaba tataran pendidikane cukupan.

- c) Iklan kang nggunakake audio lan visual (suara lan gambar) dibiwarakake lumantar TV lan internet. Iklan televisi lan internet mbutuhake ragad paling larang anggone pasang jalaran etungane adhedhasar suwe orane tayangan. Biasane dietung nggunakake wektu detikan. Saben sadetik regane bisa ngancik yutan amarga bea siaran televisi uga larang. Saliyane iku sasaran masarakat pamirsane cetha paling akeh krana bisa ngancik tataran nasional.

Dene miturut jinis utawa sifate iklan ana 2 yaiku:

- a) Iklan komersial yaiku iklan kang digunakake kanggo bidang niaga/bisnis kang tujuwane ngasilake untung utawa bathi.

Tuladha: iklan rokok, iklan kosmetik, iklan panganan

- b) Iklan non-komersial/sosial yaiku iklan kang digunakake ora kanggo nggolek keuntungan nanging awujud prentah/pengumuman bab tatanan ana ing masyarakat.

Tuladha: iklan pajek, iklan larangan rokok, iklan penghijauan, iklan hemat listrik

Syarate gawe iklan yaiku:

- a) Digawe endah ing perangan panulisane, warnane, gambare lsp.
- b) Isi lan basane iklan kudu sopan, ora kena nerak kasusilan, agama, lan tata krama.
- c) Iklan kudu ngandut prentah/ajakan, nggunakake basa lan gambar kang trep supaya bisa katampa ing masyarakat.
- d) Iklan sabisa-bisa ngandhut piwulang yaiku nuduhake bab-bab kang becik kanggo njembarake wawasan.

Bab-bab kang perlu digatekake sajroning iklan yaiku:

1) Isine iklan

- a) Kudu objektif lan jujur.
- b) Cekak lan cetha.
- c) Ndudut ati (menarik).

2) Basa iklan

- a) Gampang ditampa (komunikatif).
- b) Cekak aos, cetha, ndudut ati.
- c) Gambare trep lan cetha, gampang dingerteni, ndudut ati, nuwuhake rasa kepengin ngerti lan nyoba.
- d) Isine nyata lan ora ngapusi.
- e) Sipate ajak-ajak.

F. Ninthingi Iklan

Kegiatan 1:

Nemokake bedane iklan manut jinise, basa, lesan, lan medhia pambiwarane.

Ing kegiatan iki para siswa bakal ninthingi iklan manut jinise, basa, lesan, lan medhia pambiwarane. Anggone nggarap bisa sarana klompok dhiskusi. Laporna marang guru kanthi tanggung jawab asiling dhiskusi sarana tulis lan lisan. Gunakna unggah-ungguh kang trep nalika ngandharake laporan.

Tugas 1

Mbedakake iklan manut jinise, basa, lesan, lan medhia pambiwarane.

Jingglengana iklan ing ngisor iki banjur temokna bedane manut jinise, basa, lesan, lan medhia pambiwarane!

Teks 1

TABIB BABAH ALI

Ibu : “Owalah Paak, Pak! Wong kok esuk-esuk gaweyane ngorok bae! Mbok nyambut gawe kana, golek dhuwit!”

Bapak : “Biyunge kuwi ngertine dhuwit bae, wong sirah rasane mumet banget, abot, kaya dikamplengi kok!”

- Ibu : “Lha wis diobati apa dipriksakake durung, Pak?”
- Bapak : “Ya wis nombe obat, malah wis priksa barang ning durung mari. Anggonku ikhtiar ya wis ora kurang, Bu. Nanging kok durung ana sing cocok.”
- Ibu : Jajal Pak, priksakna neng nggone Tabib Babah Ali sing buka praktek nang dalam Ahmad Yani 40 Magelang.”
- Bapak : “Mujarab apa ora kuwe, Bu? Mengko malah tambah larane!”
- Ibu : “Bener, Pak. Wingenane Yu Winarsih lara rada suwe digawa mrana ya terus ana bedane. Siki sehat meneh.”
- Bapak : “Ya ayo terna mrana, Bu.”
- Ibu : “Ayo Pak dakterake!”
- Narator : Para sedulur pancen bener, yen panjenengan nandhang gerah sing ora mari-mari, wis ikhtiar mrana-mrene durung jodho. Tabib Babah Ali kanthi pengobatan alternatif ramuan herbal lan taneman obat-obatan kang moderen sumadya ngusadani panjenengan. Ora ana penyakit kang ora bisa ditambahi. Tabib

Babah Ali ngusadani samubarang penyakit. Tabib Babah Ali bukak praktek saben dina wiwit jam 8 esuk tumeka jam 9 wengi, mapan ing dalan Ahmad Yani 40 Magelang.

Teks 2

Backsound : Suara angin

Backsound: Suara patahan dahan pohon

Wit 1 : “Adhuuh, awaku garing ngingking ...”

Wit 2 : “Hah?!” (nuduhake rasa lemes) “Aku uga garing, jajal delengen godhong-godhongku garing kabeh.”

Wit 3 : “Iya, padha ... sawangen awakku, aku rasane kaya arep mati.”

Wit 4 : “Ya, awake dhewe kena ketiga aking. Srengenge rasane cendhek banget, panas banget hawane.”

Wit 1 : “Wis ora ana udan meneh kayane.”

Wit 2 : “Iki kari awake dhewe, kanca-kanca wis ditegor.”

Wit 3 : “Panas, aku butuh banyu.”

Wit 1, 2, 4 : “Aku butuh banyu”

Backsound : Suara angin: *Stop illegal logging*, cegah global warming.

Iklan 3



Iklan 4

IKLAN BARIS Tarif Resmi Rp. 5.500

• 0274 557 687 • 0274 712 1000 • SMS : 0857 2949 3333

<p>AGEN IKLAN BARIS Ushini Angli</p> <p>Agensi Iklan Baris Jl. Pemuda No. 100 Telp. (0274) 557 687 Fax (0274) 712 1000 Email: info@ageniklanbaris.com</p>	<p>BALAI BANGUN Konsultasi, perencanaan, desain, konstruksi, pengawasan, pemeliharaan, dan penjaminan proyek pembangunan gedung, jembatan, bendungan, tanggul, pelabuhan, bandara, jalan raya, dan lain-lain.</p>	<p>CANOPY Konsultasi, perencanaan, desain, konstruksi, dan pemasangan canopy, teras, dan pelat beton.</p>	<p>GPS Konsultasi, perencanaan, dan pemasangan sistem navigasi GPS untuk kendaraan pribadi dan komersial.</p>	<p>IR Konsultasi, perencanaan, dan pemasangan sistem irigasi untuk pertanian dan perikanan.</p>	<p>ARABIK Konsultasi, perencanaan, dan pemasangan sistem arabisasi untuk dokumen dan media massa.</p>	<p>FOTOCOPY Konsultasi, perencanaan, dan pemasangan sistem fotokopi untuk kantor, toko, dan industri.</p>	<p>PERCEKAKAN Konsultasi, perencanaan, dan pemasangan sistem percekakan untuk keamanan dan pengawasan.</p>
<p>AGENTS Konsultasi, perencanaan, dan pemasangan sistem agen untuk pemasaran dan distribusi.</p>	<p>AGENTS Konsultasi, perencanaan, dan pemasangan sistem agen untuk pemasaran dan distribusi.</p>	<p>AGENTS Konsultasi, perencanaan, dan pemasangan sistem agen untuk pemasaran dan distribusi.</p>	<p>AGENTS Konsultasi, perencanaan, dan pemasangan sistem agen untuk pemasaran dan distribusi.</p>	<p>AGENTS Konsultasi, perencanaan, dan pemasangan sistem agen untuk pemasaran dan distribusi.</p>	<p>AGENTS Konsultasi, perencanaan, dan pemasangan sistem agen untuk pemasaran dan distribusi.</p>	<p>AGENTS Konsultasi, perencanaan, dan pemasangan sistem agen untuk pemasaran dan distribusi.</p>	<p>AGENTS Konsultasi, perencanaan, dan pemasangan sistem agen untuk pemasaran dan distribusi.</p>
<p>AGENTS Konsultasi, perencanaan, dan pemasangan sistem agen untuk pemasaran dan distribusi.</p>	<p>AGENTS Konsultasi, perencanaan, dan pemasangan sistem agen untuk pemasaran dan distribusi.</p>	<p>AGENTS Konsultasi, perencanaan, dan pemasangan sistem agen untuk pemasaran dan distribusi.</p>	<p>AGENTS Konsultasi, perencanaan, dan pemasangan sistem agen untuk pemasaran dan distribusi.</p>	<p>AGENTS Konsultasi, perencanaan, dan pemasangan sistem agen untuk pemasaran dan distribusi.</p>	<p>AGENTS Konsultasi, perencanaan, dan pemasangan sistem agen untuk pemasaran dan distribusi.</p>	<p>AGENTS Konsultasi, perencanaan, dan pemasangan sistem agen untuk pemasaran dan distribusi.</p>	<p>AGENTS Konsultasi, perencanaan, dan pemasangan sistem agen untuk pemasaran dan distribusi.</p>

G. Wawan Gunem Mawa Ragam Krama

Ayo dijingglengi lan diwaca pacelathon ing ngisor iki!

**SOSIS NGUNDHAKAKE RESIKO KANKER
PANKREAS**

Bu Wening : “Assalamu’alaikum!”

Bu Hartini : “Wa’alaikumsalam. O...Bu Wening, mangga tindak mlebet!”

Bu Wening : “Badhe kepanggih Pak Dokter punapa saged, Bu?”

Bu Hartini : “Wadhuh nyuwun pangapunten, Pak Dokter nembe pikantuk giliran piket dalu wonten UGD, dos pundi?”

Bu Wening : “Oh ... inggih sampun, anu ndherek titip pesen kemawon dos pundi?”

Bu Hartini : “Inggih, saged, kersanipun?”

Bu Wening : “Ngaten, Bu, punika ibu-ibu PKK RW 05 badhe ngadani pasamuwan, samangke menawi Pak Dokter wonten wekdal kula suwun kersa maringi seserepan babagan jajanan lare ingkang sehat.”

- Bu Hartini : “O inggih mangke kula aturaken, kapan wekdalipun, Bu?”
- Bu Wening : “Benjang dinten Minggu, 25 Maret tabuh 08.00 wonten dalemipun Bu RW.”
- Bu Hartini : “Inggih, mangke kula aturaken. Leres Bu, sapunika kathah jajanan ingkang kirang sehat tumrap lare, kathah bahan pengawetipun.”
- Bu Wening : “Mila punika kula suwun Pak Dokter saged maringi seserepan ing pasamuwan ibu-ibu PKK, supados saged ngatos-atos njagi kesehatanipun lare-lare lan gadhah gagasan damel jajanan ingkang sehat.”
- Bu Hartini : “Sae sanget kegiyatanipun, punapa wonten acara masak-masak, Bu?”
- Bu Wening : “Inggih, criyosipun wonten sponsor saking perusahaan kompor gas kaliyan oven ngaten.”
- Bu Hartini : “Wah ... gayeng nggih mangke. Ibu-ibu mriki sami kreatif.”
- Bu Wening : “Inggih, menawi longgar Ibu mbok rawuh sekalian!”

Bu Hartini : “Inggih. Matur nuwun, Bu. Menawi boten wonten alangan kula selakaken.”

Bu Wening : “Mbok bilih ngaten, Bu. Cekap rumiyin kula kepareng nyuwun pamit.”

Bu Hartini : “Kok enggal-enggalan, nggih matur nuwun Bu, mangke kula aturaken Pak Dokter.

Kegiatan 2 Nemokake isine pacelathon.

Ing perangan iki para siswa bakal ngrembug isen-isene pacelathon kang ngemot atur-atur, kepriye mungguh basa kang digunakake. Sapa paragane, apa kang dirembug ing pacelathon, lsp.

Rembugen ing klompok dhiskusi, apa kang perlu digatekake sajroning nindakake pacelathon kasebut mungguh tata krama lan unggah-ungguhe.

Tugas 1

Nemokake isine pacelathon kang ngemot atur-atur

1. Apa werdine Bu Wening sowan ing daleme Pak Dokter?
2. Apa kang ditindakake Bu Wening bareng Pak Dokter kang disowani ora ketemu?
3. Apa kang diaturake Bu Wening marang Bu Hartini?
4. Sapa Bu Wening lan Bu Hartini iku?
5. Kena apa ing antarane Bu Wening lan Bu Hartini nggunakake basa krama alus?

Tugas 2

Nulis unggah-ungguhe wong mertamu

Ndulu teks pacelathon ing ndhuwur, Bu Wening sowan Pak Dokter iku jenenge mertamu, jelasna kepriye unggah-ungguhe Bu Wening nalika sowan ing daleme Pak Dokter.

H. Nulis Naskah Kanggo Atur-Atur

Atur-atur ing bebrayan Jawa wus lumrah krana anane tembayatan urip siji lan sijine. Lung tinulung iku uga dadi ciri kabudayane wong Jawa. Mula kegiatan atur-atur ing maneka kepreluwan ora bisa ditinggal. Bab-bab kang ana gayutane karo atur-atur diudi kanthi becik, jer ing kono kudu ana ajen-ingajenan antarane tamu kang duwe perlu ngatur-aturi lan sing duwe omah kang kudu ngormati tamune.

Atur-atur iku basa kramane undang-undang. Yen nggunakake tembung undang-undang iku dirasa kurang ngajeni marang sing diundang, kaya-kaya ngundang bocah, ngundang andhahane, utawa ngundang bature. Mula amrih ora diarani mangkono, digunakake tembung atur-atur.

Nindakake atur-atur iku kudu nggunakake tata krama krana ing kono ana kegiatan saora-orane 2 warna, yaiku mertamu lan matur. Mertamu ana unggah-ungguhe, saka

uluk salam utawa nothok lawang, mlebu ngomah, lungguh, matur, lan pamit. Sok kepara ana suguhan. Kabeh-kabeh ana tata kramane. Semono uga nalika matur, nggunakake basa kang bener unggah-ungguhe, kurmat, lan andhap asor utawa lembah manah.


Tugas 3


Nggawe naskah atur-atur

Gaweya teks pacelathon kang isine atur-atur utusane wong tuwamu. Kepreluwane bebas, gunakna basa lan unggah-ungguh kang bener!

I. Maca lan Nulis Aksara Jawa Teks Tembang Gambuh

Ayo teks tembang mawa aksara Jawa ing ngisor iki diwaca!



 // *lana kudu nglawani*

// *lana kudu nglawani*

// *lana kudu nglawani*

// *lana kudu nglawani*

// *lana kudu nglawani*

// *lana kudu nglawani*

!

Sawise njingglengi teks kasebut, bener iku teks tembang Gambuh ing serat Wulang Reh pada nomer papat, unine kurang luwih *Ana pocapanipun, adiguna adigang adigung, pan adigang, kidang adigung pinasti, adiguna ula iku, telu pisan mati sampyoh.*

Ing wulangan iki para siswa diajak nyinau teks tembang gambuh kang ditulis mawa aksara Jawa. Kanggo pepeling, para siswa anggone nulis cakepan kasebut wus wujud ukara. Cetha jroning ukara mesthi campuh antarane aksara kang mati lan urip, dadi kudu nggunakake sandhangan lan pasangan. Kepriye cak-cakane nggunakake pasangan aksara Jawa, sepisan maneh dielingake, pasangan aksara Jawa digunakake nalika ana aksara sing mati ing tengahing tembung utawa ukara. Kang ditulis wujud pasangan yaiku aksara kang ana samburine aksara sing mati. Aja nganti kuwalik aksara mati ditulis pasangan.

Tuladha:



Sekar gambuh ping catur

Kang diarani aksara mati ing ukara kasebut yaiku /ra/, /ma/, /ha/, /nga/, lan /ra/. Prelu dimangerteni, aksara /ra/, /ha/, lan /nga/ mati ora mbutuhake pasangan krana wus wujud sandhangan panyigeg yaiku ra mati dadi

Tugas 4

Maca Lan Nulis Latin Teks Tembang Mawa Aksara Jawa

Teks tembang ing ngisor iki wacanen Lan tulisen mawa aksara Latin!


 || kang panyak kang kang ||

 || kang kang kang kang kang kang ||

 || kang kang kang kang kang kang kang kang kang kang ||

 || kang kang kang kang kang kang kang kang kang kang ||

 || kang kang kang kang kang kang kang kang kang kang ||



Tugas 5

Nulis Teks Tembang Mawa Aksara Jawa

Teks tembang ing ngisor iki tulisen mawa aksara Jawa!

1. Sekar gambuh ping catur,
 kang cinatur polah kang kelantur,
 tanpa tutur katula-tula katali,
 kadaluwarsa katutuh,
 kapatuh pan dadi awon.

2. Aja nganti kebanjur,
barang polah ingkang nora jujur,
yen kebanjur kojur sayekti tan becik,
becik ngupayaa iku,
pitutur ingkang sayektos.
3. Pitutur bener iku,
sayektine apantes tiniru,
nadyan metu saking wong sudra papeki,
lamun becik nggone muruk,
iku pantes sira anggo.
4. Si kidang umbagipun,
angandelken kebat lumampatipun,
pan gajah ngandelaken geng ainggil,
ula ngandelaken iku,
mandine kalamun nyakot.
5. Iku upamanipun,
aja ngandelaken sira iku,
suteng nata iya sapa ingkang wani,
iku ambege wong digung,
ing wusana dadi asor.

Refleksi

Sawise nyinau babagan iklan lan atur-atur, para siswa bisa nduweni pambiji kang becik ngenani basa lan kabudayan Jawa. Anane teks iklan lan atur-atur kang gegayutan karo kesehatan bisa digunakake kanggo nambahi wawasan. Jawa nyata nduweni tata krama lan unggah-ungguh kang jangkep. Nyinau teks tembang kang ditulis mawa aksara Jawa rinasa bali menyang jaman kapujanggan. Puja lan puji syukur marang Gusti Kang Kawasa kang nitahake wong Jawa bisa nduweni kapitayan lan kuwasisan maca nulis nganggo aksara Jawa. Para siswa uga bisa nindakake kegiyatan pasinaon kanthi jujur, disiplin, greget lan tekad kang gedhe, sarta tanggung jawab marang tugas-tugase.

Ringkesan

Saka andharan wulangan 4 ngenani iklan lan atur-atur iki bisa dijupuk dudutan kang wigati ing antarane yaiku:

1. Sinau babagan kesehatan bisa lumantar teks iklan utawa kegiyatan liyane nalika mertamu.
2. Iklan iku saka tembung reklame kang asala saka basa manca Yunani kang tegese ajak-ajak kang dibolan-baleni. Ancase iklan kanggo golek pengaruh marang

lesane supaya gelem nindakake apa kang dikarepake isine iklan

3. Atur-atu dadi ciri kabudayan Jawa iku ngudi anane tata krama mertamu lan matur kanthi unggah-ungguh basa kang trep.
4. Iklan abasa Jawa isih lumaku ing giyanan radhio, sanajan siyaran televisi tansaya maju. Tetembungan Jawa saliyane gawe kuwate pengaruh iklan marang masarakat Jawa, uga kabiji nyengkuyung lestarine basa Jawa.
5. Teks tembang Gambuh bali disinau meneh, nanging wujud teks mawa aksara Jawa.
6. Aksara Jawa kang ditulis mawa sandhangan lan pasangan dijumbuhake klawan unine. Pasangan digunakake menawa ana aksara sing mati ing tengah tembung utawa ukara. Sing ditulis wujud pasangan yaiku aksara sawise sing mati, dudu aksara sing mati.

EVALUASI WULANGAN 4

- A. Pilihen salah siji jawaban kang kokanggep paling bener kanthi menehi tandha ping (x) ing aksara a, b, c, utawa d. Jinglyngana gambar iki!



1. Gambar kasebut klebu jinising iklan
 - a. Sosial
 - b. Pendidikan
 - c. Komersial
 - d. Pariwisata
2. Tulisan KB, iku cekakan saka tembung
 - a. Keluarga Besar
 - b. Keluarga Bahagia
 - c. Keluarga Baru
 - d. Keluarga Berencana
3. Pangajak kang diandharake ing gambar kasebut yaiku
 - a. Mbagun kulawargi kang sakinah mawadah warohmah.
 - b. Mbangun kulawargi cilik kang ayem tentrem lan sejahtera.
 - c. Mbangun kulawargi kang seneng pariwisata .

- d. Mbangun kulawargi kang wutuh bapak, ibu, lan putra.
4. Iklan komersial iku iklan kang isine
 - a. Ngudi bebathen saka kasiling ajak-ajak
 - b. Amung sipat ajak-ajak ora golek bebathen
 - c. Ajak-ajak lan aweh pepeling tumra kautaman
 - d. Iklan kang dipacak ing spanduk utawa baliho
5. Iklan kang dibabar ing medhia elektronik contone
 - a. Baliho
 - b. Pamflet
 - c. Iklan radhio
 - d. Iklan kecil/baris

Supriyanto : "Kepareng badhe matur Pak Gunawan, kula sowan mriki ingkang sepisan silaturami tuwe kawilujenganipun Bapak sukulawargi, ingkang kaping kalih kula dipun utus Pak Sugiyono, bilih panjenengan sekaliyan ibu benjang dinten Rebo Wage tabuh 10.00 kasuwun rawuh ing dalemipun saprelu paring donga pangestu anggenipun badhe kagungan kersa mantu putrinipun."

Pak Gunawan : "Ya, aturaken Pak Sugiyono, matur nuwun awit undhangane nek ora ana alangan aku arep sowan mrana."

6. Supriyanto ngaturi rawuh Pak Gunawan ing daleme Pak Sugiyono supaya
 - a. Dipun utus Pak Sugiyono mantu putrinipun
 - b. Paring donga pangestu anggone kagungan kersa mantu
 - c. Tuwe kawilujengane Pak Sugiyono sakulawargi
 - d. Dadi mantu putrinipun Pak Sugiyono
7. Tata kramane Supriyanto nalika mertamu yaiku
 - a. Njaluk idi matur nelakake keperluanane sowan
 - b. Langsung matur keperluanane supaya cepet rampung
 - c. Nuduhake menawa dadi utusane Pak Sugiyono
 - d. Uluk salam kula nuwun marang Pak Gunawan
8. Kang diarani kagungan kersa mantu iku
 - a. Nanggap wayang kulit sewengi natas
 - b. Nduwe gawe gedhen-gedhen setaun sepisan
 - c. Ngundang tangga teparo supaya ndongakake gawene
 - d. Nduwe gawe nikahake anak wadon
9. Pak Gunawan anggone mangsuli nggunakake basa ngoko lugu jalaran
 - a. Pak Sugiyono iku umure luwih enom
 - b. Pak Sugiyono iku umure luwih tuwa
 - c. Supriyanto iku umure luwih enom
 - d. Supriyanto iku umure luwih enom

10. Tembung tuwe kang digunakake Supriyanto nalika matur tegese

- a. Suwe ora ketemu
- b. Ketemu tamu
- c. Kepengin mertamu
- d. Kepengin ngerti kabare

B. Wangsulana pitakon ing ngisor iki kanthi patitis!
Gatekna tembang Macapat iki!



1. Jelasna maknane gambar iklan kasebut dideleng saka isine!
2. Jelasna tegese iklan sosial!
3. Jelasna syarat-syarate iklan!
4. Gaweya tuladha naskah iklan kang isine ajak-ajak nindakake urip sehat tanpa bahan kimia!
5. Jelasna tata kramane wong mertamu kang becik!

Pambiji Diri Pribadi

Sawise nyinau ngenani teks iklan lan atur-atur ing wulangan 4, wenehana tandha centhang (√) manut kolom kang disiyapake!

No.	Perangan kang dibiji	Mampu	Ora mampu
1.	Ngugem wewaler abasa Jawa minangka nugraha Gusti Kang Maha Tunggal		
2.	Nuduhake rasa syukur anane basa Jawa minangka nugraha Gusti Kang Maha Tunggal		
3.	Nuduhake rasa syukur anane teks iklan lan kabudayan atur-atur minangka nugraha Gusti Kang Maha Tunggal		
4.	Tumanggape becik tumrap basa Jawa, mligine teks iklan lan kabudayan atur-atur katitik bisa ndhudhah isine lan nindakake atur-atur		
5.	Mangerteni tata kramane gawe iklan		
6.	Mangerteni tata kramane wong mertamu lan atur-atur		

Studi Kasus

Nalika para siswa gawe iklan lan naskah atur-atur diwawas ukarane kurang luwes lan durung jumbuh klawan tata kramane teks iklan lan atur-atur.

Manut panemumu, apa sing kudu digatekake lan ditindakake nalika gawe naskah iklan lan naskah atur-atur, amrih para siswa bisa ngasilake pakaryan kang luwih apik?

GLADHEN ULANGAN AKHIR SEMESTER 1

- A. Pilihlah salah siji jawaban kang kokanggep paling bener kanthi menehi tandha ping (x) ing aksara a, b, c, utawa d.
1. Pamarentah nduweni tugas ngrumat negara lan rakyat kanthi becik. Bab iku tegese pamarentah wus
 - a. Nggulawenthah negara lan rakyate
 - b. Njaga nagara lan kawulane
 - c. Mbangun negarane
 - d. Nyenengake kawulane
 2. Arya Kamandaka ngumbara *njajah desa milang kori*. Tembung **kori** tegese
 - a. Wilayah
 - b. Omah
 - c. Lawang
 - d. Wong
 3. Arya Kamandaka duwe jeneng asli
 - a. Banyak Ngampar
 - b. Banyak Blabur
 - c. Banyak Cotro
 - d. Banyak Luhur
 4. Arya Kamandaka ana ing kadhipaten Pasirluhur dadi anak angkate
 - a. Adipati Pasirluhur
 - b. Patih Pasirluhur
 - c. Mbok randha Pasirluhur
 - d. Wong tukang adu jago
 5. Guwa Jatijajar mula bukane saka tembung kang diujarake Arya Kamandaka nalika perang tandhing mungsuh

Silihwarni. Tembung kang diujarake Arya Kamandaka kasebut yaiku

- a. Ana wit jati jejer-jejer
- c. Putra sejati Pajajaran
- b. Aja dadi bocah kurang ajar
- d. Guwa iki jenenge Jati Jajar

Ana pocapanipun

Adiguna adigang adigung

Pan adigang kidang adigung pan esthi

Adiguna ula iku

Telu pisan mati sampyoh

6. Unen-unen *adigang adigung adiguna* tegese

- a. Wong kang ngunggul-unggulake kapinteran, kekuwatan, lan kuwasane.
- b. Wong kang ngunggul-unggulake kuwasane, kapinteran, lan kekuwatane
- c. Wong kang ngegung-gungake kekuwatan, kapinteran, lan kuwasane.
- d. Wong kang ngegung-gungake kekuwatan, kuwasane, lan kapinteran.

7. *Adigung pan esthi*. Esthi iku basa kramane kewan

- a. Sapi
- c. Kebo
- b. Jaran
- d. Gajah

8. *Adiguna ula iku*. Pralambang adigunane saka ula yaiku anane
....
- a. Untu siung
 - b. Sembur wisa
 - c. Pethit
 - d. Badane kang dawa
9. *Telu pisan mati sampyoh*. Tembung mati sampyoh iku karepe
....
- a. Mati kabeh utawa bebarengan.
 - b. Mati jalaran tukar padu kewan cacah telu.
 - c. Mati ngenes krana ora nemu mangsan.
 - d. Mati jalaran sesumbare omongane dhewe.
10. Piwulang luhur kang bisa dijupuk saka pethikan tembang Gambuh ing ndhuwur yaiku
- a. Dadi wong iku kudu bisa niru laku-lakune kewan
 - b. Dadi wong iku aja tiru laku-lakuning kewan
 - c. Dadi wong iku aja adigang adigung adiguna
 - d. Kewan sing pantes ditiru iku ana telu
11. Serat Wulang Reh kanggit dening
- a. Sri Sulan Hamengku Buwana IV
 - b. Sri Susuhunan Mangkunegara IV
 - c. Sri Paku Alam IV
 - d. Sri Susuhunan Paku Buwana IV
12. Berita ditulis kanthi ukara kang cekak aos lan basa kang gamblang. Bab iku mengku tujuwan
- a. Beritane cepet rampung diwaca.
 - b. Wartawane ora kesuwen anggone nulis.

- c. Gawe sengsem lan greget maca para maos.
d. Ngasilake pametu kang akeh tumrap media siarane.
13. Data kang ora dibutuhake kanggo nulis berita prastawa lemah longsor yaiku
- Gambar panyengkuyung
 - Papan dunung sumber berita
 - Saksi dumadine prastawa
 - Penonton dumadine prastawa
14. Berita kang ditulis wartawan dibabar/digiyarake ing medhia cithak kalawarti utawa ariwarti. Tembung *kalawarti* tegese
- Medhia cithak kang metune saben dina
 - Medhia cithak kang metune kalamangsa
 - Medhia cithak kang metune saben wulan sepisan
 - Medhia cithak kang metune manut kabutuhan pamaose
15. Nalika maca berita ing ariwarti anggone prayoga nggunakake jinising maca
- Seni
 - Batin
 - Teknik
 - Kritis
16. Iklan sosial iku iklan kang isine
- Ngudi bebathen saka kasiling ajak-ajak
 - Golek bebathen saka sponsor kegiatan
 - Ajak-ajak lan aweh pepeling tumrap kautaman
 - Iklan kang dipacak ing spanduk utawa baliho
17. Iklan kang dibabar ing medhia cithak contone
- Iklan internet
 - Iklan radhio

b. Iklan televisi

d. Iklan kecil/baris

Supriyanto : "Kepareng badhe matur Pak Gunawan, kula sowan mriki ingkang sepisan silaturami tuwe kawilujenganipun Bapak sukulawargi, ingkang kapih kalih kula dipunutus Pak Sugiyono, bilih panjenengan sekaliyan ibu benjang dinten Rebo Wage tabuh 10.00 kasuwun rawuh ing dalemipun saprelu paring donga pangestu anggenipun badhe kagungan kersa mantu putrinipun.

Pak Gunawan : "Ya, aturaken Pak Sugiyono, matur nuwun awit undhangane nek ora ana alangan aku arep sowan mrana."

18. Wose atur Supriyanti yaiku

- a. Ngaturi rawuh pak Sugiyono ing daleme Pak Gunawan.
- b. Ngaturi rawuh pak Gunawan ing daleme Pak Sugiyono.
- c. Tuwe kalwilujengane Pak Sugiyono lan Pak Gunawan.
- d. Nyuwun dadi mantunipun Pak Sugiyono lan Pak Gunawan.

19. Tata kramane Supriyanto nalika mertamu yaiku

- a. Njaluk idi matur nelakake keperluanane sowan.
- b. Uluk salam kula nuwun marang Pak Gunawan.

- c. Langsung matur keperluan supaya cepet rampung.
d. Nuduhake menawa dadi utusane Pak Sugiyono.
20. Kang kagungan kersa mantu yaiku
a. Pak Gunawan c. Supriyanto
b. Pak Sugiyono d. Para kulawargi
21. Pak Gunawan anggone mangsuli Supriyanto nggunakake basa ngoko lugu jalaran
a. Pak Sugiyono iku umure luwih enom
b. Pak Sugiyono iku umure luwih tuwa
c. Supriyanto iku umure luwih enom
d. Supriyanto iku umure luwih tuwa
22. Tembang Gambuh ana limang gatra. Ukara kasebut menawa ditulis mawa aksara Jawa wujud
a. *|| ||*
b. *|| ||*
c. *|| ||*
d. *|| ||*
23. *|| ||* Ukara kasebut mujudake larikan tembang Gambuh gatra kang kaping
a. Pisan c. Telu
b. Pindho d. Papat

*sayektine apantes tiniru,
nadyan metu saking wong sudra papeki,
lamun becik nggone muruk,
iku pantes sira anggo*

2. Jelasna tegese/isine tembang Gambuh kasebut!
3. Apa bae kang dibutuhake nalika dadi penyiar berita kang becik ing televisi!
4. Gambar ing ngisor iki gawenen ukara kang mathuk kanggo njangkepi iklan sosial babagan pendidikan!



5. Ukara ing ngisor iki tulisen nganggo aksara Jawa!
 - a. Aja nganti kebanjur
 - b. Sabarang polah kang nora jujur
 - c. Yen kabanjur sayekti kojur tan becik

BAB V

WULANGAN 5 KABUDAYAN

Tujuan pembelajaran:


Setelah mengikuti pembelajaran diharapkan siswa mampu:

1. Membaca dalam hati teks crita wayang Ramayana Resi Jatayu.
2. Mengartikan kata-kata yang dianggap sulit.
3. Menjawab pertanyaan bacaan dengan ragam krama.
4. Menceritakan isi teks crita wayang Ramayana Resi Jatayu.
5. Menemukan piwulang luhur teks crita wayang Ramayana Resi Jatayu.

Apa kang diarani kabudayan iku? Kabudayan iku saka tembung budaya kang maknane akal, pikiran, bab kang ana gayutane karo pakulinan masarakat kang dimupakati lan dituhoni. Pakulinan-pakulinan iku bisa ndadekake pratandha dhuwur endheke drajat masarakat. Sebab pakulinan kang ditindakake adhedhasar olah rasa lan karsa. Kabudayan iku maneka warna. Ana adat, seni, basa, lan sapanunggalane.

Ing wulangan iki, para siswa bakal nyinau werdine kabudayan lumantar crita wayang Ramayana Resi Jatayu. Saliyane iku kagunan basa nut unggah-ungguhe kanggo mangsuli pitakone guru, lan ngudhal piwulang saka crita crita wayang Ramayana Resi Jatayu.

Peta Konsep



Ayo diwaca batin teks wacan crita wayang Ramayana ing ngisor iki!

RESI JATAYU GUGUR

Nalika samanten Rama Wijaya, Raden Laksamana, tuwin Dewi Sinta manggen wonten wana Dandaka. Prabu Dasamuka pirsia menawi Dewi Sinta wonten wana Dandaka lajeng ngrekadaya supados saged ndhusta Dewi Sinta. Kanthi kasektenipun, abdinipun kinasih nama Kala Marica amalih rupa dados kidang kencana saperlu mbebeda Dewi Sinta. Dewi Sinta kasengsem kaliyan kaendahaning kidang kencana mila nyuwun dhumateng rakanipun kapurih nyepeng kidang wau.

Rama Wijaya pesen dhumateng rayinipun Raden Laksmana supados njagi mbakyunipun amargi badhe ngoyak kidang kencana ingkang mlebet wana. Kidang kalepasi jemparing dening Rama Wijaya lajeng njerit lan swantenipun memba-memba swantenipun Rama Wijaya. Dewi sinta kuwatos mbok menawi ingkang garwa nampi cilaka lajeng utusan rayinipun Raden Laksmana kapurih nututi suka pitulungan. Raden Laksmana kapeksa nututi Rama Wijaya nasak wana amargi dipundukani dening Dewi Sinta. Dewi Sinta katilar piyambakan amargi sami ngoyak kidang kencana.

Prabu Dasamuka ingkang waunipun singidan wonten grumbuling wit-witan, sasampunipun pirsu Dewi Sinta piyambakan lajeng kadhusta miber angkasa badhe kaboyong dhateng Ngalengka. Dewi Sinta jerit-jerit nyuwun tulung kanthi nyebat asmanipun Rama Wijaya. Swantenipun Dewi Sinta nyuwun tulung kapireng dening Resi Jatayu. Resi Jatayu sasampunipun pirsu bilih ingkang nyuwun tulung putra mantunipun Prabu Dasaratha inggih kanca raketipun, tanpa tidha- tidha Resi Jatayu miber angkasa badhe ngrebat Dewi Sinta saking regemanipun Prabu Dasamuka. Prabu Dasamuka boten kersa ngulungaken wasana dados udreg-udregan ingkang wusananipun ndadosaken perang.

Resi Jatayu ngetog kasudiran nyandher Prabu Dasamuka ngantos kebak tatu lan ngantos kawratan ngadhapi krodhanipun Resi Jatayu. Prabu Dasamuka lajeng ngliga pedhang kababataken dhateg swiwinipun Resi Jatayu lajeng tatas sanalika. Resi Jatayu dhawah njrebabah ndhepani bumi kanthi salira kebak rah.

Rama Wijaya kaliyan Raden Laksmana nasak wana madosi Dewi Sinta. Wonten ing madyaning wana pinanggih kaliyan Resi Jatayu ingkang saweg sambat-sambat badhe nemahi ajal. Rama Wijaya tuwin Raden Laksmana lajeng paring pitulungan dhumaten Resi Jatayu. Resi Jatayu suka palapuran dhumateng Rama Wijaya bilih piyambakipun

nemahi tatu abot makaten amargi nembe tandhing tiyasa mengsah Prabu Dasamuka saperlu badhe ngrebat Dewi Sinta ingkang kadhusta Prabu Dasamuka. Sacekapipun matur makaten Resi Jatayu lajeng tiwas.

Rama Wijaya sanget ing panarimahipun dumateng Resi Jatayu ingkang sampun ngurbanaken jiwa raganipun saperlu kangge mbelani piyambakipun. Minangka tandha panarimah lan pakurmatan, layonipun Resi Jatayu lajeng kabesmi kanthi upacara midherek kapitadosanipun. Rama Wijaya sampun nampi sisik melik bilih ingkang ndhusta garwanipun punika Prabu Dasamuka ratu ing Ngalengka. Rama Wijaya lajeng nerasaken lampah badhe ngrebat Dewi Sinta saking regemanipun Prabu Dasamuka.

*Kapethik saking: http://www.Peksi_Jatayu.blogspot.com
mawi jarwan bebas.*

Sawise maca batin teks crita wayang Ramayana asesirah Resi Jatayu, apa pengalaman lan nemokake gambaran apa ngenani crita kasebut? Saora-orane para siswa mangerteni sapa bae paraga kang ana ing crita iku? Banjur perkara apa kang dumadi ing crita? Kepriye larah-larahane crita kasebut?

Mbok menawa para siswa bisa mangsuli pitakonan kasebut, sebab iku wus dijarwakake kanthi basa lumrah

senajan isih ana tetembungan kang durung dimangerteni. Mula saka iku wacanen sepisan maneh kanggo nemokake tetembungan mau lan kanggo ngira-ira apa sejatine maknane tembung iku.

Paraga pokok kang dicritakake pancen manuk Jatayu kang nedya awèh pitulungan marang Shinta. Krodhane manuk Jatayu kepengin nguwalake Shinta saka regemane Dasamuka. Ananging Dasamuka uga ora gelem asor. Pungkasane manuk Jatayu sing kalah lan kudu nemahi tiwas akibat kena sabetan pedhange Dasamuka.

Saka manuk Jatayu iki crita dadi sambung sinambung kawitan Ramawijaya lan Shinta kudu nglakoni urip ing alas Dandaka. Sawernaning godha rencana tansah matumpatumpat dirasakake Rama lan Shinta. Kawitan Rama ora siida ngganteni Prabu Dasarata dadi raja Ayodya krana dijabel dening ibu kuwalone, banjur urip ing alas, lan akhire Shinta kudu dicolong Dasamuka.

A. Ngenani Ramayana lan Maca Batin

Ramayana mujudake kitab babon crita wayang sejene Bratayuda. Ing crita iki salah sijine njlentrehake resi Jatayu. Sapa sejatine Jatayu dene bisa dadi lakon ing crita Ramayana?

Maca batin iku maca kang tanpa swara, swarane dibatin utawa amung ana ing pikiran, mripat kena bae diobahake ngiwa nengen nalika maca. Lisan kadhangkala isih komat-kamit ngetutake swara samesthine. Nanging pakarti kang mangkono ing kegiatan maca batin malah rinasa ngrendhet-ngrendheti. Kurang bisa mbedakake maca batin karo maca anthi swara lirih.

Teks ing ndhuwur bisa dijangka maknane sithik mbaka sithik. Coba dibandhingke naskah kang nomer loro iki, temokna apa bedane!

Pegat, apisah, Rama lan Shinta, kidang kencana tanggap ing sasmita, hangendering cancut mlajeng lumebeng wana, saya hanengah, saya tebih, denira apepisan kalawan garwa mayangsari.

Ngancik telenging wana, peteng ndhedhet lelimengan, ical lacaking kidang, sapandurat kumlebet katingal kidang kencana haleledhang, Rama sigra hangembat gendhewa, menthang langkap, wastra lumepas, hangener dening kidang, tumancep warayang mring hangganing kidang sangsam kencana, gumlundhung pejah kasulayah, eloking kahanan, sareng gumalundhunging kidang kapiyarsa swara dumeling, Marica hangemba-emba suwaranipun Rama, jelih-jelih asesambat mring arinta Laksmana.

Sinta lan Laksmana ingkang hanganti dhatenging ingkang raka Rama dinandak hamiyarsa suwara nyaring asesambat tiwasing dhiri. Kusumaning ayu Sinta sajroning wardaya, hanyipta lamun swara ingkang kapiyarsa punika, tuhu swaranipun raka Rama, mila tarataban manahira, sigra dhawuh mring ari Laksmana, supaya enggal lumawat mring Rama, aweh pitulungan, Laksmana ingkang wicaksana tansah sung pemut, bilih swara punika sanes suwarnipun Rama.

B. Negesi Tembung Saka Teks Crita Wayang

Tetembungan kang ana ing teks wacana kasebut sing durung jelas maknane jlentrehna ing kolom ngisor iki!

No.	Tembung	Tegese	Ngoko
1.	Wana	Alas	Alas
2.	Ngrekadaya	Ngupaya, usaha	Ngupaya, usaha
3.	Ndhusta	Nyolong, nyidra	Nyolong, nyidra
4.	Kencana	Emas	Emas
5.	Kasengsem	Kepencut, dadi seneng	Kepencut, dadi seneng
6.	Raka	Kakang/ kangmas	Kakang/ kangmas
7.	Rayi	Adhi	Adhi
8.	Jemparing	Panah	Panah
9.	Kuwatos	Kuwatir	Kuwatir
10.	Duka	Nesu	Nesu

11.	Singidan	Ndhelik	Ndhelik
12.	Regeman	Cengkremen	Cengkremen
13.	Wusana	Akhire, satemah	Akhire, satemah
14.	kasudiran	kasekten, kadigdayan	kasekten, kadigdayan
15.	Kabesmi	diobong	diobong

Kegiatan 1:

Nemokake tetembungan kang durung dimangerteni tegese.

Ing kegiatan iki para siswa bakal maca lan ninthingi tembung-tembung kang durung dimangerteni maknane. Garapen sarana klompok dhiskusi. Laporna marang guru kanthi tanggung jawab asiling dhiskusi sarana tulis.

Tugas 1

Nemokake tembung-tembung kang durung dimangerteni maknane.

Jingglengana lan temokna tembung-tembung kang durung kokmangerteni maknane!

Tugas 2

Negesi Tembung- Tembung Pilihan Saka Bausastra!

Golekana maknane tembung-tembung kang kokpilih saka bausastra!

C. Mangsuli Pitakon Mawa Ragam Krama

Wangsulana pitakon-pitakon ing ngisor iki nganggo basa krama!

1. Kena apa Dasamuka ndhawuhi Kalamarica malih rupa dadi kidang kencana?
2. Kena apa Dewi Shinta jerit-jerit njaluk tulung?
3. Apa alesane manuk Jatayu gelem tetulung marang Shinta?
4. Kepriye kahanane Jatayu sawise tandhing yuda mungsuh Dasamuka?
5. Apa kang ditindakake Ramawijaya lan Laksmana bareng nemokake Shinta ora ana ing papan sakawit?
6. Apa kang diaturake Jatayu marang Rama?
7. Apa kang ditindakake Ramawijaya lan Laksmana bareng Jatayu nemahi ajal?
8. Apa kang ditindakake Dasamuka marang Shinta bareng tekan Alengka?
9. Apa kang ditindakake Dasamuka nalika Shinta ora gelem digarwa Dasamuka?
10. Apa kang ditindakake Rama mngerteni Shinta didhusta Dasamuka?

D. Nemokake Isine Teks Crita Wayang

Kanggo nemokake isine crita wayang, para siswa bisa miwiti kanthi nemokake gagasan bakune teks saben pada. Saka gagasan baku kasebut para siswa bisa ngracik ukara kang luwes dadi dudutan (simpulan). Dudutan kang ana samengko perlu diandharake ing ngarep kelas saprelu oleh panyaruwe jangkep orane isine crita wayang kang ditulis.

Kegiatan 2:

Nemokake isine pacelathon.

Ing perangan iki para siswa bakal ngrembug isene teks crita wayang kanthi nemokake gagasan baku teks saben pada.

Rembugen ing klompok dhiskusi, saprelu gawe dudutan saka kabeh gagasan baku dadi ukara kang luwes minangka isine crita wayang.

Tugas 1

Nemokake gagasan baku saben pada ing teks crita wayang Golekana gagasan bakune teks crita wayang kang kokwaca kaya ing kolom ngisor iki!

No	Pada	Gagasan Bakune
1.	Nalika samanten Rama Wijaya, Raden Laksamana, tuwin Dewi Sinta manggen wonten wana Dandaka. Prabu Dasamuka pirs	Nalika Rama Wijaya, Raden Laksamana, tuwin Dewi Sinta manggen wonten wana Dandaka, lajeng dipunbebeda

menawi Dewi Sinta wonten wana Dandaka lajeng ngrekadaya supados saged ndhusta Dewi Sinta. Kanthi kasektenipun, abdinipun kinasih nama Kala Marica amalih rupa dados kidang kencana saperlu mbebeda Dewi Sinta. Dewi Sinta kasengsem kaliyan kaendahaning kidang kencana mila nyuwun dhumateng rakanipun kapurih nyepeng kidang wau.	sawijining kidang kencana. <i>Nalika Rama Wijaya, Raden Laksamana, lan Dewi Sinta manggon ing alas Dandaka, terus digodaha sawijining kidang kencana.</i>
---	--

Kanggo pada nomer loro lan sateruse coba panthanthanen manut cacahé kolompok pasinaon, banjur rembugen kayadene conto ing ndhuwur!

Tugas 2

Nulis dudutan saka gagasan baku

Sakabehing gagasan baku kang ana, gawenen ukara kang mathuk minangka dudutan isine teks crita wayang!

E. Nemokake Piwulang Luhur Saka Teks Crita Wayang

Piwulang luhur bisa digunakake kanggo tuladha kang becik tumrap pribadi utawa bebrayan agung masyarakat. Upamane saka anane kabudayan kang ngrembaka ing lingkungan masarakat. Salah sijine yaiku saka kesenian wayang crita Ramayana. Para siswa bisa nyinau saka watake paraga crita. Sawise iku bisa gawe dudutan bab kasebut, tegese para siswa bisa nemokake piwulang luhur kang bisa kanggo pandom (pedoman) tumindak saben dinane.


Bisa dimangerteni menawa paraga crita iku mesthi kaperang dadi telu yaiku, protagonis, antagonis, lan tritagonis. Tetelune nduweni watak kang beda, lumrahe protagonis iku watake apik, bebudene becik, andhap asor lembah manah, kuwasisane pinunjul. Kosok baline antagonis iku nyengkahi utawa mungsuhi watake protagonis. Sanajan uga duwe kuwasisan pinunjul, nanging kuwasisane digunakake kanggo ngumbar angkara murka lan nepsu kadonyane. Tritagonis kena diarani paraga tambahan, jejangkep, kanggo nggenepi anane satron (konflik) crita antara protagonis lan antagonis. Watake uga bisa apik bisa ala gumantung cedhak marang protagonis apa antagonis.




Saka nyinau watake paraga iki para siswa diajab bisa nemokake bab-bab kang becik lan ala, satemah bisa njupuk dudutan kanggo dipilih dadi piwulang kang becik tumrap pribadine para siswa. Nyinau watak kudu ngerti endi sing apik lan endi sing ala, ancas tujuwane kanggo bisa mbedakake lan milih kang samesthine.



Tugas 3

Nemokake Piwulang Luhur Saka Teks Crita Wayang.

Para siswa bisa nemokake watak wantune paraga crita wayang ing kolom ngisor iki, sabanjure bisa gawe dudutan endi kang bisa dipilih kanggo tuladha watak kang becik. Watake para bisa diemokake saka prilaku utawa tandhang tanduke ing teks crita.

No.	Paraga	Watake
1.	Jatayu 

<p>2.</p>	<p>Ramawijaya</p> 	<p>.....</p> <p>.....</p> <p>.....</p> <p>.....</p> <p>.....</p> <p>.....</p> <p>.....</p> <p>.....</p> <p>.....</p> <p>.....</p> <p>.....</p> <p>.....</p> <p>.....</p>
<p>3.</p>	<p>Laksmana</p> 	<p>.....</p> <p>.....</p> <p>.....</p> <p>.....</p> <p>.....</p> <p>.....</p> <p>.....</p> <p>.....</p> <p>.....</p> <p>.....</p> <p>.....</p> <p>.....</p> <p>.....</p>
<p>4.</p>	<p>Dewi Shinta</p> 	<p>.....</p> <p>.....</p> <p>.....</p> <p>.....</p> <p>.....</p> <p>.....</p> <p>.....</p> <p>.....</p> <p>.....</p> <p>.....</p> <p>.....</p> <p>.....</p> <p>.....</p>

5.	<p>Dasamuka</p> 	<p>.....</p> <p>.....</p> <p>.....</p> <p>.....</p> <p>.....</p> <p>.....</p> <p>.....</p> <p>.....</p> <p>.....</p> <p>.....</p> <p>.....</p>
6.	<p>Kalamarica</p> 	<p>.....</p> <p>.....</p> <p>.....</p> <p>.....</p> <p>.....</p> <p>.....</p> <p>.....</p> <p>.....</p> <p>.....</p> <p>.....</p> <p>.....</p>

Tugas 4

Ngandharake isine teks crita wayang lan piwulang luhur kang bisa dituladha

Andharna ing ngarep kelas asiling rembugan kelompokmu tumrap isine crita wayang lan piwulang luhur kang bisa dituladha! Prayoga menawa andharane diperang warna

loro, siji nganggo ragam ngoko, banjur diowahi nganggo ragam krama!

Laporna marang bapak/ibu guru wujud tulisan kanthi kebak tanggung jawab lan mituhu marang dhawuhe guru ngenani isine crita wayang lan piwulang luhure. Gunakna basa kang trep kanggo nuduhake unggah-ungguh lan budi pekertimu kang becik.

Refleksi

Sawise nyinau babagan iklan lan atur-atur, para siswa bisa nduweni pambiji kang becik ngenani basa lan kabudayan Jawa. Anane teks crita wayang nuduhakem menawa Jawa nduweni kabudayan kang pinunjul. Kabukten jaman sadurunge ana teknologi, Jawa wus bisa nulis crita wayang kang onjo, kebak piwulang luhur, bisa dadi tontonan lan tuntunan masarakat. kang gawe gumun, crita kasebut isine isih slaras kanggo pamulangan ing jaman saiki. Puja lan puji syukur marang Gusti Kang Kawasa kang nitahake wong Jawa bisa nduweni kapitayan lan kuwasisan maca nulis crita wayang Jawa. Para siswa uga bisa nindakake kegiyatan pasinaon kanthi jujur, disiplin, greget lan tekad kang gedhe, sarta tanggung jawab marang tugas-tugase.

Ringkesan

Saka andharan wulangan 5 ngenani crita wayang Ramayana lakon Resi Jatayu Gugur iki bisa dijupuk dudutan kang wigati ing antarane yaiku:

1. Sinau babagan kabudayan salah sijine bisa lumantar teks crita wayang.
2. Ramayana iku kitab wayang sejene Bratayuda kang nyritakake laire Ramawijaya lan paraga liyane tumeka diwasa kanthi maneka warna owah-owahan nasibe paraga.
3. Saka lakon Jatayu Gugur, bisa dijupuk dudutan lan piwulang luhur menawa ing atase manuk bae duwe labuh labet kang gedhe tumrap manungsa.
4. Pakarti kang kurang becik saka Dasamuka bisa kanggo kaca benggala kang ora pantes dituladha.
5. Unggah-ungguh basa tetep diudi kanggo nuduhake bangsa Jawa kang nduweni kabudayan lan budi pekerti pinunjul.

EVALUASI WULANGAN 5

- A. Pilihlah salah siji jawaban kang kokanggep paling bener kanthi menehi tandha ping (x) ing aksara a, b, c, utawa d.

Wacanen pethikan teks iki!

Dewi Sinta jerit-jerit nyuwun tulung kanthi nyebat asmanipun Rama Wijaya. Swantenipun Dewi Sinta nyuwun tulung kapiireng dening Resi Jatayu. Resi Jatayu sasampunipun pirsas bilih ingkang nyuwun tulung putra mantunipun Prabu Dasaratha inggih kanca raketipun, tanpa tidha-tidha Resi Jatayu miber angkasa badhe ngrebat Dewi Sinta saking regemanipun Prabu Dasamuka. Prabu Dasamuka boten kersa ngulungaken wasana dados udreg-udregan ingkang wusananipun ndadosaken perang.

1. Pethikan teks crita wayang kasebut nyritakake prastawa
 - a. Dewi Shinta perang tandhing mungsuh Dasamuka
 - b. Jatayu nulungi Dewi Shinta saka regemane Dasamuka
 - c. Dewi Shinta jerit-jerit kelangan Ramawijaya
 - d. Ramawijaya lunga ninggalake Dewi Shinta mburu kidang
2. Jatayu aweh pitulungan marang Dewi Shinta jalaran
 - a. Duwe rasa welas asih marang manungsa
 - b. Kepengin mbuktekake kasektene mungsuh Dasamuka

- c. Mangerteni Shinta iku mantune kanca rakete yaiku Prabu Dasarata
- d. Kepengin nuduhake menawa Jatayu iku resi kang sekti
3. Gagasan bakune pethikan teks kasebut yaiku
 - a. Dasamuka kasil ndhusta Dewi Shinta konangan Jatayu
 - b. Jatayu ngrebut Dewi Shinta saka Dasamuka
 - c. Dasamuka perang tandhing mungsuh Jatayu
 - d. Dewi Shinta jerit-jerit njaluk tulung marang Jatayu
4. ***Tanpa tidha-tidha Resi Jatayu miber angkasa badhe ngrebat Dewi Sinta saking regemanipun Prabu Dasamuka.***
Tembung kang dicap kandel tegese ...
 - a. Tanpa nggunakake swiwi
 - b. Tanpa ndeleng kiwa tengen
 - c. Tanpa ndeleng sapa sing diburu
 - d. Tanpa nenimbang warna-werna
5. ***Resi Jatayu pirsu bilih ingkang nyuwun tulung putra mantunipun Prabu Dasaratha.*** Ukara kasebut ngokone ...
 - a. Resi Jatayu pirsu menawa sing njaluk tulung putrane Prabu Dasaratha.
 - b. Resi Jatayu weruh yen sing njaluk tulung anake Prabu Dasaratha.
 - c. Resi Jatayu ngerti yen sing njaluk tulung mantune Prabu Dasaratha.

- d. Resi Jatayu weruh menawa sing njaluk tulung iku Prabu Dasaratha.
6. Saka paraga Resi Jatayu, bisa dipethik piwulang
- Aweh pitulungan marang pepadha titah iku becik apamaneh wis kenal
 - Dadi manuk kudune bisa aweh pitulungan marang manungsa
 - Dadi manuk iku ora susah sekti mundhak kudu aweh pitulungan
 - Aweh pitulungan kudu ngetung-etung kanca amrih ora cilaka
7. Saka paraga Dasamuka bisa dipethik piwulang
- Yen duwe karep aja disimpen ing pikiran, enggal ditindakna
 - Tumindak nuruti kekarepan iku bisa nglegakake pikiran
 - Rawe-rawe rantas malang-malang putung
 - Tumindak culika iku bisa nuwuhake korban, mula tinggalna
8. Saka paraga Dewi Shinta bisa dipethik piwulang
- Nindakake pakarti iku kanggo nggugu kekarepan
 - Nuruti kekarepane ati becik nganggo tetimbangan
 - Yen nemu pacoban enggal jerit-jerit njaluk pitulungan
 - Aja gelem digarwa wong kang watake ala

9. *Sawise kelangan Dewi Shinta krana ora ana ing pondhokan sekawit, Rama Wijaya lan Laksmana bingung anggone nggoleki. Ing pikirane geneya ndadak mburu kidang kang jebul malihan rupa kalamarica. Saka kedadeyan iki bisa dijupuk dudutan*
- Keduwung iku biyasane tiba mburi
 - Katresnan iku mesthi butuh pangorbanan
 - Yen kelangan iku kudu enggal digoleki
 - Aja mburu kidang mundhak kelangan bojo
10. *Minangka tandha panarimah lan pakurmatan, layonipun Resi Jatayu lajeng kabesmi kanthi upacara midherek kapitadosanipun. Saka ukara kasebut nggambarake...*
- Ngobong layone manuk Jatayu
 - Ngubur manuk Jatayu sawise mati
 - Ngendhangake manuk Jatayu ing kali
 - Nambani manuk Jatayu supaya mari
- B. Wangsulana pitakon ing ngisor iki kanthi patitis!
- Jelasna carane Dasamuka kepingin ndhusta Dewi Shinta saka tangane Ramawijaya!
 - Jelasna apa alesane resi Jatayu aweh pitulungan marang Dewi Shinta!
 - Jelasna maknane ukara-ukara ing ngisor iki!
 - Layone peksi Jatayu
 - Resi Jatayu tatu kebak rah

- c. Dasamuka kawratan ngadhepi krodhanipun Jatayu
4. Sebutna 3 piwulang luhur kang bisa dituladha saka pakartine resi Jatayu!
5. Ukara-ukara ing ngisor iki owahan nganggo ragam ngoko!
 - a. Dewi Shinta katilar Ramawijaya amargi mburu kidang kencana.
 - b. Dewi Sinta kadhusta kabeta miber angkasa badhe kaboyongdhateng Ngalengka
 - c. Resi Jatayu nembe tandhing tiyasa mengsah Prabu Dasamuka ngrebat Dewi Sinta

Pambiji Diri Pribadi

Sawise nyinau ngenani teks crita wayang Ramayana ing wulangan 5, wenehana tandha centhang ($\sqrt{\quad}$) manut kolom kang disiyapake!

No.	Perangan kang dibiji	Mampu	Ora mampu
1.	Ngugem wewaler abasa Jawa minangka nugraha Gusti Kang Maha Tunggal		
2.	Nuduhake rasa syukur anane basa Jawa minangka nugraha Gusti Kang Maha Tunggal		
3.	Nuduhake rasa syukur anane teks wayang Ramayana		

	minangka nugraha Gusti Kang Maha Tunggal		
4.	Tumanggape becik tumrap basa Jawa, mligine teks wayang Ramayana katitik bisa ndhudhah isine lan nemokake piwulang kang becik		
5.	Negesi tetembungan kang lungid maknane		
6.	Gawe laporan kanggo andharan ing ngarep kelas ngenani isi lan piwulang crita wayang Ramayana		

Studi Kasus

Nalika para siswa dhiskusi ngrembug isi lan piwulange crita wayang Ramayana diwawas isih ana siswa kang durung aktif melu ngrembug.

Manut panemumu, apa sing kudu digatekake lan ditindakake nalika dhiskusi, amrih para siswa bisa nemokake piwulang luhur saka wulangan teks crita wayang Ramayana?

BAB VI

WULANGAN 6 PENDIDIKAN

Tujuan pembelajaran:


Setelah mengikuti pembelajaran diharapkan siswa mampu:

1. Menjelaskan kata-kata yang dianggap sulit di dalam tembang Kinanthi.
2. Mengungkapkan nilai-nilai luhur yang terdapat dalam tembang Kinanthi secara tertulis.
3. Menceritakan kembali isi teks tembang Kinanthi secara lisan dalam ragam krama.

Apa kang diarani pendidikan iku? Pendidikan bisa dikandhakake proses kang ditindakake kanggo ngudi kapinteran utawa ndhudhah ngelmu. Jeneng proses lumakune ora mung sedhela, nanging kanthi laku, prihatin, temen, lan sapiturute kang kabeh iku nyengkuyung gegayuhan. Lumrahe wong Jawa sinau, direwangi laku. Laku-lakune wong golek ngelmu bisa didhudhah ing cakepan tembang macapat serat Wulangreh pupuh Kinanthi.

Ing wulangan iki, para siswa bakal nyinau wigatine carane ngudi nglemu saka tembang Kinanthi. Mula para siswa bakal ndhudhah maneh tembang Macapat kaya kang wis nate disinau ing bab sadurunge. Kanggo mbabar gagasan kang ana para siswa tetep kudu ngugemi unggah-ungguh basa lan mangerteni maknane tetembungna kang digunakake ing cakepan tembang.

Peta Konsep



Ayo diwaca lan ditembangake teks ing ngisor iki!

SEKAR KINANTHI

Laras Slendro Pathet 9

5	6	6	6	6	!	@	@
Pa	-dha	gu	-lang	-en	ing	kal	- bu,
@	@	!	!	<u>6!</u>	5	6	
Ing	sas	-mi	-ta	am-rih	lan	-tip.	
5	6	!	!	!	!	!	<u>6!</u>
A	-ja	pi	-jer	mang-an	nen	-dra	
5	5	5	5	5	2	<u>3 2</u>	1
Ka-pra	-wi	-ran	den	ka	-es	-thi	
1	2	3	5	5	5	5	5
Pe	-su	-nen	sa	-ri	-ra	-ni	-ra
3	2	2	2	2	<u>3 2</u>	3	5
Su-da	-nen	dha	-har	lan	gu	-ling	

Sawise maca lan nembang Kinanthi ing ndhuwur, pengalaman apa sing kokrasakake, apa karepe tembang Kinanthi kasebut. Pakarti apa kang diprayogakake kanggo pakulinan?

A. Negesi Tembung Ing Cakepan Tembang Gambuh

Ndulu cakepane tembang Kinanthi ing ndhuwur, kurang luwih tegese bisa kaandharake kaya mangkene:

No.	Tembung	Tegese
1.	Gulang	Gladhi, latih, ngulinakake. <i>Padha ngulinakna tumindak kang becik</i>
2.	Kalbu	Ati, tyas, manah. <i>Atine kang kudu digladhi, dilatih, dikulinakake</i>
3.	Sasmita	Tandha, lambang <i>Ati kang kulina digaldhi utawa dilatih bakal bisa mangerteni tandha-tandha lan pralambang</i>
4.	Lantip	Pinter, cerdas, wasis. <i>Wong kang kulina nggladhi ati bakal bisa lan pinter maca sawernaning pratandha utawa pralambang</i>
5.	Pijer	Tansah, laku katungkul. <i>Nindakake samubarang (biasane pakulnan kang kurang prayoga) kang katungkul, ora uwis-uwis, angel nggone mandheg.</i>
6.	Nendra	Turu, merem, tilem, sare. <i>Pakulnan turu iku kurang prayoga.</i>

		<i>Kang becik ditindakake sacukupe kanggo ngaso lan mulihake awak, dudu kanggo kegiyatan.</i>
7.	Prawira	Satriya, pahlawan, perwira. <i>Sipat kang pantes diconto kanggo pakulinan kayadene sipate satriya</i>
8.	Esthi	Ditindakake, diestokake, dikulinakake <i>Kang kudu asring ditindakake iku sipat kastriyan</i>
9.	Pesu	Ndadar, nggladhi, nggembleng <i>Awak, diri pribadi iku becik digladhi lan digembleng marang pakulinan kang becik.</i>
10.	Sarira(nira)	Awak, badan, pribadi. Nira = kowe, awakmu, sampeyan <i>Perangan kang prelu digladhi lan digembleng marang pakulinan kang becik.</i>
11.	Suda	Kurang Ngurang-ngurangi pakulinan kang kurang prayoga
12.	Guling	Bantal kang wujud dawa gilig

	<p><i>Guling dadi lambang kegiyatane wong turu</i></p> <p><i>Nyuda utawa nyegah dhahar lan guling bisa dikandhakake pasa.</i></p>
--	---

Padha kulinakna ngasah kalbu utawa ati, supaya pikiran dadi lantip, landhep mangerteni kang dadi samesthine (sasmita), aja ketungkul mangan lan turu, sipat kasatriyan/becik ngudi lan nggladhi kapribaden marang sipat kaprawiran kanthi cara seneng prihatin/pasa.

Ing cakupan kasebut ana piwulang, ana pituduh kanggo mesu budi, ngasah pikir, ngulir budi, utawa cekake sinau. Wong sinau iku pindha ngasah gaman, ditindakake kanthi temen lan ajeg amrih gaman iku bisa landhep. Padha bae ngasah pikiran kanthi ajeg lan temen, mula bisa landhep pikirane. Landhep sasmitane. Wong sinau diupaya nyingkiri kasenangan mangan lan turu, kudu asring gladhen, kaya dene sipate kaprawiran utawa satriya, mula becik awake dhewe, kapribaden iku digladhi dadi prawiratama, dadi satriya. Salah sijine cara kang ditindakake yaiku, pasa, nyegah mangan, ngombe, lan turu. Wong Jawa ngarani laku prihatin, laku tirakat, ngeningake cipta kanggo nggayuh panjangka.

B. Ngenani Tembang Kinanthi

Ana ing kasusastran Jawa ana kang diarani puisi/geguritan kang wujud tembang, yaiku macapat. Macapat iku kaiket dening guru gatra, guru wilangan, lan guru lagu. Guru gatra yaiku nuduhake cacahing larikan/gatra saben satembang wutuh. Guru lagu iku nuduhake tibaning swara (dhong-dhing) ing saben pungkasan gatra, dene guru wilangan iku nuduhake cacahing wanda/wilangan (suku kata) saben larik. Telung werna pangikete tembang kasebut dadi pratandha utawa kang mbedakake antarane tembang macapat siji lan tembang liyane. Kabeh ana 11 tembang.

Tembang Kinanthi dumadi saka 16 pada, nut guru gatra, guru lagu, lan wilangane yaiku 6 gatra, gatra sepisan lan sateruse kanthi urutan 8/u, 8/i, 8/a, 8/i, 8/a, 8/i.

Kinanthi tegese bebarengan, dikanthi, digandheng. Teges liyane kinanthi iku kanca, jenenge sawijining barang/samubarang, lan jeneng kembang. Jumbuh karo tegese tembang Kinanthi nduweni watak seneng, biyasa digunakake ing swasana seneng.

Wulangreh manut Dojosantosa dumadi saka tembung Wulang kang tegese piwulang, lan Reh kang tegese prilaku, tandhang tanduk, utawa solah bawa. Prilaku ing kene kang dikarepake kanggone para kawula lan para pangeman

praja nalika srawung, sowan utawa tinimbangan raja, urip bebrayan ing masarakat (donya), kanggone putra raja, lan sapiturute.

Serat Wulangreh anggitané Pakubuwana IV rampung kaserat nalika dina Ahad (Minggu) Kliwon, 19 Besar, tahun Dal 1735, mangsa kawolu, Windu Sancaya, wuku Sungsang. Serat Wulangreh iku ujaring kandha kanggo pandom tumrap putra-putra sunan kang wus owah gingsir karo tatanan prilaku.

16 pada tembang Kinanthi kasebut yaiku;

No.	Tembang Kinanthi	Tegese Jarwan Bebas
1.	<i>Padha gulungen ing kalbu, ing sasmita amrih lantip, aja pijer mangan nendra, kaprawiran den kaesthi pesunen sariranira, sudanen dhahar lan guling.</i>	<i>Kulinakna ngasah ati lan pikiran, amrih landhep sasmitane ngerti perkara kang samesthine, aja ketungkul anggonmu mangan lan turu, udine sipat kaprawiran, latihan awakmu kanthi seneng nindakake pasa prihatin</i>
2.	<i>Dadiya lakunireku, cegah dhahar lawan guling, lawan aja</i>	<i>Dadekna pakulinan nindakake pasa memangan lan turu, aja seneng</i>

	<i>asukan-sukan, anganggoa sawatawis, ala watake wong suka, suda prayitnaning batin.</i>	<i>leluwihan, gunakna ukuran lan takeran, sebab wong kang mangkono lumrahe watake ala, uga kurang pengati-ati lan kawaspadane.</i>
3.	<i>Yen wus tinitah wong agung, aja sira gumunggung dhiri, aja raket lan wong ala, kang ala lakunireku, nora wurung ngajak-ajak, satemah anenulari.</i>	<i>Yen ditakdirake bisa dadi wong gedhe, aja congkak gumedhe, aja cedhak klawan wong ala, ala watak lan prilaku, ing tembe bakal ajak-ajak tumindak ala, tundhone nular-nulari.</i>
4.	<i>Nadyan asor wijilipun, yen kelakuane becik, utawa sugih crita, crita kang dadi misil, iku pantes raketana, darapon mundhak kang budi.</i>	<i>Sanajan kawetu saka wong asor drajate, yen tumindake apik utawane pinter crita kang migunani, mentes lan aji, iku pantes dadi mitra, saka iku bisa ngundhakake kawicaksanan ing budi</i>
5.	<i>Yen wong anom pan wus tamtu, manut marang kang ngadhepi,</i>	<i>Yen dadi wong enom biyasane tut wuri marang kiwa tengen lingkungane,</i>

	<i>yen kang ngadhèp akeh banget, nora wurung bisa anjuti, yen kang ngadhèp keh durjana, nora wurung bisa maling.</i>	<i>yen kiwa tengene akeh kang tumindak ala, biyasane uga katut melu ala. Yen sing diadhèpi seneng maling, biyasane uga gelem melu maling.</i>
6.	<i>Sanadyan ta nora melu, pasthi wruh solahing maling, kaya mangkono sabarang, panggawe ala puniki, sok weruha nuli bisa, iku panuntuning eblis.</i>	<i>Sanajan ora melu-melu (maling), nanging mangerteni kepriye tumindake maling. Ya mangkono iku samubarang tumindak ala, sebab tumindak ala iku amung saka weruh terus bisa anglakoni, bab iku krana panggodhane iblis (setan).</i>
7.	<i>Panggawe becik puniku, gampang yen wus den lakoni, angel yen durung kalakyan, aras-arasan nglakoni, tur iku den lakonana, mupangati badaneki.</i>	<i>Tumindak becik iku sabenere gampang ditindakake, rasane angel yen durung diwiwiti, aras-arasan anggane miwiti, mangka yen ditindakake temenan, mupangati</i>

		<i>tumrap diri pribadi.</i>
8.	<i>Yen wong anom-anom iku, kang kanggo ing masa iki, andhap asor kang den simpar, umbag gumunggunging dhiri, obral umuk kang den gulang, kumenthus lawan kumaki.</i>	<i>Wong-wong enom iku, ing jaman saiki, akeh kang ninggal andhap asor (rendah hati), ngunggul-unggulake dhiri, congkak, kumenthus lan kemaki.</i>
9.	<i>Sapa sira sapa ingsun, angalunyat sarta edir, iku wewatone uga, nom-noman adoh wong becik, emoh angrungu crita, crita ala miwah becik.</i>	<i>Wong kang ora ngerti liyan, kurang ajar, lan congkak, iku uga dadi pakulinane, wong enom emoh kumpul karo wong apik, emoh ngrungokake pitutur, pangerten kang la uga pitutur kang becik.</i>
10.	<i>Cerita pan wus kalaku, panggawe ala lan becik, tindak bener ala lan ora, kalebu jero cariteki, mulane aran crita, kabeh-kabeh den</i>	<i>Pitutur kang lumrah dicritakake, ngenani prilaku ala lan becik, tindak kang bener ala lan luput, banget jero piwulange, mula pitutur iku mesthine</i>

	<i>kawruhi.</i>	<i>ngertenana</i>
11.	<i>Mulane wong anom iku, abecik ingkang taberi, jejagongan lan wong tuwa, ingkang sugih kojah ugi, kojah iku warna-warna, ana ala ana becik.</i>	<i>Mula dadi wong enom iku becik tumindak kang tumemen, asring ngrungokake pituture wong tuwa, kang sugih crita piwulang, crita piwulanga iku ana kang becik uga ana kang ala</i>
12.	<i>Inkang becik kojahipun, sira anggoa kang pasthi, inkang ala singgahana, aja sira anglakoni, lan den awas wong akojah, iya ing masa puniki.</i>	<i>Crita-crita kang becik, anggonen lan tindakna, sing ala disimpen, aja ditindakake, jaman saiki sakehing crita iku perlu diwawas lan ditetimbang.</i>
13.	<i>Akeh wong kang sugih wuwus, nanging den sampar pakolih, amung badane priyangga, kang den pakolehaken ugi, panastene kang den umbar, nora nganggo</i>	<i>Akeh wong kang spinter crita lan pinter mulang, nanging ora ana guna paedahe, omongane ngemu pamrih kanggo awake dhewe, isine omongan srei lan dhengki marang liyan,</i>

	<i>sawatawis.</i>	<i>ora nganggo wates lan takeran.</i>
14.	<i>Aja ana wong bisa tutur, amunga ingsun pribadhi, aja ana ingkang memadha, angrasa pinter pribadhi, iku setan nunjang-nunjang, tan pantes den pareki.</i>	<i>Rasa rumangsane ora ana wong kang bisa crita kejaba dheweke, ora ana kang bisa madhani, rumangsa pinter dhewe, kang mangkono iku lagi diangslupi prilaku setan, ora pantes dicedhaki lan dirungokake.</i>
15.	<i>Sikakna di kaya asu, yen wong kang mangkono ugi, dahwen apan nora layak, yen sira sandhinga linggih, nora wurung katularan, becik singkirana ugi.</i>	<i>Sing kaya mangkono iku uraken kaya dene nggusah sona, omongane kang ora patut, dirungokake nalika sapejagong, mundhak nular-nulari, luwih becik sumingkir.</i>
16.	<i>Poma-poma wekasingsun, mring kang maca layang iki, lair batin den estokna, saunine layang iki, lan den bekti mring wong</i>	<i>Marang kang padha maca serat iki, mula gatekna pituturingsun, tindakna ikhlas lahir batin, kabeh isine layang iki lan bektenana dhawuhe wong</i>

<i>tuwa, ing lair praptaning batin.</i>	<i>tuwa lahir tumekane batin.</i>
---	-----------------------------------

C. Ninthingi Isine Tembang

Kegiatan 1 Nemokake isine tembang Kinanthi

Ing kegiatan iki para siswa bakal ninthingi isine tembang Kinanthi. Carane kaya kang dibabar ing kolom tegesing tembung banjur digawe dudutan kanggo mangerteni kecarepane tembang. Anggone nggarap sarana klompok dhiskusi (4-5). Saben klompok nggarap 3 pada. Laporna marang guru kanthi tanggung jawab asiling dhiskusi sarana tulis lan lisan. Gunakna unggah-ungguh kang trep nalika ngandharake laporan.

Tugas 1

Njlentrehake werdine tembung-tembung kang digunakake ing tembang Kinanthi saben pada.

Jlentrehna werdine tembung-tembung kang dirasa angel maknane adhedhasar jarwan bebas saka kolom ing ndhuwur!

Tugas 2

Gawe dudutan isine tembang Kinanthi saben pada.

Gaweya dudutan ngenani isine tembang Kinanthi adhedhasar werdine tembung-tembung kang kokjlentrehake!

D. Nyritakake Isine Tembang Kinanthi

Nyritakake isine tembang Kinanthi saben pada sawise dmangerteni werdine tembung lan dudutane. Para siswa kari ngandharake ana ing ngarep kelas, supaya bisa oleh panyaruwe lan pamrayoga saka kelompok liya nalika diandharake.

Anggone ngandharake isine tembang becik nggunakake ragam krama, ngiras pantes kanggo nggladhi kapitayane abasa krama ing ngarepe wong akeh (siswa). Unggah-ungguh basa nyata bakal dadi pandom kang nuduhake becik lan alane budi pekerti. Kejaba saka iku uga nuduhake asiling pasinaon ing kelas.

Kegiatan 2 Ngandharake isine tembang Kinanthi

Ing kegiatan iki para siswa bakal maju ing ngarep kelas kanggo mbabar isine tembang Kinanthi. Carane amung ngandharake apa kang wis digawe dudutan saka werdine tembung. Gunakna unggah-ungguh kang trep nalika ngaturake andharan.

Tugas 1

Ngandharake Isine tembang Kinanthi ing ngarep kelas.
Andharna isine tembang Kinanthi manut dudutan kang kognawe ing kelompokmu!

Tugas 2

Aweh Panyaruwe.

Kolompok kang durung maju nyimak lan aweh panyaruwe (saran lan kritik) marang Andharane kelompok kang lagi maju!

E. Mangsuli Pitakon Mawa Ragam Krama

Wangsulana pitakonan ing ngisor iki nganggo ragam krama adhedhasar isine tembang Kinanthi 16 pada ing ndhuwur!

1. Pakarti apa kang kudune ditindakake kanggo nglantipake sasmita?

Wangsulan:.....

2. Tumindak apa bae kang kudu ditindakake kanggo nuduhake pakarti kang becik?

Wangsulan:.....

3. Pakarti apa bae kang kudu disingkiri amrih ora dadi wong ala?

Wangsulan:.....

4. Kepriye watak wantune wong kang watake ala?

Wangsulan:.....

5. Apa kang kudu ditindakake menawa ngadhepi wong kang pakarti lan omongane ala?

Wangsulan:.....

6. Kepriye gambarane wong-wong enom jaman saiki?
Wangsulan:.....
7. Apa kang mesthine ditindakake dening wong enom?
Wangsulan:.....
8. Kena apa wong kang kulina tumindak ala dikandhakake lagi dituntun setan?
Wangsulan:.....
9. Crita iku bisa ngandhut piwulang kang becik bisa uga ala, apa kang mesthine ditindakake tumrap perkara iku?
Wangsulan:.....
10. Sapa kang mesthine digugu guneme saliyane wong kang pinter ngudhal piwulang? Geneya?
Wangsulan:.....

F. Nemokake Piwulang Luhur Saka Teks tembang Gambuh

Piwulang luhur bisa digunakan kanggo tuladha kang becik tumrap pribadi utawa bebrayan agung masyarakat. Budi pekerti bisa digladhi kanthi sinau ing sekolah, omah, utawa ing lingkungan masarakat. Para siswa bisa njingglengi lan nandhingake sapa-sapa ing sakiwa tengene para siswa kang duwe budi pekerti apik lan ala. Sabanjure njumbuhake pakarti-pakarti kasebut klawan isine tembang Kinanthi. Sawise bisa gawe dudutan bab kasebut,

tegese para siswa bisa nemokake piwulang luhur kang bisa kanggo pandom (pedoman) tumindak saben dinane.

Tugas 4

Nemokake Piwulang Luhur Saka Teks Tembang Kinanthi.

Para siswa cukup nggatekake andharan saben kelompok ngenani isine tembang Kinanthi. Sawise iku gaweya dudutan anane budi pekerti kang bisa dituladha.

Mesthine para siswa bakal nuladha utawa milih budi pekerti kang becik saka kabehing andharan kelompok. Dene bukdi pekerti kang kurang becik digunakake kanggo kaca bengala amrih aja nganti salah pilih lan salah tumindak.

Tugas 5

Gaweya Dudutan Ngenani Pakarti Kang Becik Saka Isine Tembang Gambuh.

Laporna marang bapak/ibu guru wujud tulisan kanthi kebak tanggung jawab lan mituhu marang dhawuhe guru ngenani pakarti kang becik ditindakake saka tuladha ing tembang Kinanthi. Gunakna basa kang trep kanggo nuduhake unggah-ungguh lan budi pekertimu kang becik.

Refleksi

Sawise nyinau babagan tembang Kinanthi, para siswa bisa nduweni pambiji kang becik ngenani basa lan kabudayan Jawa. Anane teks tembang Kinanthi kang gegayutan pamulangan budi pekertine manungsa bisa digunakake kanggo pandom tumindak padinan. Jawa nyata adiluhung, nduweni teks tembang kanggo nuntun manungsa tumindak becik. Puja lan puji syukur marang Gusti Kang Kawasa nitahake para siswa dadi wong Jawa. Para siswa uga bisa nindakake kegiatan pasinaon kanthi jujur, disiplin, greget lan tekad kang gedhe, sarta tanggung jawab marang tugas-tugase.

Ringkesan

Saka andharan wulangan 6 ngenani tembang Kinanthi iki bisa dijupuk dudutan kang wigati ing antarane yaiku:

1. Tembang Kinanthi isine kanggo nggladhi, nggembelng pribadi tumrap kautaman
2. Tembang kinanthi ing serat Wulang Reh kaperang dumadi 16 pada kang mbabar watak wantune wong.
3. Serat Wulang Reh iku anggitané Kanjeng Susuhunan Pakubuwana IV rampung kaserat nalika dina Ahad (Minggu) Kliwon, 19 Besar, tahun Dal 1735, mangsa kawolu, Windu Sancaya, wuku Sungsang .

4. Tembang Kinanthi duwe paugerane guru gatra, guru lagu, lan wilangane yaiku 6 gatra; wilangane yaiku 6 gatra, gatra sepisan lan sateruse kanthi urutan 8/u, 8/i, 8/a, 8/i, 8/a, 8/i.
5. Guru gatra yaiku nuduhake cacahing larikan/gatra saben satembang wutuh. Guru lagu iku nuduhake tibaning swara (dhong-dhing) ing saben pungkasan gatra, dene guru wilangan iku nuduhake cacahing wanda/wilangan (suku kata) saben larik.
6. Ngandharake isine tembang becik ngugemi unggah-ungguh basa kanggo nuduhake budi pekerti lan tumindak kang becik.
7. Piwulang luhur saka isine tembang banget perlu dimangerteni amrih saben-saben siswa nduweni budi pekerti kang becik dinane iki lan salawase mengko.

EVALUASI WULANGAN 6

- A. Pilihlah salah siji jawaban kang kokanggep paling bener kanthi menehi tandha ping (x) ing aksara a, b, c, utawa d.

Wacanen teks cakepan tembang Kinanthi ing ngisor iki!

*Yen wong anom-anom iku,
kang kanggo ing masa iki,
andhap asor kang den simpar,
umbag gumunggunging dhiri,
obral umuk kang den gulang,
kumenthus lawan kumaki.*

1. Tembang kasebut mligi katujokake marang
 - a. Wong andhap asor
 - b. Wong enom-enom
 - c. Wong awatak ala
 - d. Wong kumaki
2. Prilaku utawa watak kang digambarake kanggo wong enom jaman saiki yaiku
 - a. Andhap asor
 - b. Ngerti unggah-ungguh
 - c. Nggegulang kalbu amrih lantip
 - d. Umuk, kumenthus, lan kumaki

3. Piwulang kang diandharake ing tembang kasebut yaiku
 - a. Wong enom iku mesthi duwe pakarti kang becik
 - b. Pakarti kang ala bisa kanggo kaca benggala
 - c. Pakarti kang ala tumrap wong enom bisa dituladha
 - d. Wong enom samesthine umuk, congkak, lan kemaki
4. *Adhap asor kang den simpar*. Werdine ukara kasebut yaiku
 - a. Prilaku andhap asor malah disingkiri
 - b. Prilaku andhap asor iku prelu ditiru
 - c. Prilakune wong enom kang dadi asor
 - d. Aja dadi wong kang andhap asor
5. Andhap asor iku prilaku kang
 - a. Asor drajate
 - b. Ala bebudene
 - c. Lembah manah
 - d. Congkak lan gumedhe

*Nadyan asor wijilipun,
yen kelakuane becik,
utawa sugih crita,
crita kang dadi misil,
iku pantes raketana,
darapon mundhak kang budi.*

6. *Nadyan asor wijilipun*. Larikan kasebut duweni guru wilangan lan lagu
 - a. 8 pun
 - b. 8 un
 - c. 8 u
 - d. 8 ipun

7. Ing tembang kasebut bisa dijupuk dudutan ngenani drajate wong yaiku
 - a. Wong kang becik iku yen drajate dhuwur
 - b. Wong kang becik iku yen drajate asor
 - c. Wong kang becik iku yen bisane omong becik
 - d. Wong kang becik iku yen omong lan tumindake becik
8. Kang diarani sugih crita iku
 - a. Sugih piwulang kang becik
 - b. Sugih omong nyatur liyan
 - c. Sugih pengalaman crita
 - d. Tukang ndongeng
9. Kekancan marang wong kang becik bebudene iku bisa gawe
 - a. Nambahi kanca kang becik
 - b. Neniru laku kang becik lan wicaksana
 - c. Sabar lan kudu prihatin
 - d. Gelem rekasa ing kabeh prilaku
10. Tembung Kinanthi iku tegese
 - a. Srawung
 - b. Jeneng wong
 - c. Bebarengan
 - d. Sabar

B. Wangsulana pitakon ing ngisor iki kanthi patitis!

Gatekna tembang Macapat iki!

*Poma-poma wekasingsun,
mring kang maca layang iki,
lair batin den estokna,
saunine layang iki,
lan den bekti mring wong tuwa,
ing lair praptaning batin.*

1. Jelasna tegese tembung-tembung kang ana tembang Kinanthi ngisor iki!
 - a. Wekasingsun
 - b. Estokna
 - c. Praptaning
2. Jelasna tegese/isine tembang Kinanthi kasebut!
3. Piwulang apa kang ana sajroning tembang Kinanthi kasebut!
4. Wacanen teks tembang Kinanthi iki, banjur gawenen gancaran kang mathuk!

*Inggang becik kojahipun,
sira anggoa kang pasthi,
inggang ala singgahana,
aja sira anglakoni,
lan den awas wong akojah,
iya ing masa puniki.*

5. Pakarti apa kang didhawuhake panganggit saka tembang kasebut (no. 4)!

Pambiji Diri Pribadi

Sawise nyinau ngenani tembang Kinanthi ing wulangan 6, wenehana tandha centhang (√) manut kolom kang disiyapake!

No.	Perangan kang dibiji	Mampu	Ora mampu
1.	Ngugem wewaler abasa Jawa minangka nugraha Gusti Kang Maha Tunggal.		
2.	Nuduhake rasa syukur anane basa Jawa minangka nugraha Gusti Kang Maha Tunggal		
3.	Nuduhake rasa syukur anane tembang Macapat Kinanthi minangka nugraha Gusti Kang Maha Tunggal.		
4.	Tumanggape becik tumrap basa Jawa, mligine tembang Macapat Kinanthi		

	katitik bisa nembangake lan ndhudhah isine.		
5.	Nemokake piwulang luhur saka tembang Kinanthi .		
6.	Negesi tetembungan kang ana teks tembang Kinanthi.		
7.	Ngandharake isine tembang Kinanthi mawa ragam krama.		

Studi Kasus

Nalika para siswa ngandharake isine tembang, diwawas bab kang kurang jangkep lan unggah-ungguhe durung bener.

Manut panemumu, apa sing kudu digatekake lan ditindakake nalika ngaturake andharan, amrih para siswa bisa mahanani isine andharan?

BAB VII

WULANGAN 7 LINGKUNGAN

Tujuan pembelajaran:


Setelah mengikuti pembelajaran diharapkan siswa mampu:

1. Menjawab pertanyaan dalam ragam krama.
2. Membedakan ragam bahasa Jawa sesuai unggah-ungguh.
3. Mengungkapkan nilai-nilai luhur yang terdapat dalam legenda secara tertulis.
4. Menceritakan kembali teks legenda secara lisan dalam ragam krama.
5. Mengungkapkan nilai-nilai luhur yang terdapat pada cerita legenda.

Apa kang diarani lingkungan iku? Lingkungan mono papan dunung, panggonan kanggoning kabeh titah. Lingkungan kang dadi papan dununge wong Jawa, lumrahe dipepetri, diupakara kanthi becik, ora kena diregedi kanthi samubarang pawuhan utawa pakarti. Papan dunung kang ana uga nduweni crita sejarah dhewe-dhewe. Cikal bakale biyasane didadekake jeneng panggonan utawa prastawa tartamtu kang dadi pratandha anane dhaerah tartamtu.

Ing wulangan iki, para siswa bakal nyinau asal-usul jenne panggonan kutha Banyuwangi. Nut sujarahe kang warna-warna bisa bae bener kabeh, nanging uga bisa kurang trep utawa kurang jangkep. Nanging dudu bab bener lupute crita kang bakal dadi pandome sinau, nanging sepira daya pengaruhe marang urip bebrayan ing lingkungan dinane iki. Crita kang dibabar nggunakake basa krama amrih anggone nggunakake basa kasebut tansaya lancar.

Peta Konsep



Ayo diwaca lan dijingglengi teks Legenda Banyuwangi ing ngisor iki!

LEGENDA BANYUWANGI

Dhek jaman semanten, wonten ing tanah Jawa sisih wetan kawentar wilayah kang edi peni, subur kang sarwa tinandur. Wilayah kasebat dipunkuwaosi dening Prabu Sulahkrama ingkang dados Adipati. Kangge ngayahi jejibahan wajib saben dintenipun kabiyantu Patih Sidapeksa. Kapribaden juritipun Patih Sidapeksa klebet pinujul, gagah pideksa, bagus jatmika, ugi wicaksana.

Patih Sidapeksa kagungan garwa asma Sri Tanjung ingkang ayu sulistya, andhap asor bebudenipun, lan prasaja solah bawanipun. Bab punika ndadosaken goreng manahipun sang Adipati. Panjenenganipun sanget kayungyun dening Sri Tanjung. Saben dinten damel boten sekeca ing manah, boten kraos wonten ing kraton, boten jenak anggenipun sare, boten sekeca dhahar. Cekak aosipun adipati Sulahkrama nandhang asmara dhateng garwanipun pati Sidapeksa.

Sawijining dinten, sang Adipati damel pangrekadaya amrih gegayuhaning nala saged kasembadan. Adipati Sulahkrama ngulir budi culika. Pajaenenganipun paring dhawuh dhateng Patih Sidapeksa supados nakyinaken kabar

saking telik sandi bilih ing sawijining wana wonten sabregada prajurit baris pendhem ingkang badhe ngrabasa kraton.

“He ... Patih Sidapeksa! Mula tindakna dhawuhingsun, nyatakana menawa ing tengahing wana ana sabregada prajurit baris pendhem kang nedya ngrabasa kraton kene, yen bener mula sidhemen, yen ora bener kabar iki bisa kanggo mulat lan jaga-jaga.” Ngendikane sang Adipati marang Patih Sidapeksa.

“Kasinggihan sinuwun, ngestoaken dhawuh, nyuwun tambahing pangestu mugi bidhal kula manggihi damel lan kawilujengan.” Linambaran kasetyanipun dhateng negari, mila sang Patih Sidapeksa nampi dhawuhipun sang Adipati. Nuli sang Patih pamit budhal tumuju alas.

“Yoh, enggal budhala, muga-muga slamet tekan balimu mengko, dakpangestoni.” Ing manahipun sang Adipati ngendika “suwe mijet wohing ranti”, gampil sanget Patih Sidapeksa dipunpaeka.

Lampahing ayahan ngancik setunggal minggu, sang raja kersa tindak ing dalem kePatihan saprelu manggihi Sri Tanjung. Kagyat ing penggalhipun Sri Tanjung amargi boten limrah sang adipati tindak dhateng kePatihan, mesthinipun menawi ngersakaken sowanipun Patih Sidapeksa kemawon lajeng utusan dhateng prajurit jagi

kemit. Punika kok tindak piyambak wonten ing dalem kePatihan.

“Nyuwun pangapunten dalem sinuwun, wonten duka panjenengan dene kersa tindak wonten dalem kePatihan punika, punapa kagungan kersa wigatos?” ature Sri Tanjung boten nilar kasusilan.

“Ya, Ingsun pancen kagungan kersa marang kowe.”

“Kenging punapa sinuwun, panjengan pirsu piyambak menawi kangmas Patih Sidapeksa nembe ngayahi jejibahan nagari.”

“Ya merga kuwi Ingsun tindak mrene. Mangertiya Sri Tanjung menawa garwamu mbokmenawa saiki wis tumekaning pati krana tumeka dina iki ora ana kabar keslametane. Pancen dhawuhingsun iki abot krana kudu adu arep klawan mungsuh prjaurit pilih tandhing kang arep gawe ramen kadipaten kene. Mula dakpilih garwamu kang pinunjul ing jurit amrih ora ana ontran-ontran bacute. Luputa semono wong panggonane ing tengah alas, mbokmenawa uga dimangsa sato kewan galak.”

“Nyuwun pangapunten sinuwun, kula pitados dhateng kangmas Sidapeksa menawi saged ngayahi kuwajiban punika kanthi gampang. Kula mangertos piyambak katiyasanipun. Mila sinaosa sampun seminggu dereng kondur, taksih pinaringan slamet.”

“Kok maido, kudune ora nganti telung dina uwis bali. Wis, ngene bae, sliramu ora susah kuwatir, ditunggu sedina rong dina meneh. Yen nganti durung bali kena dipesthekake, yen garwamu bener tiwas.”

“Lajeng, kersanipun sinuwun?”

“Upama temen Sidapeksa tumekaning tiwas, sliramu rak dadi ijen, mula ora susah kuwatir. Isih ana Ingsun, mengko dakboyong cumondhok ing kadhipaten.”

“Kula cumondhok dhateng kadipaten? Kangge punapa?”

“Iya, tinimbang kijenen, ing kana mengko sliramu dadi sisihanku?”

“Menawi ngaten, sinuwun paring dhawuh kangmas Sidapeksa punika namung apus-apus, sinuwun panci ngarah pejahipun kangmas Sidapeksa, kula boten sagah sinuwun, kula taksih pitados menawi kangmas Sidapeksa dereng seda.”

“Wong dikepenakake kok ora gelem, ya wis, entenana sesuk, lan timbang-timbangan kersaku iki?” sang adipati nuli ninggalalek Sri Tanjung.

Dinten candhakipun, Patih Sidapeksa sowan sang Adipati saprelu atur palapuran. Kanyata kabar prajurit baris pendhem ing tengahing wana boten wonten. Sakupengipun

alas lan saisinipun sampun dipunsasak nanging boten manggihi mengsah.

“Ingsun banget ngaturake panuwun marang sira Patih Sidapeksa, dene kabar kang mutawatiri wis badhar ora bakal ana pangincim maneh. Mangertiya Patih, salawase sira ngayahi wajib, krana nganti seminggu kliwat iki, garwamu Sri Tanjung nganti ngaruhake mrenges ngenani keslametanmu. Sing nggumunake, malah murang tata marang ingsun supaya ingsun kersa ndadekake sisihan menawa sira tumekaning tiwas.” Sang adipati damel pitenah dhateng Sidapeksa. Sanalika sang Patih lejng pamit wangsul saprelu manggihi Sri Tanjung.

Patih Sidapeksa duka boten kantenan. Aturipun Sri Tanjung sampun boten dipunpitados malih. Bilih ingkang saestu murang tata punika inggih sang Adipati.

“Cukup. Aku wis ora percaya marang kowe. Becik taklunasi nyawamu dina iki uga.” Sri Tanjung boten ajrih nalika Patih Sidapeksa ngunus dhuwungipun. Malah nggapyu sembah sungkep ing ampeyanipun nuli ngauraken pasrah jiwa raga menawi Sri Tanjung panci badhe dipunperjaya.

“Saderengipun kangmas Sidapeksa mejahi kula, kula gadhah panyuwunan. Kepareng samangke angga kula dipunsilemaken dhateng lepen ageng. Samangke kangmas

saged mirsani, menawi toya ing lepen sapunika ingkang butheg dados wening lan arum gandanipun punika tandhanipun kula boten lepat, semanten kosok wangsulipun. Menawi kula lepat toya punika badhe ajeg butheg lan banger gandanipun.”

Patih Sidapeksa mbeta Sri Tanjung ing sapinggiring lepen, nuli namakaken dhuwung ing angganipun Sri Tanjung, rah muncrat sanalika. Patih Sidapeksa lajeng nyemplungkaken Sri Tanjung dhateng lepen. Boten antawis dangu, toya lepen dados malih warni wening, gandanipun ugi arum angambar-ambar. Patih Sidapeksa keduwung, nanging Sri Tanjung sampun tumekaning tiwas. Patih Sidapeksa namung saged muwun lan jejerit, banyu banyuuuuwangi wangiiii.....ohh!.... banyu wangi, kangge pratandha wontenipun prastawa kasebat papan punika katelah nama Banyuwangi.

Crita iki dijupuk saka maneka sumber wacan

Sawise maca lan njingglengi teks wacan abasa krama ngenani legenda Banyuwangi, pengalaman apa sing kokrasakake, kepriye critane? Perkara apa kang bisa dipethik kanggo pamwas ing lingkungane dhewe?

A. Negesi Tembung Ing Teks Crita Legenda

Ndulu teks wacan ing ndhuwur kang nggunakake ragam krama, kanggo mangerteni isine samengko becik tetembungan kang ana dipilih lan diowahi dadi ngoko. Upamane kaya ing ngisor iki;

No.	Tembung	Ngoko
1.	Kawentar	Kondhang <i>Semarang kawentar wingko babate lan Lawang Sewune</i>
2.	Edi peni	Endah, apik banget sesawangane <i>Saka Umbul Sidomukti bisa nyawang kutha Ungaran kang edi peni.</i>
3.	Manah	Ati, penggalih, tyas <i>Putri lara atine jalaran disulayani janjine.</i>
4.	Sekeca	Kepenak, penak, enak. <i>Bapak dhahare ngraosake sekeca.</i>
5.	Pangrekadaya	Usaha, mbudidaya. <i>Lingkungan kutha krasa panas, para nom-noman duwe pangrekadaya nandur sewu wit saben minggune.</i>
6.	Gegayuhan	Kekarepan, cita-cita. <i>Gegayuhane wong sekolah iku bisa urip kanthi kepenak ing tembe mburi.</i>
7.	Kasembadan	Ketekan, kasil, sukses.

		<i>Rina wengi direwangi ndonga marang Gusti Allah supaya kasembadan cita-citane.</i>
8.	Ngrabasa	Nyerang <i>Para prajurit siyaga ngrabasa barisane mungsuh</i>
9.	Mulat	Pnegati-ati, waspada <i>Manggon ing ereng-ereng gunung sing mulat marang kahanan.</i>
10.	Kagyat	Kaget <i>Kagyat pikirane Sri Tanjung weruh adipati rawuh ing omahe.</i>
11.	Penggalih	Pikiran Penggalihane lagi kurang kepenak
12.	Wigatos	Wigati, Penting, perlu <i>Bab kang wigati kudu ditulis mundhak lali</i>
13.	Nilar	Ninggal, mbuwang <i>Aja nilar tata krama ing sadhengah papan</i>
14.	Ngayahi	Nindakake, nglakoni, (tugas) <i>Para siswa ngayahi wajib sinau basa Jawa.</i>
15.	Jejibahan	Kuwajiban, tugas <i>Jejibahane dadi murid iku sinau.</i>
16.	Katiyasan	Kasekten, kuwasisan, kapitayan, (kemampuan) <i>Ngadhapi bebaya kang ngincim saka rusaking lingkungan dibutuhake katiyasane para</i>

		<i>winasis.</i>
17.	Mutawatiri	Nguwatirake <i>Aja gawe perkara kang mutawatiri keslametane lingkungan.</i>
18.	Dhuwung	Keris <i>Sang Patih ngunus dhuwunge</i>
19.	Gandanipun	Ambune <i>Banyu iki gandane arum</i>
20.	Rah	Getih <i>Dheweke duwe gais turun rah kusuma, rembesing madu.</i>

Kegiatan 1 ngowahi tembung-tembung abasa krama dadi ngoko

Ing kegiatan iki para siswa bakal ngowahi tembung-tembung abasa krama ing teks wacan dadi ngoko. Golekana tembung kang dirasa durung dimangerteni tegese, nuli udhalen tegese kaya tuladha ing ndhuwur. Garapen sarana klompok dhiskusi (4-5). Laporna marang guru kanthi tanggung jawab asiling dhiskusi sarana tulis lan lisan. Gunakna unggah-ungguh kang trep nalika ngandharake laporan.

Tugas 1

Ngowahi tembung abasa krama dadi ngoko.

Owahana tembung-tembung abasa krama ing wacan crita Legenda Banyuwangi kasebut dadi ngoko!

Gunakna bausastra yen dirasa kangelan!

B. Mbedakake Ragam Krama Lan Ngoko

Ing wulangan sadurunge wis nate dibahasa babagan basa krama lan ngoko, ing kene ora prelu dibaleni kanthi jangkep. Nanging para siswa kudu nggatekake ana sawetara bab utawa perkara kang kudu digatekake ngenani basa krama. Bab iku ing antarane:

1. Basa krama alus digunakake dening wong enom marang wong tuwa, luwih tuwa, utawa wong kang dituwakake.
2. Basa krama alus wujud tembung kriya lan hak milik ora kena digunakake kanggo diri pribadi
3. Basa krama (alus) digunakake kanggo ngajeni wong liya
Coba gatekna tuladha ukara ing ngisor iki!

Luput	Bener
Kula nembe mawon dhahar	<i>Kula nembe mawon nedha</i>
Bibar solat Subuh kula lajeng siram	<i>Bibar solat Subuh kula lajeng adus</i>
Bapak kesah dhateng Jakarta	<i>Bapak tindak dhateng Jakarta</i>
Dugi sapunika putra kula	<i>Dugi sapunika lare kula tiga</i>

tiga	
Buku punika kagungan kula	Buku punika <i>gadhahan</i> kula

Dhahar lan *siram* klebu jinising tembung kriya, ora kena digunakake kanggo diri pribadi nanging kanggo wong tuwa, luwih tuwa, lan wong dituwakake. Wong tuwa iku tegese bisa wong tuwane dhewe utawa wong tuwa krana umure lan kudu diajeni krana durung tepung ora kulina srawung.

Tembung *kesah*, klebu jinising tembung kriya krana ing ukara kasebut digunakake kanggo Bapak (wong tuwa kang kudu dihormati) mula kudu diganti nganggo tembung krama inggil tindak.

Tembung putra lan kagungan, nuduhake sipat hak milik, ora kena digunakake kanggo diri pribadi. Sebab padha bae njunjung drajat pribadi kang paling dhuwur. Bab iku diarani congkak, gumedhe. Kapribaden Jawa mesthine lembah manah, andhap asor, ngajeni liyan.

Ing ngisor iki ana tuladha njarwakake werdine wacan crita Legenda ing ndhuwur kanthi ngowahi dadi ragam ngoko.

No.	Pada	Ngoko
1.	<p>Dhek jaman semanten, wonten ing tanah Jawa sisih wetan kawentar wilayah kang edi peni, subur kang sarwa tinandur. Wilayah kasebat dipunkuwaosi dening Prabu Sulahkrama ingkang dados Adipati. Kangge ngayahi jejibahan wajib saben dintenipun kabiyantu Patih Sidapeksa. Kapribaden juritipun Patih Sidapeksa klebet pinujul, gagah pideksa, bagus jatmika, ugi wicaksana.</p>	<p><i>Dhek jaman semana, ana ing tanah Jawa sisih wetan kondhang minangka wilayah kang endah edi peni, subur kang sarwa tinandur. Wilayah kasebut dikuwasani dening Prabu Sulahkrama kang dadi Adipati. Kanggo ngayahi tugas wajib saban dinane direwangi Patih Sidapeksa. Kapribaden jurite Patih Sidapeksa klebu pinunjul, gagah pideksa, uga bagus jatmika.</i></p>

Dudutan, pada sepisan nyritakake tanah Jawa sisih wetan kang dikuwasani Prabu Sulahkrama lan dibiyantu Patih

Sidapeksa kang pinunjul ing jurit, gagah pideksa lan bagus jatmika.

Kegiatan 2 Njarwakake teks abasa krama dadi ngoko

Ing kegiatan iki para siswa bakal ngowahi teks abasa krama dadi ngoko. Sawise nemokake basa ngokone diajab bisa diracik dadi ukara kang trep. Satemah para siswa bisa mangerteni karepe wacan. Anggone nggarap sarana klompok dhiskusi (4-5). Laporna marang guru kanthi tanggung jawab asiling dhiskusi sarana tulis lan lisan. Gunakna unggah-ungguh kang trep nalika ngandharake laporan.

Tugas 1

Ngowahi teks abasa krama dadi ngoko.

Owahana teks abasa krama ing wacan crita Legenda Banyuwangi kasebut dadi ngoko!

Tugas 2

Nemokake werdine wacan abasa krama.

Gaweya dudutan saka teks wacan crita legenda Banyuwangi ngenani isine kang wis kokowahi dadi ngoko!

C. Nyritakake Isine Teks Wacan Legenda Banyuwangi

Isine wacan legenda Banyuwangi bisa ditemokake saka anggone gawe dudutan nalika ngudhal werdine wacan saben pada. Saka kono para siswa diajab bisa mangerteni isine crita legenda Banyuwangi kanthi pepak lan urut.

Sepisan maneh tumrap sumber crita kang dithinthingi dudu bab bener lupute, nanging kepriye para siswa bisa methik piwulang lan ngandharake isine marang kanca ing ngarep kelas.

Kegiatan 3 Ngandharake isine crita legenda

Ing kegiatan iki para siswa bakal gladhen matur abasa krama ing ngarep kelas ngandharake dudutan isine wacan. Saben klompok dhiskusi cukup wakil salah siji, nanging anggota liyane nyimak lan siap-saip aweh katrangan mgrewangi sing wis maju menawa ana pitakonan saka klompok liya. Tindakna dhawuhe guru kanthi tanggung jawab, laporna sarana tulis apa kang wis diandharake sawise dibesut adhedhasar panyaruwene kanca. Gunakna unggah-ungguh kang trep nalika ngandharake laporan.

Tugas 1

Nyritakake maneh isine crita legenda.

Andharna asiling dhiskusi ngenani isine crita legenda kang kokrembug klawan kelompokmu!

Tugas 2

Nulis laporan asiling mbesut tulisan sawise oleh panyaruwe saka kanca nalika diandharake ing ngarep kelas.

Asiling besutan andharanmu laporna marang guru!

D. Mangsuli Pitakon Mawa Ragam Krama

Wangsulana pitakonan ing ngisor iki nganggo ragam krama adhedhasar isine wacan crita legenda ing ndhuwur!

1. Critakna kepriye watake Prabu Sulahkrama?
2. Critakna kepriye watake Patih Sidapeksa?
3. Critakna kepriye watake Sri Tanjung?
4. Apa kang njalari Prabu Sulahkrama paring dhawuh marang Patih Sidapeksa budhal menyang tengahing alas?
5. Apa kang ditindakake Prabu Sulahkrama nalika Patih Sidapeksa ngayahi jebibahan wajib?
6. Apa kang dingendikakake Prabu Sulahkrama sawise oleh palapuran Patih Sidapeksa kang kanyata ora ana prajurit ing tengah alas?
7. Apa kang ditindakake Patih Sidapeksa sawise krungu kabar saka Prabu Sulahkrama menawa Sri Tanjung ngajab patine?
8. Apa kang dijuluk Sri Tanjung sawise Patih Sidapeksa merjaya Sri Tanjung?
9. Apa kang dumadi sawise Sri Tanjung diperjaya lang dicemplungake kali?
10. Apa kang dirasakake Patih Sidapeksa sawise meruhi kali butheg dadi bening banyune?

E. Nemokake Piwulang Luhur Saka Teks tembang Gambuh

Piwulang luhur bisa digunakake kanggo pandom kang becik tumrap pribadi utawa bebrayan agung masyarakat. Pakarti becik lan ala saka paraga crita bisa dibiji, dithinthingi ala lan becike, bener lan lupute. Ya ing kene iki perlune para siswa maca crita, maca wacan, buku, lan sinau.

Asiling ndudut sawijining crita, dhuwur endheke isine crita nuduhake dhuwur endheke kapitayan mangerteni kekarpane wacan. Mula bisa uga kanggo salah sijine pratandha watak utawa karaktere siswa.

Tugas 3

Nemokake Piwulang Luhur Saka Teks wacan legenda Banyuwangi.

Para siswa bisa njingglengi maneh prastawa kang dumadi sajroning crita utawa nyimpulake watak wantune para paraga crita. Saka kono bisa ditemokake sakehing tumindak utawa pakarti kang becik lan ala. Saka pakarti iku para siswa kudu bisa mbiji apik lan orane, bener lan lupute. Sawise iku para siswa bisa methik perkara kang mesthine ditindakake kanthi bener, pener, lan wicaksana. Temokna sakehing piwulang saka prastawa lan watak wantune paraga crita legenda Banyuwangi!

Refleksi

Sawise nyinau teks legenda Banyuwangi abasa krama, para siswa bisa nduweni pambiji kang becik ngenani basa lan kabudayan Jawa. Anane teks legenda Banyuwangi abasa krama kang gegayutan lingkungan bisa dipethik piwulang kang becik. Jawa nyata adiluhung, nduweni cathetan crita sujarah kanggo nuntun manungsa tumindak becik. Puja lan puji syukur marang Gusti Kang Kawasa nitahake para siswa dadi wong Jawa. Para siswa uga bisa nindakake kegiyatan pasinaon kanthi jujur, disiplin, greget lan tekad kang gedhe, sarta tanggung jawab marang tugas-tugase.

Ringkesan

Saka andharan wulangan 7 ngenani legenda Banyuwangi abasa krama iki bisa dijupuk dudutan kang wigati ing antarane yaiku:

1. Legenda, mujudake crita rakyat kang pambiwarane amung sarana gethok tular. Dadi menawa digoleki sumber wacan lan sapa kang nulis ora bakal tinemu. Mula crita legenda sok dumadi pirang-pirang warna. Critane mokal nanging tinemu bukti, utawa bukti kang ana dientha-entha crita asal-usule mungguh nuwuhake panemu kang wigati, dadi wingit lan kebak wewadi. Legenda bisa uga dadi sumber semangat para wargi

malah kepara tumekaning tatanan praja, krana dianggep duwe perbawa kang gedhe. Mula, crita cikal bakale sawijining dhaerah lumrah dilebokake ing lembaran pemeritahan desa. Tumrap bener lupute sumber lan critane bali menyang para wargi dhewe. Percaya kena, ora ya ora dadi ngapa.

2. Piwulang luhur saka isine crita legenda banget perlu dimangerteni kanggo pandom nyinau lan neniru pekerti kang becik.
3. Basa Jawa kanggo nuduhake kagunane nduweni unggah-ungguh amrih ing antarane kang padha guneman/wawan rembug bisa ajen-ingajenan.
4. Unggah-ungguh basa kang wigati dimangerteni yaiku ngoko lugu, ngoko alus, krama lugu, lan krama alus.
5. Pakarti kang ora prayoga ing crita legenda becik ora ditiru, amung kanggo kaca benggala amrih aja nganti kedadeyan maneh.

EVALUASI WULANGAN 7

- A. Pilihlah salah siji jawaban kang kokanggep paling bener kanthi menehi tandha ping (x) ing aksara a, b, c, utawa d.
1. Prabu Sulahkrama ngrekadaya paring dhawuh dhateng Patih Sidapeksa supados
 - a. Ngrabasa para prajurit ing tengahing wana.
 - b. Nyidhem pangincim saking prajurit baris pendhem ing wana.
 - c. Nilar kadipaten dangunipun seminggu ing wana.
 - d. Nelukaken prajurit kraton ingkang badhe brontak ing wana.
 2. Patih Sidapeksa ngayahi jejibahan linambaran bekti dhateng nagari. Bab punika nedahaken watakipun Patih Sidapeksa
 - a. Andhap asor
 - b. Ngerti unggah-ungguh
 - c. Nggegulang kalbu amrih lantip
 - d. Umuk, kumenthus, lan kumaki
 3. Prabu Sulahkrama paring dhawuh abot marang Patih Siedapeksa sejatine amung apus-apus supaya
 - a. Patih Sidapeksa kabukten sekti pilih tandhing
 - b. Patih Sidapeksa tumekaning pati dimangsa kewan galak

- c. Patih Sidapeksa urip ing alas selawase
 - d. Sri Tanjung gelem manggon ana ing kraton
4. Sri Tanjung wanita kang sulistya, buktine
- a. Sri Tanjung nulak nalika ditawani manggon ing kadipaten, krana kakunge durung cetha kabar keslametane
 - b. Pasuryane kang ayu merak ati, andhap asor, lan urip prasaja
 - c. Tansah nyengkuyung darma bektine Patih Sidapeksa marang negara
 - d. Dadi perangane prajurit kadipaten kang siyaga ngadhepi mungsuh
5. Sanajan slamet saka jejibahane, Sidapeksa ora slamet marang kapercayane garwane, kabukten
- a. Sidapeksa tetep midana Sri Tanjung
 - b. Sidapeksa tansah mituhu dhawuhe sang Prabu
 - c. Sidapeksa prajurit kang pilih tandhing
 - d. Sidapeksa kepengin ngganteni dadi raja
6. Sri Tanjung duwe panjaluk marang Sidapeksa sadurunge mati, yaiku
- a. Supaya dikubur ing pinggiring kali
 - b. Supaya mbuktekake kajujurane Sri Tanjung
 - c. Sidapeksa bisa dadi raja ngganteni Sulahkrama
 - d. Nggawe banyu kali dadi bening lan wangi

7. Kajujurane Sri Tanjung kabukten kanthi pratandha
 - a. Banyu kali kang butheg dadi abang getih
 - b. Banyu kali dadi bening lan wangi
 - c. Banyu kali dadi asat kanggo ngubur Sri Tanjung
 - d. Banyu kali dadi banjir bandhang ngelebi kadipaten
8. Saka paraga Sulahkrama bisa dipethik piwulang
 - a. Dadi raja aja tumindak culika marang kawulane
 - b. Mumpung dadi raja bisa nggunakake kuwasane
 - c. Culika iku becik sauger kanggo nuruti kekarepan
 - d. Dadi raja yen paring dhawuh kudu teges
9. Saka paraga Sidapeksa bisa dijupuk piwulang
 - a. Yen nindakake pakaryan becik ditetimbang perkarane
 - b. Dadi Patih kadipaten kudu duwe kasekten
 - c. Menehi ukuman marang tumindak luput kudu kang abot
 - d. Sumpah iku kudu dicoba bener lan orane
10. Saka paraga Sri Tanjung ana pakarti kang prelu dituladhani yaiku
 - a. Yen ora percaya sumpah kudu dibuktekake nganggo tumindak
 - b. Njaga lan ngrumat awak iku penting kanggone pawestri
 - c. Njaga diri pribadi saka tumindak luput lan ina luwih utama
 - d. Ngunakake kesempatan bisa urip mukti ing kraton

B. Wangsulana pitakon ing ngisor iki kanthi patitis!

1. Jelasna crita asal-usule kutha Banyuwangi kanthi ringkes!
2. Apa alesane Prabu Sulahkrama paring dhawuh Patih Sidapeksa menyang alas?
3. Kena apa Sri Tanjung nulak pangajake Prabu Sulahkrama kanggo manggon ing kraton?
4. Apa kang dadi sumpahé Sri Tanjung kanggo mbutekake kejujurane?
5. Piwulang apa kang bisa dipethik saka crita dumadine kutha Banyuwangi?

Pambiji Diri Pribadi

Sawise nyinau ngenani crita legenda Banyuwangi ing wulangan 7, wenehana tandha cethang (✓) manut kolom kang disiyapake!

No.	Perangan kang dibiji	Mampu	Ora mampu
1.	Ngugem wewaler abasa Jawa minangka nugraha Gusti Kang Maha Tunggal		
2.	Nuduhake rasa syukur anane basa Jawa minangka nugraha Gusti Kang Maha Tunggal		

3.	Nuduhake rasa syukur anane carita legenda Banyuwangi minangka nugraha Gusti Kang Maha Tunggal		
4.	Tumanggape becik tumrap basa Jawa, mligine carita legenda Banyuwangi katitik bisa ndhudhah lan ndudut isine		
5.	Nemokake piwulang luhur saka carita legenda Banyuwangi		
6.	Negesi tetembungan kang ana teks carita legenda Banyuwangi		
7.	Ngandharake isine carita legenda Banyuwangi mawa ragam krama		

Studi Kasus

Nalika para siswa isine crita legenda, diwawas kurang sigrak jalaran crita kang dibahas amung siji.

Manut panemumu, menawa crita legenda kang ana tanah Jawa iki digawe buku, coba golekana sumber crita liyane saka dhaerahmu banjur tulisen dadi crita legenda kang mathuk?

BAB VIII

WULANGAN 8 PAKARYAN

Tujuan pembelajaran:


Setelah mengikuti pembelajaran diharapkan siswa mampu:

1. Menjawab pertanyaan dalam ragam krama.
2. Mendiskusikan dan mengartikan kata-kata yang dianggap sulit dalam dialog.
3. Mengajukan dan menjawab pertanyaan wacana dialog.
4. Mendiskusikan isi wacana dialog.
5. Mengungkapkan isi wacana dialog yang didengarkan secara tulis.

Apa kang diarani pakaryan iku? Pakaryan iku kegiatan kang ditindakake manungsa saben dinane kanthi tujuwan nyukupi butuh kulawargi. Pakaryan ditindakake nut kapitayane adhedhasar kuwasisan sekolahe. Nanging uga krana pengalaman lan bakat alami. Wong nyambut gawe nindakake pakaryane uga mbutuhake unggah-ungguh, lumrahe sesambungane antarane pimpinan lan andhahane utawa suwalike. Sing nyambut gawene amung lumrah ing ngomah sakiwa tengene, uga butuh srawung antarane sing padha drajate, upamane kadang tani.

Ing wulangan iki, para siswa bakal nyinau tata kramane wawan gunem marang pepadha kang beda-beda pakaryane nggunakake unggah-ungguh kang trep. Sesrawungane wong Jawa diwatesi undha usuking basa kanthi tujuwan amrih ana rasa kurmat lan ajen ingajenan. Pungkasane wulangan siswa diajab bisa nulis naskah wawan gunem klawan wong tuwa utawa luwih tuwa kanthi unggah-ungguh kang trep.

Peta Konsep



Ayo diwaca lan dijingglengi teks pacelathon ing ngisor iki!

Ing dhusun Pandhan Kuning kondhang akeh nomoman sing padha nyambut gawe ana ing negara manca. Saparudin uga duwe krenteg pengin nyambut gawe ing Malaysia. Kabar-kabare akeh para TKI (Tenaga Kerja Indonesia) kang nasibe sengsara krana dipilara bendarane. Kabar-kabar kasebut nandhakake menawa akeh-akehe pegaweyane padha dadi batur, babu, utawa jamane saiki dialusake dadi pramuwisma, pembantu rumah tangga. Kepriye rencanane Saparudin, ayo disimak ing pacelathon ing ngisor iki!

Teks 1

- akdhe Sastro : “Esuk-esuk arep menyang ngendi, Din? Ora biyasane.”
- Saparudin : “Inggih, Pakdhe, badhe teng daleme Pak Lurah. Ajeng ngurus surat-surat.”
- Pakdhe Sastro : “Kok nganeh-anehi, ngurus surat-surat nikah apa?”
- Saparudin : “Wah, Pakdhe niku lho, wong nyambut damel men dereng ajeng nikah, mangke ajeng nedha napa?”

Pakdhe Sastro : “Katone penting banget, ana urusan apa ta?”

Saparudin : “Nggih, kula kepengin ndaftar dados TKI ten Malaysia.”

Pakdhe Sastro : “Welhadalah, ngeget-geti temen. Lha pawitanmu apa kepengin tekan kana kuwi?”

Saparudin : “Wah nggih namung pengin mawon kados rencang-rencang ngriki rak sami nyambut damel mrika. Ngantos sepriki kadosipun sami kraos, boten sami wangsul. Mesthinipun asilipun nggih nyekapi. Nika Lik Gino, sampun mbangun griyanipun awit kintunan arta saking Pardiman putrane sing ten Malaysia.”

Pakdhe Sastro : “Ya bener, nanging liyane kabare apa ya padha karo Pardiman? Wong ora bali-bali iku ora mesthi krasan lho, Din, bisa suwalike. Jan-jane kepengin bali nanging merga kahanan, utawa ora bisa bali, ora oleh bali, utawa ana masalah liyane.”

Saparudin : “Mbok ampun ngegol-goli niat kula, Dhe. Kula niku mesake Simbok, ragad adhi-adhi kula kathah, gek boten enten sing dijagakake.”

Pakdhe Sastro : “Ora, Din. Aku ora ngegol-goli. Mung eman, nek bisa golek gaweyan neng Jawa, mbok ora susah adoh-adoh. Kabar sing ana tipi pirang-pirang contone kang padha susah nandhang pilara krana ora cocok karo bendarane. Lha kowe neng kana rencanane are nyambut gawe apa?”

Saparudin : “Nggih boten ngertos.”

Pakdhe Sastro : “Iki sing nguwatirake, Din. Nek mung arep dadi jlagra, blandhong, pekathik, utawa pegaweyan kasar liyane mbok ya golek neng Jawa bae. Sanajan bayarane sithik nanging nyandhing wong tuwa, genah kabar keslametane. Ana kana sanajan bayare akeh, nanging apa ya cukup kanggo urip padinan, banjur turah bisa ngirimi ngomah?”

Saparudin : “Inggih kula nggih bingung, Pakdhe. Ning priipun malih.”

Pakdhe Sastro : “Nek isih bingung, mendhing batalna bae. Olehe mangkat rak ya butuh ragad akeh. Nng kana durung mesthi langsung cekel gawe. Urip neng kana mesthine ya ragade gedhe. Coba ditimbang maneh. Saiki sithik-sithik saanane dhisik sinambi golek sing bisa mapan.”

Saparudin : “Inggih, Pakdhe. Jane kula kepingin ndherek kursus bengkel napa setir mobil. Mangke rak nggih saged pikantuk pedamelan sanajan namung sopir utawi montir. Ajeng sekolah malih nggih ragade boten cekap.”

Pakdhe Sastro : “Kuwi aku mathuk, melu nyengkuyung, pira ragade kursus kuwi, mengko ngomonga, dakbayare. Kowe ora susah mikir ragade. Tinimbang adoh-adoh durung karuwan parane.”

Saparudin : “Estu, Pakdhe? Mangke kula tak ndaftar langsung, kadose namung 300.000. Matur nuwun sanget, Pakdhe. Kula tak wangsul ngabari simbok riyin.”

Sawise maca lan njingglengi teks wacan abasa krama ngenani pacelathone Saparudin lan Pakdhe, pengalaman apa sing kokrasakake, kepriye pangetrape unggah-ungguhe? Perkara apa kang dirembug?

A. Ngenani Unggah-Ungguh Basa

Unggah-ungguh basa kanggone bocah saiki dirasakake angel. Bocah saiki ora dikulinakake basa marang sapa bae. Basa Jawa nduweni undha usuk kang akeh banget wernane, yaiku (1) ngoko andhap antya basa, (2) ngoko andhap basa antya, madya ngoko, (4) madya krama, (5) kramantara, (6) wredakrama, (7) kramadesa, (8) mudakrama dan (9) kramainggil.

Saka maneka wernane ragam basa kasebut, sing paling pokok dimangerteni lan disinaoni cukup papat, yaiku ngoko, ngoko alus, krama, lan krama alus. Bab iku wis kabiji cukup kanggo nuduhake unggah-ungguhe nalika kudu wawan gunem marang wong liya, wong tuwa, wong luwih tuwa, utawa kang dituwakake. Kanthi dijupuk werna papat iki uga diajab para siswa luwih ringkes anggone sinau, satemah bisa nggunakake basa kanthi unggah-ungguh kang trep nut sapa sing diajak utawa ngajak wawan gunem.

Manut panemune Endang Rahayu, (2011) Perangan unggah-ungguh iki kang ora kena dilirwakake para siswa yaiku:

- 1) Mawas diri marang sapa sing ngajak/diajak guneman, yaiku tuwa enome, cendhek dhuwure drajat kalungguhane, lan ngerti sapa jati dhirine.
- 2) Mawas ragam basane, bisa milah-milih tembung manut kagunane, antarane ngoko, krama, lan krama inggil.
- 3) Mawas tembung, aja nganti kleru tembung nalika kepingin nuduhake rasa kurmat, utawa ngajeni liyan.
- 4) Mawas tata krama/trapsila, kepriye sikep, salah bawane, tindak tanduke nalika guneman

Tuladha:

Guru 1 : "Kadingaren, gasik banget rawuhe?"

Guru 2 : "Weh, apa panjenengan ora midhanget yen Pak Kepala Dinas arep rawuh mrene."

Senajan Pak Kepala Dinas ora melu wawan gunem, nanging krana kalungguhane dhuwur, tetep diajeni kanthi nyebut Kepala Dinas rawuh, dudu teka. Guru 2 klebu ngajeni lan kurmat marang Kepala Dinas. Ukara kasebut jinise ngoko alus krana ditindakake padha-padha guru kang mesthine kulina lan akrab srawunge.

Murid : "Bu, kula kondur rumiyin, mangga!"

Ukara kasebut senajan nggunakake ragam krama alus, nanging ora trep klawan unggah-ungguhe. Tembung kondur ndadekake kleru amarga mbombong awake dhewe (kula). Tembung-tembung krama inggil ora kena digunakake kanggo diri pribadi. Ukara kang sajinis, salah nanging kaprah diujarake *putra kula sampun kalih, kula nembe kemawon dhahar, kula boten kagungan buku basa Jawa, kula mundhut buku punika ing peken.*

Ayo dijingglengi ukara ing ngisor iki, coba benere kepriye?

- a. *Aku wis mangan, Bapak yo uwis **mangan** kok.*
- b. *Nuwun sewu kula **tindak** rumiyin.*
- c. *Malem Minggu Bapak anggone **туру** nganti wengi.*
- d. *Bapak **maca** koran karo **ngombe** kopi.*
- e. *Sadurunge sekolah aku **siram** dhisik.*
- f. *Simbah **tuku** oleh-oleh kanggo aku lan adhiku.*
- g. *Mbar, Pak Guru **akon** nggarap apa?*
- h. *Bu Guru mau **omong** piye?*

Teks 2

Darsono : “Rasane bungah temen, Din. Lagi oleh rejeki apa?”

Saparudin : “Iya, Dar. Iki mau aku diparingi dhuwit Pakdhe Sastro akeh banget.”

Darsono : “Yen ngono aku diajak mangan-mangan neng warung anyar ngarep *supermarket* kae?”

Saparudin : “Kowe ki, Dar. Pikiranmu mung mangan bae, aku iki isih senut-senut.”

Darsono : “Geneya, wong nyekel dhuwit akeh kok bisa senut-senut, padune ben ora dijaluki *nraktir*, iya ta?”

Saparudin : “Soal kuwi gampang Dar angger sing dadi angen-angenu wis bisa kecekel. Kowe kepengin mangan neng warung ngendi tak turuti. Sng ngarep supermarket apa meneh sing mburi supermarket.”

Darsono : “Mburi supermarket rak kali ta, Din? Tegel temen kowe.”

Saparudin : “Ha..ha...ha, mbok pisan-pisan kepengin ngrasakake.”

- Darsono : “Genahe, kowe lagi mikir apa? Kok nganti senut-senut barang, kaya mikir negara.”
- Saparudin : “Iya, Dar. Aku kudu cekel gawe, supaya duwe pametu ajeg, ora njagakake pawewehing liyan. Aku kepengin nyambut gawe sing mapan, Dar.”
- Darsono : “Wah luhur bebudenmu, Din. Gedhe gegayuhanmu, banjur apa hubungane karo dhuwit paringane Pakdhe Sastro?”
- Saparudin : “Aku kepengin nggunakake dhuwit iki kanggo kursus nyetir utawa montir. Sapa ngerti saka ketrampilanku mengkone bisa nemu gaweyan kang cocok karo angen-angenku.”
- Darsono : “Bener, Din, tak dhukung. Nek kurang cocok nyetir, uga ana kursusan dadi teknisi utawa operator komputer, Din. Kursus njait, sinau mangsak sapa ngerti dadi, Cef.”
- Saparudin : “Ora susah dhuwur-dhuwur, Dar. Sing kira-kira bisa dijangka bae. nyatane aku seneng bal-balan ya ora kepengin

sekolah bal, aku ora kepingin kaya Ronaldo. Aku ya sithik-sithik bisa nggitar, ya ora takteruske kursus ing studio musik.”

Darsono : “Terus kapan nggonmu daftar?”

Saparudin : “Ya dina iki sisan, ayo tera aku nganggo pitmu, mengko baline jajan bakso!”

Darsono : “Ayo...ayo....takterake, Din.”

Teks 3

Petugas : “Mangga Mas pinarak, punapa ingkang saged kula biyantu?”

Saparudin : “Inggih, Mbak. Kula badhe ndherek kursus nyetir wonten ngriki.”

Petugas : “Ooo ... mangga, saged. Punika formlir-ipun dipun-isi rumiyin.”

Saparudin : “Inggih Mbak, lajeng syarat-syarat sanesipun kadospundi?”

Petugas : “Formulir punika dipunjangkepi foto 2 lembar. Lajeng wonten prabeyanipun Rp 100.000, kagem praktek Rp 200.000, dado sedaya 300ewu. Saged dipun bayar wingking kok, Mas.”

- Saparudin : “Inggih Mbak, kula ndherek mawon, artanipun kula lunasi pisan, mumpung punika sampun wonten.”
- Petugas : “Inggih, kwitansipun punika!”
- Saparudin : “Lajeng wiwitipun kapan Mbak?”
- Petugas : “Ngenjing-enjing saged, tabuh 08.00 sampun siyaga wonten mriki, mangkeh instruktur badhe paring pitedah salajengipun.”
- Saparudin : “Inggih, menawi ngaten kula nyuwun pamit, ngenjing-enjing kula mriki malih.”
- Petugas : “Inggih, mangga. Matur nuwun, ngatos-atos, Mas.”

B. Mbedakake Ragam Ngoko, Krama, Lan Krama Inggil

Kanggo nuduhake anane unggah-ungguh basa, tembung-tembung basa Jawa diperang dadi telu yaiku ngoko, krama, lan krama inggil. Telung prangan kasebut gunane beda-beda, nanging mengku tujuwan padha, yaiku kanggo ajen-ingajenan, ngrumati liyan, utawa nuduhake kalungguhan lan budi pekertine sing nggunakake. Bedane ana ngendi para siswa bisa njingglengi lan maca maneh teks pancelathon ing ndhuwur.

Kegiatan 1 Mbedakake ragam basa

Ing kegiatan iki para siswa didhawuhi mbedakake ragam krama ngoko saka teks pacelathon. Carane kanthi njingglengi maneh sapa paraga kang guneman banjur nemokake bedane tetembungan kang digunakake. Satemah para siswa bisa mangerteni geneya saben paraga beda anggone matur, ana sing ngoko, ana sing krama utawa krama inggi. Anggone nggarap sarana klompok dhiskusi (4-5). Laporna marang guru kanthi tanggung jawab asiling dhiskusi sarana tulis lan lisan. Gunakna unggah-ungguh kang trep nalika ngandharake laporan.

Tugas 1

Nemokake bedane ragam ngoko, krama, lan krama inggil.

Temokna bedane ragam ngoko, krama, lan krama inggil saka teks pacelathoon ing ndhuwur!

Tugas 2

Gawe dudutan gunanae undha-usuk basa

Gaweya dudutan ngenani anane undha-usuk basa kanggo wawan gunem!

C. Mangsuli Pitakon Mawa Ragam Krama

Wangsulana pitakonan ing ngisor iki nganggo ragam krama adhedhasar teks pacelathon ing ndhuwur!

1. Apa kang bakal ditindakake Saparudin nalika esuk-esuk kepingin menyang daleme Pak Lurah?
2. Kena apa Pakdhe Sastro kurang mathuk karo kekarepane Saparudin?
3. Apa kang dadi kekarepane Saparudin kanggo bantu wong tuwane?
4. Apa kang diprayogakake Pakdhe Sastro marang Saparudin?
5. Apa kang diputusake Saparudin sawise oleh tetimbangan saka Pakdhe Sastro?
6. Sapa Darsono iku, geneya anggone caturan amung abasa ngoko?
7. Apa kang ditindakake Saparudin bareng ketemu Darsono?
8. Apa kang disyaratake Petugas nalika Saparudin sida ndaftar kursus nyetir?
9. Kena apa petugas anggone ngladeni Saparudin nganggo basa krama inggil?
10. Caritakna unggah-ungguh utawa watak wantune Saparudin?

D. Nyritakake Isine teks pacelathon

Nyritakake isine teks pacelathon diwawas luwih gampang tinimbang ngudhal isine teks tembang utawa sastra liyane. Para siswa amung nemokake maknane basa kang digunakake padha karo kang kacetha ing bausastra. Sauger wis ketemu, kari nata luwesing ukara kang dikarepake, mula banjur bisa dimangerteni isine.

Kegiatan 2 Ngandharake isine teks pacelathon

Ing kegiatan iki para siswa bakal nyritakake maneh apa kang dadi undheraning rembug ing teks pacelathon. Saka kono para siswa diajab bisa mangerteni isine guneman lan carane wawan gunem kanthi unggah-ungguh kang trep. Saliyane iku para siswa bisa nemokake watak-wantune paraga kang guneman kanthi njingglengi unggah-ungguh basane.

Tugas 1

Ngandharake Isine teks pacelathon ing ngarep kelas.

Andharna isine teks pacelathon ing ndhuwur!

Tugas 2

Nyritakake watake paraga kang guneman adhedhasar unggah-ungguhe guneman.

Caritakna watake para paraga kang guneman kanthi njingglengi unggah-ungguhe!

E. Nulis teks Pacelathon

Kanggo nulis teks pacelathon, dibutuhake data panyengkuyung arupa wacan. Saka data kasebut bisa dikira-kira sapa sing bakal nindakake wawan gunem. Isine wacan mujudake wangsulan, banjur kari dibutuhake pitakonane. Ing ngisor iki diandharake wacan ngenani pegaweyane Irma Suryani, kang sukses dadi pengrajin kesed. Piyambake nandhang kurang sampurna badane nanging ethes lan prigel nyambut gawene. Saka wacan kuwi gawenen teks pacelathon ngenani kegiatan padinane.

Kegiatan 3 Nulis teks pacelathon

Ing kegiatan iki para siswa bakal nulis teks pacelathon. Para siswa cukup nyusun pitakonan adhedhasar isine wacan. Becike pitakonan nggunakake unggah-ungguh basa kang trep, krana bab iki paragane durung ditepungi. Cekake pitakonan iki kaya dene wawancara.

Tugas 1

Ngowahi teks wacan dadi teks pacelathon.

Teks wacan ing ngisor iki owahana dadi teks pacelathon!

NGANGKAT DRAJAD WONG CACAD LIWAT KAIN PERCA

Irma Suryati nandhang lumpuh nalika umure ngancik kawan taun, sing disebabake polio. Uripe ngancik tumekaning diwasa kebak panalangsa. Ananging kabeh mau dilakoni Irma kanthi ati sabar lan ora kendhat saka eling marang kang gawe urip. Irma saiki wis mangun kulawargi klawan Agus Priyanto, kang nandhang cacad sikil. Pasangan cacad iki bisa mbuktekake marang wong akeh menawa tesih akeh kang bisa ditindakake waton ora gampang nglokro.

Pasangan iki kasil ngedegake usaha kerajinan kesed saka kain perca (gombal turahan jahit). Malah ing wektu saiki, barang kerajinan saka usahane wis ngambah manca negara. Saka omahe, Irma lan bojone mandhegani 2.500 pengrajin, 150 wong ing antarane iku wong kang nandhaang cacad. Irma wis makaping-kaping oleh pengaji-aji, ing antarane yaiku saka Kementerian Pemuda dan Olahraga (2007), minangka Wirausahawati Muda Teladan, saka Bupati Kebumen minangka Perempuan Berprestasi 2008. Pengaji-aji saka manca negaa yaiku saka Jaiki Jepang, mligine wong-wong cacad.

Kawitane, Irma nggawe kesed mung kanggo nyukupi kabutuhan kesed ing omahe. Suwening suwe tangga

teparone meruhi, lan wiwit padha pesen. Ora krasa ing sakupeng omahe ing Semarang nalika semana wis dadi pasar kanggo kesed-kesede. Keputusane dadi pengrajin kesed, miturut wanita klairan Semarang 1 Januari 1975 iki, dadi tambah manteb sawise palakrama karo Agus Priyanto, kang jago nglukis. Kekarone wis gembleng ngedegake usaha iki ing taun 1999, kanthi direwangi dening karyawane cacah lima.

Taun-taun candhake, usahane mau tansaya maju. Mula ing taun 2002 kekarone mutusake kanggo pindhah saka Semarang menyang Kebumen, bumi klairane Agus Priyanto. Kekarone tuku omah ing Jalan Karang Bolong kilometer 7, Desa Karang Sari, Kecamatan Buayan, Kebumen. Saka omah anyare iki, Irma ngendhaleni usahane. Irma ora kepengin usahane iki mung dadi usaha `ecek-ecek`.

Sabanjure dheweke dhapuk usahane iki kanthi badan hokum nganggo jeneng Usaha Dagang Mutiara Equipment. Saliyane iku, Irma uga ndhapuk UKM (Usaha Kecil Menengah) kanggone wong cacah. Irma kanthi entheng tangan nekani ibu-ibu rumah tangga supaya gelem gabung lan kanthi sabar mulangi ibu-ibu carane gawe kesed saka kain perca.

Kahanane Irma sing cacad kaya ngono pancen ing mula bukane ora disengkuyung dening wargi sakiwa tengen. Akeh wargi kang nyepelekake marang usahane mau. Ananging kanthi sabar, pethel anggone makarya ndadekake gegayahane wiwit katon kasile. Irma kasil ngajak ibu-ibu rumah tangga ajar gawe kesed. Nalika ibu-ibu mau wis trampil, sabanjure oleh mesin jahit lan kain perca minangka modhal.

Ing taun 2003 Irma ngedegake koperasi simpan pinjam kanggo nampung kegiatan ekonomi iki sing anggotane wis ngancik 1.600-an pengrajin. Cacahe anggota sing akehe samono iku kagawa saka mumpangat kang dirasakake kanthi ndueni ketrampilan gawe kesed wargi ing kono.

Tandange Irma ora mung tekan samono. Anggota koperasi kesed wis sumebar ing 11 kecamatan ing Kebumen. Saliyane iku, uga wis mbukak gerai kesed perca ing perumahan Limas Agung, Purwokerto. Anggotane cacah 20, saka klompok waria lan wanita pekerja seks komrsil. Jalur liya sing dienggo Irma kanggo ngrangkul wargi yaiku liwat PKK ing desa-desa. Saben wulan, pengrajin oleh kiriman kain perca minangka bahan baku. Sasasine Irma nekakake kain perca 10 ton saka semarang, kanthi omset 40-50 juta sasasine.

F. Maca lan Nulis Teks Wacan Mawa Aksara Jawa

Ing perangan iki para siswa bakal nyinau maneh maca lan nulis aksara Jawa kang nggunakake sandhangan, pasangan, lan aksara Murda. Bab sandhangan lan pasangan wis nate disinau ing semester siji, coba dibukak lan dijingglengi maneh menawa isih ana bab kang durung paham.

Aksara Murda

Aksara murda aksara Jawa uga diarani aksara mahaprana, yaiku aksara kang diujarake kanthi abab kang akeh. Aksara murda mujudake aksara piridan/turunan saka sansekerta, nanging tumraping Jawa wus dianggep lumrah, biyasa bae. gunane kanggo nulis tembung-tembung manca utawa kanggo pakurmatan. sing biyasa ditulis mawa aksara murda yaiku jeneng para luhur, jejuluk, lan padunungan. Panulise cukup saaksara diurut saka ngarep. Tegese satembung iku amung ana saaksara murda, sing ditulis aksara murda perangan ngarep dhewe, dene ora ana ditulis aksara nomer loro, yen ora ana meneh sing nomer telu, ngono sateruse. Kejaba kanggo nulis tembung Gusti Allah.

Aksara murda cacache ana 8, yaiku *Na, Ta, Ka, Sa, Pa, Ga, Ba, Nya*. Luwih cetha bisa dijingglengi ing kolom ngisor iki:

No.	Aksara Murda	Latin	Tuladha
1.	𑀓	Na	𑀓𑀓𑀓𑀓𑀓𑀓
2.	𑀔	Ka	𑀔𑀔𑀔𑀔𑀔𑀔
3.	𑀕	Ta	𑀕𑀕𑀕𑀕𑀕𑀕
4.	𑀖	Sa	𑀖𑀖𑀖𑀖𑀖𑀖
5.	𑀗	Pa	𑀗𑀗𑀗𑀗𑀗𑀗
6.	𑀘	Nya	𑀘𑀘𑀘𑀘𑀘𑀘
7.	𑀙	Ga	𑀙𑀙𑀙𑀙𑀙𑀙
8.	𑀚	Ba	𑀚𑀚𑀚𑀚𑀚𑀚

Tuladha ing ukara bisa diwaca ing ngisor iki

𑀓𑀓 𑀓𑀓𑀓𑀓𑀓𑀓 𑀓𑀓𑀓𑀓𑀓𑀓 𑀓𑀓𑀓𑀓𑀓𑀓 𑀓𑀓𑀓𑀓𑀓𑀓 𑀓𑀓𑀓𑀓𑀓𑀓 𑀓𑀓𑀓𑀓𑀓𑀓 𑀓𑀓𑀓𑀓𑀓𑀓

𑀔𑀔 𑀔𑀔𑀔𑀔𑀔𑀔 𑀔𑀔𑀔𑀔𑀔𑀔 𑀔𑀔𑀔𑀔𑀔𑀔 𑀔𑀔𑀔𑀔𑀔𑀔

𑀕𑀕 𑀕𑀕𑀕𑀕𑀕𑀕 𑀕𑀕𑀕𑀕𑀕𑀕 𑀕𑀕𑀕𑀕𑀕𑀕

𑀖𑀖 𑀖𑀖𑀖𑀖𑀖𑀖 𑀖𑀖𑀖𑀖𑀖𑀖 𑀖𑀖𑀖𑀖𑀖𑀖

𑀗𑀗 𑀗𑀗𑀗𑀗𑀗𑀗 𑀗𑀗𑀗𑀗𑀗𑀗 𑀗𑀗𑀗𑀗𑀗𑀗

Tuladha panulise aksara murda jaman saiki kang luwih mardika krana amung dijupuk saaksara kaya dene pranatan panulise aksara murda latin.

၁၁။ လံပူလံပူ

၁၂။ ဣလံပူလံပူလံပူလံပူလံပူလံပူလံပူလံပူ

၁၃။ လံပူလံပူလံပူလံပူလံပူလံပူလံပူလံပူ

၁၄။ ဣလံပူလံပူလံပူလံပူလံပူလံပူလံပူ

၁၅။ လံပူလံပူလံပူလံပူလံပူ

Kegiatan 4 Nulis teks wacan mawa aksara Jawa

Ing kegiatan iki para siswa bakal nulis teks wacan mawa aksara Jawa kang nggunakake sandhangan, pasangan, lan aksara murda. Para siswa bisa mbukak maneh tata carane nulis aksara Jawa saka buku sumber kang jumbuh karo wulangan iki. Bab iki diudi kanggo nguri-uri lestarine aksara Jawa, mula garapen dhawuhe guru kanthi jujur lan tanggung jawab.

Tugas 1

Nulis teks wacan mawa aksara Jawa.

Teks wacan ing ngisor iki tulisen maneh nggunakake aksara Jawa kang ngemot sandhangan, pasangan, lan aksara murda!

Kanjeng Susuhunan Pakubuwana IV Kanjeng Susuhunan Pakubuwana IV miyos dina Kemis Wage jam 10 wengi, tanggal 18 Rabiul akhir, wuku Witugunung, windu Sengara tahun Je 1694, utawa tanggal 2 September 1768.

Pakubuwana IV iku putra Sinuhun Pakubuwana II, mijil saka garwa prameswari Kanjeng Ratu Kencana minangka putra kakung nomer 17. Nalika timure jejuluk Raden Mas Gusti Subadiyo, ngancik diwasa gumanti Gusti Pangeran Adipati Anom Amangkunegara Sudibyarajaputra Nendra Mataram.

Panjenengane winisuda dadi raja ing dina Senen Paing, tanggal 28 besar tahun Jimakir 1714, utawa tanggal 18 September 1788 misuwur kanthi asma Sinuwun Bagus. Saliyane Serat wulangreh, Pakubuwana IV uga nate nyerat Serat Wulang Sunu, nanging ora samisuwur Wulangreh. Saliyane seneng kasusastran Jawa uga seneng bab kesenian. Nate nyungging wayang purwa gagarag Kartasura sing ditengeri Kyai Pramuka. Seda ing tanggal 23 besar alip 1747 wuku Marakeh, windu Kuntara, utawa tanggal 1 Oktober 1820. Disarekake ing Imogiri. Mangkat kanthi yuswa 52 tahun, sawise nglenggahi keprabon jroning 33 tahun.

Refleksi

Sawise nyinau babagan teks pacelathon, para siswa bisa nduweni pambiji kang becik ngenani basa lan unggah-ungguhe. Anane undha-usuk basa kanggo wawan gunem ing srawung padinan, nuduhake rasa kurmat lan ajen-ingajenan marang pepadha. Jawa nyata adiluhung, nduweni undha-usuk basa kanggo nuntun manungsa tumindak becik. Puja lan puji syukur marang Gusti Kang Kawasa nitahake para siswa dadi wong Jawa. Para siswa uga bisa nindakake kegiatan pasinaon kanthi jujur, disiplin, greget lan tekad kang gedhe, sarta tanggung jawab marang tugas-tugase.

Ringkesan

Saka andharan wulangan 6 ngenani tembang Kinanthi iki bisa dijupuk dudutan kang wigati ing antarane yaiku:

1. Pacelathon utawa wawan gunem kanggo srawung ing bebrayan masarakat dibutuhake basa kang trep kanggo nuduhake rasa kurmat lan ajen-ingajenan.
2. Basa Jawa ndunungake drajat utawa kalungguhan kanthi anane undha-usuk basa
3. Unggah-ungguh basa kang paling pokok dimangerteni tataran siswa yaiku ngoko, ngoko alus, krama, lan krama alus.

4. Para siswa kudu bisa mawas diri, mawas ragam basa, mawas tembung, lan mawas trapsila nalika guneman.
5. Pacelathon, wawan gunem, obrolan, utawa wawan rembug bisa ditulis sarana ngowahi teks wacan minangka wangsulan gumathok, nuli didhapuk pitakonane kang trep.
6. Aksara Jawa minangka budaya adiluhung para luhur Jawa, becik diuri-uri lan dilestarekake. Basa kang pinunjul lamung basa iku nduweni aksara.
7. Aksara murda lumrah ditulis kanggo ngormati asma para luhur, jejuluk, lan padunungan. Panulise jaman saiki nut karo tatan panulisan aksara latin kang diwiti aksara murda.

EVALUASI WULANGAN 8

Pilihlah salah siji jawaban kang kokanggep paling bener kanthi menehi tandha ping (x) ing aksara a, b, c, utawa d.

1. Ing ngisor iku tuladha ukara guneman kang nggunakake ragam **ngoko**, yaiku
 - a. “Sampeyan saking pundi, Pakdhe? Kok namung tindakan mawon?”
 - b. “Kula boten saged mbayar beya sekolah malih, Pakdhe.”
 - c. “Namung badhe teng daleme Pak Lurah, nyuwun surat keterangan.”
 - d. “Iya, aku lagi bungah sebab oleh rejeki gedhe. Kowe pengin ora?”
2. Ing ngisor iku tuladha ukara guneman kang nggunakake **ngoko alus**, yaiku
 - a. “Kula badhe dhateng dalemipun Pak Lurah nyuwun serat katrangan.”
 - b. “Kula ajeng ten griyanipun Pak Lurah nyuwun serat keterangan.”
 - c. “Aku arep neng daleme Pak Lurah, njaluk surat keterangan pindhahan.”
 - d. “Aku ajeng teng daleme Pak Lurah njaluk surat pindhah wargi.”

3. Ing ngisor iku tuladha ukara guneman kang nggunakake **krama alus**, yaiku

- a. “Ngaturi sugeng rawuhipun, Mas?”
- b. “Mangga, diunjuk lho, mangke adhem!”
- c. “Ayo takterake ndhaftar neng kursusan!”
- d. “Wingi daleme Pak Karto keleton maling!”

Guru : “Sapa sing dina iki ora mlebu, Mas?”

Ketua Kelas : “... .”

4. Wangsulane ketua kelas sing trep yaiku

- a. Sedaya siswa mlebet, Pak. c. Sedaya mlebu, Pak.
- b. Ora ana sing mbolos, Pak. d. Boten ngertos niku, Pak.

Ketua Kelas : “Kepareng matur, Pak. Punika ngaturaken serat saking Ningsih.”

Guru : “... .”

5. Wangsulane Guru sing trep yaiku

- a. Inggih matur, nuwun, Mas.
- b. Ya, Ningsih kena apa ora mlebu?
- c. Kok mawi serat barang ta, Mas
- d. Kenging napa kintu serat?

Kepala Sekolah : “Pak, napa sedaya laporan BOS sampun cekap?”

Guru : "... ."

6. Wangsulane Guru sing trep yaiku
 - a. Sampun, Pak. Punika kantun tapak asma Bapak.
 - b. Uwis, Pak, sinten ta sing nggarap, kula.
 - c. Sampun, Pak. Mangga dipriksani, mbok enten sing salah!
 - d. Ngenjang nggih, Pak. Dereng sempat damele.

Bapak : "Ana dhawuh saka Pak Guru, ndang dirampungke!"

Anak : "... ."

7. Wangsulane anak sing trep yaiku
 - a. Ora, Pak. Wis rampung PR sing wingi.
 - b. Boten, kula yakin boten enten PR
 - c. Kadose enten boten nggih?
 - d. Sampun, Pak. Sampun kula garap.

Bapak : "Bu, bocah-bocah apa wis padha sarapan?"

Ibu : "... ."

8. Wangsulane Ibu sing trep yaiku
 - a. Sampun, Pak. Pun ket wau lho.
 - b. Sampun, Pak. Kantun nengga bidhal sareng

- c. Uwis, kari nunggu Bapak budhal
- d. Sampun, lare-lare sampun sami dhahar

Darsono : "Bungah temen, Din. Katon sumringah, sajake lagi seneng?"

Saparudin : "Iya, Dar. Aku oleh rejeki gedhe, dhuwit akeh."

9. Pacelathon iku nggunakake ragam ngoko jalaran
- a. Bocah loro ora duwe rasa kurmat
 - b. Bocah loro ora padha ngajeni
 - c. Bocah loro wis kulina lan kancan akrab
 - d. Bocah loro wis padha ora sekolah

Darsono : "Iki mau saka daleme Pak Lurah, nanging lagi tindak."

Saparudin : "Iya, ana rumah sakit, wong Bu Lurah gerah."

10. Pacelathon Pak Lurah lan Bu Lurah ora melu wawan gunem, nanging tetep diajani kanthi tetembungan krama inggil, sebab
- a. Bocah loro wedi karo Pak Lurah lan Bu Lurah
 - b. Pak Lurah lan bu Lurah ong kinurmat kang kudu diajeni
 - c. Bocah loro kepengin gampang urusane karo Pak Lurah
 - d. Bu Lurah lagi gerah dadi kudu diajeni

A. Wangsulana pitakon ing ngisor iki kanthi patitis!

Gatekna teks pacelathon iki!

Susanti : “Nuwun sewu Pak Dhokter kula
sakanca sowan badhe nuwun pirs
babagan dhaharan kang sehat.”

Budiman : “Ananging menawi Pak Dhokter sela
wekdalipun, dados boten ngganggu
tugasipun Pak Dhokter.”

Pak Dhokter : “Ora, iki nembe bae bali saka
Puskesmas. Ora dadi ngapa. Kene
padha mlebu. Bab apa sing arep
ditakokake?”

1. Jelasna basa kang digunakake para paraga ing pacelathon kasebut dibiji saka unggah-ungguhe!
2. Jelasna tugase lan pegaweyane Dhokter, satemah Susanti lan Budiman takon babagan kesehatan marang Pak Dokter!
3. Gaweya 3 ukara pitakon kang bakal ditakokake Susanti lan Budiman ing acelathon kasebut jumbuh karo undhraning rembug!
4. Pethikan wacan ing ngisor iki tulisen dadi naskah pacelathon kang mathuk jumbuh klawan unggah-ungguh!

Tembung laku iku wiyar banget maknane, katone mung sa tembung, nanging angger wis dicakake ing ukara utawa kanggo guneman bisa bae maknane ngrembaka manut surasa ukarane. Upamane kaya ing tembang Pocung mau. Wong nggolek ngelmu lan kapinteran iku ora mung cukup dilambari kanthi sinau mligi ing bangku sekolah, maca lan nulis. Nanging tumrape wong Jawa ana laku kang kudu ditindakake. Dadi laku ing kene ora ateges jumangkah tumuju menyang papan tinamtu, nanging sawijining tumindak, pakarti, utawa proses kang kudu dilakoni. Mangka prosese durung cetha, bab iki bisa ditemokake ing cakepan tembang Kinanthi; *dadia lakunireku/cegah dhahar lawan guling/lan aja asuka-suka/anganggowa sawatawis/ala watake wong suka/nyuda prayitnaning batin/*"

5. Ukara ing ngisor iki tulisen nganggo aksara Latin!

- a. *|| 𑀓𑀲𑀭𑀸𑀓 𑀲𑀸𑀓𑀲𑀸𑀓𑀲𑀸𑀓𑀲𑀸𑀓 𑀲𑀸𑀓𑀲𑀸𑀓𑀲𑀸𑀓 𑀲𑀸𑀓𑀲𑀸𑀓𑀲𑀸𑀓 ||*
- b. *|| 𑀲𑀸𑀓𑀲𑀸𑀓 𑀲𑀸𑀓𑀲𑀸𑀓 𑀲𑀸𑀓𑀲𑀸𑀓 𑀲𑀸𑀓𑀲𑀸𑀓 𑀲𑀸𑀓𑀲𑀸𑀓 𑀲𑀸𑀓𑀲𑀸𑀓 𑀲𑀸𑀓𑀲𑀸𑀓 ||*

Pambiji Diri Pribadi

Sawise nyinau ngenani pacelathon lan unggah-ungguhe ing wulangan 8, wenehana tandha centhang ($\sqrt{\quad}$) manut kolom kang disiyapake!

No.	Perangan kang dibiji	Mampu	Ora mampu
1.	Ngugem wewaler abasa Jawa minangka nugraha Gusti Kang Maha Tunggal		
2.	Nuduhake rasa syukur anane basa Jawa minangka nugraha Gusti Kang Maha Tunggal		
3.	Nuduhake rasa syukur anane unggah-ungguh basa ing pacelathon minangka nugraha Gusti Kang Maha Tunggal		
4.	Tumanggape becik tumrap basa Jawa, mligine unggah-ungguh basa katitik bisa mangerteni isine lan mbenerake kaluputan pilihan tembung		
5.	Nulis teks pacelathon saka asile		

	ngowahi teks wacan		
6.	Maca lan nulis aksara Jawa nggunakake sandhangan, pasangan, lan aksara murda.		
7.	Nindakake pacelathon prasaja klawan wong kang luwih tuwa		

Studi Kasus

Nalika para siswa praktek wawan gunem klawan wong kang luwih tuwa, diwawas isih ana bab kang kurang jangkep lan tembung kang unggah-ungguhe durung bener.

Manut panemumu, apa sing kudu digatekake lan ditindakake nalika wawan gunem, amrih para siswa bisa ngetrapake unggah-ungguh basa kang bener?

GLADHEN ULANGAN KENAIKAN KELAS

- A. Pilihlah salah siji jawaban kang kokanggep paling bener kanthi menehi tandha ping (x) ing aksara a, b, c, utawa d.

Resi Jatayu ngetog kasudiran nyandher Prabu Dasamuka ngantos kebak tatu lan ngantos kawratan ngadhepi krodhanipun Resi Jatayu. Prabu Dasamuka lajeng ngliga pedhang kababataken dhateg swiwinipun Resi Jatayu lajeng tatas sanalika. Resi Jatayu dhawah njrebabah ndhepani bumi kanthi salira kebak rah.

1. Prastawa kang digambarake ing pethikan teks kasebut yaiku
 - a. Prabu Dasamuka mengsah Ramawijaya
 - b. Resi Jatayu mengsah Prabu Dasamuka
 - c. Prabu Dasamuka nemahi pejah
 - d. Resi Jatayu ketemu Ramawijaya
2. Resi Jatayu ngetog *kasudiran* nyandher Prabu Dasamuka. Tembung kasudiran tegese
 - a. Kekuwatan
 - b. Pusaka
 - c. Swiwi
 - d. Sakar
3. Prabu Dasamuka kawratan ngadhepi *krodhanipun* Resi Jatayu. Tembung krodha tegese
 - a. Kasektene
 - b. Tandang amuke

- b. Sabetan swiwi d. Kekuwatan cakare
4. Resi Jatayu dhawah njrebabah ndhepani bumi kanthi salira kebak *rah*. Tembung *rah* tegese
- a. Tatu gedhe c. Panalangsa
b. Luh lan Tangis d. Getih
5. Resi Jatayu toh pati mbelani Dewi Sinta jalaran
- a. Dewi Sinta tansah jerit-jerit njaluk tulung
b. Dewi Sinta mantune kanca rakete yaiku Prabu Dasarata
c. Dewi Sinta ora wani mungsuh Prabu Dasamuka
d. Dewi Sinta iku kancim patine dening Prabu Dasamuka
6. *Sawise kelangan Dewi Shinta krana ora ana ing pondhokan sekawit, Rama Wijaya lan Laksmana bingung anggone nggoleki. Ing pikirane geneya ndadak mburu kidang kang jebul malihan rupa kalamarica. Saka kedadeyan iki bisa dijupuk dudutan*
- a. Katresnan iku mesthi butuh pangorbanan
b. Yen kelangan iku kudu enggal digoleki
c. Keduwung iku biyasane tiba mburi
d. Aja mburu kidang mundhak kelangan bojo
- Nadyan asor wijilipun,
yen kelakuane becik,
utawa sugih carita,
carita kang dadi misil,
iku pantes raketana,*

darapon mundhak kang budi.

7. Kekancan marang wong kang becik bebudene iku bisa gawe
 - a. Neniru laku kang becik lan wicaksana
 - b. Sabar lan kudu prihatin
 - c. Nambahi kanca kang becik
 - d. Gelem rekasa ing kabeh prilaku
8. Tembung Kinanthi iku tegese
 - a. Jeneng wong
 - b. Srawung
 - c. Sabar
 - d. Bebarengan
9. Ing tembang kasebut bisa dijupuk dudutan ngenani drajate wong yaiku
 - a. Wong kang becik iku yen drajate dhuwur
 - b. Wong kang becik iku yen drajate asor
 - c. Wong kang becik iku yen bisane omong becik
 - d. Wong kang becik iku yen omong lan tumindake becik
10. Kang diarani sugih carita iku
 - a. Sugih pengalaman carita
 - b. Tukang ndongeng
 - c. Sugih piwulang kang becik
 - d. Sugih omong nyatur liyan
11. Cakepan tembang kasebut mrayogakake supaya
 - a. Kekancan marang wong kang becik omongan lan tumindake

- b. Milih wong kang sugih omong dadi sedulure
 - c. Bisa mbuktekake omongan lan tumindake
 - d. Kekancan marang wong asor nanging sugih omong
12. Gatra sepisan tembang kasebut guru lagu lan wilangane yaiku
- a. 8 pun
 - b. 8 un
 - c. 8 u
 - d. 8 ipun
13. Tembung *wijilipun* ing gatra sepisan tegese yaiku
- a. Laire saka wong asor
 - b. Apa kang dilairake
 - c. Apa kang dadi pametune
 - d. Apa kang dikandhakake
14. Asal-usule kutha Banyuwangi dumadi saka prastawa
- a. Matine Prabu Sulahkrama krana tumindak licik
 - b. Kajujurane Sri Tanjung nalika dadi kurbanane Prabu Sulahkrama
 - c. Perang tandhinge Patih Sidapeksa klawan para rampog
 - d. Getihe para prajurit kang padha gugur ing kali
15. Sumpahe Sri Tanjung kabukten, banyu kali kang butheg malih dadi bening lan wangi, bab iku ndadekake Patih Sidapeksa keduwung. Bab kang njalari rasa keduwung yaiku
- a. Patih Sidapeksa kepingin mbuktekake bener orane Sri Tanjung
 - b. Patih Sidapeksa duwe kekarepan supaya banyu kali dadi bening

- c. Patih Sidapeksa ndadak setya marang negara lan Prabu Sulahkrama
 - d. Patih Sidapeksa kebacut nekad lan ora percaya marang Sri Tanjung
16. Ing ngisor iku tuladha ukara guneman kang nggunakake ragam **ngoko alus**, yaiku
- a. “Sampeyan saking pundi, Pakdhe. Kok namung tindakan mawon?”
 - b. “Kula boten saged mbayar beya sekolah malih, Pakdhe.”
 - c. “Aku arep menyang daleme Pak Lurah, njaluk surat keterangan.”
 - d. “Iya, aku lagi bungah sebab oleh rejeki gedhe, kowe pengin ora?”
17. Ing ngisor iku tuladha ukara guneman kang nggunakake ragam **ngoko**, yaiku
- a. “Kula badhe dhateng dalemipun Pak Lurah nyuwun serat katrangan.”
 - b. “Kula ajeng ten griyanipun Pak Lurah nyuwun serat keterangan.”
 - c. “Aku arep neng daleme Pak Lurah, njaluk surat keterangan pindhahan.”
 - d. “Aku arep menyang omahe Pak Lurah njaluk surat pindhah wargi.”

18. Ing ngisor iku tuladha ukara guneman kang nggunakake **krama alus**, yaiku

- a. “Mangga, diunjuk lho, mangke adhem toyanipun!”
- b. “Ayo takterake ndhaftar neng kursusan!”
- c. “Ngaturi sugeng rawuhipun Mas?”
- d. “Wingi daleme Pak Karto keleton maling!”

Guru : “....”

Ketua Kelas : “Sedaya siswa mlebet Pak.”

19. Pitakone guru yaiku

- a. Sapa sing dina iki ora mlebu, Mas?
- b. Kenging punapa boten mlebet?
- c. Sinten ingkang boten mlebet dinten punika?
- d. Punapa wonten ingkang mlebet?

Ketua Kelas : “...”

Guru : “Ya, Kardi kena apa ora mlebu?”

20. Ketua kelas anggone matur sing trep yaiku

- a. Pak, punika ngaturaken serat saking Kardi.
- b. Pak, Kardi boten mlebet, niki lho serate.
- c. Punapa wonten serat saking Kardi?
- d. Kula badhe maringaken seratipun Kardi Pak

Kepala Sekolah : “....”

Guru : “Pangapunten Pak, dereng cekap.”

21. Wangsulane Guru sing trep yaiku
- Laporane BOS apa wis rampung, Pak?
 - Kepripun, Pak? Pun digarap dereng laporanipun?
 - Pak, laporan BOS punika digarap nggih!
 - Kapan lehma arep ngrampungke laporan, Pak?

Bapak : “Jupukna kacamripate Bapak, Mas! ”

Anak : “... .”

22. Wangsulane anak sing trep yaiku
- Emoh Pak kesel, kongkonan bae.
 - Pangapunten Pak kula boten saged.
 - Sekedap malih Pak, acara tipi dereng bibar.
 - Inggih Pak, wonten pundi nggih?

Bapak : “Bu, Bapak mengko kondur sore, ana rapat penting.”

Ibu : “... .”

23. Wangsulane Ibu sing trep yaiku
- Iya Pakne, aja lali gawa oleh-oleh.
 - Inggih Pak, ngatos-atos kondure

- c. Sampun tindak mawon, Pak
- d. Tekan jam pira ta, Pak, bendina rapat?

Darsono : "Aku arep melu kursus nyetir, kowe melu ora?"

Saparudin : "Iya, Dar. Aku melu, peneran ana kancane."

24. Pacelathon iku nggunakake ragam ngoko jalaran

- a. Bocah loro ora duwe rasa kurmat
- b. Bocah loro ora padha ngajeni
- c. Bocah loro wis kulina lan kancan akrab
- d. Bocah loro wis padha ora sekolah

Darsono : "Iki mau saka daleme Pak Lurah, nanging lagi tindak."

Saparudin : "Iya, ana rumah sakit, wong Bu Lurah gerah."

25. Pacelathon Pak Lurah lan Bu Lurah ora melu wawan gunem, nanging tetep diajani kanthi tetembungan krama inggil, sebab

- a. Bocah loro wedi karo Pak Lurah lan Bu Lurah
- b. Pak Lurah lan bu Lurah ong kinurmat kang kudu diajeni
- c. Bocah loro kepengin gampang urusane karo Pak Lurah
- d. Bu Lurah lagi gerah dadi kudu diajeni

3. Piwulang apa kang bisa dipethik saka dumadine Banyuwangi!
4. Jelasna unggah-ungguhe nalika nindakake wawan gunem!
5. Ukara ing ngisor iki tulisen nganggo aksara Jawa!
 - a. Damar Wulan sowan Ratu Kencana Wungu
 - b. Adipati Jipang ngunus keris Setan Kober
 - c. Panembahan Senopati ing Mataram

KAPUSTAKAN

- Atmaja, Prawira,S. 1998. *Bausastra Jawa*. Surabaya: Yayasan Djojo Bojo.
- Daryanto , 1999. *Kawruh Basa Jawa Pepak*. Surabaya: Apollo. Dinas Pendidikan dan Kebudayaan. Propinsi Jawa Tengah.
2004. *Kurikulum Mata Pelajaran Bahasa Jawa*. Semarang: -----.
- Haryana. Harjawiyana. Drs. SU. Dkk. 2006. *Marsudi Unggah-Ungguh Basa Jawa*. Yogyakarta. Kanisius.
- Padmosoekotjo. 1989. *Wewaton Panulise Basa Jawa Nganggo Aksara Jawa*. Surabaya. Citra Jaya Murti.
- Prawiroatmodjo. S. 1980. *Bausastra Jawa*. Jakarta: PT Toko Gunung Agung.
- Saryadi, Hs. *Gladhen Maca Tulisan Jawa*. Semarang: Media Wiyata.
- Sawukir. Drs. Dkk. 2006. *Sinau Basa Jawa VII-VIII*. Semarang. Aneka Ilmu.
- SK Kepala Dinas Pendidikan Propinsi Jawa Tengah Nomor 423.5/14995 tahun 2014 tentang Kurikulum 2013 Mulok Bahasa Jawa pada Jenjang SD/SDLB, SMP/SMPLB/MTs, SMA/SMALB/MA/SMK.
- Soekotjo, Padmo. 1999. *Kasusastran Jawa*. Yogyakarta.
- Soetarno. Drs. H. 2005. *Pathi Jawi 1-2-3*. solo. Widya Duta Grafika.
- Sudaryanto. 1992. *Tata Bahasa Baku Bahasa Jawa*. Yogyakarta: Duta Wacana University Press.
- Sudi Yatmana, Rama. 1989. *Tuntunan Kagem Para Pranatacara tuwin pamedhar sabda*. Semarang. Aneka Ilmu.

- Suhono Anton. 1956. *Paramasastra Djawa*. Jogjakarta: Lien Hoo Sing.
- Supriyanto, Teguh. 2007. *Pengembangan Pemelajaran sastra. Makalah Bintek Guru Bahasa Jawa SD, SMP, SMA Se-Jateng*. Depdikbud. Prop. Jateng.
- Susilo, Bambang. 1993. *Seneng Wayang*. Semarang: Media Wiyata.
- Sutawijaya, Danang R dan Yatmana, Sudi R.M.A. *Upacara Penganten (tata carakejawen)*. Semarang: CV. Aneka Ilmu.
- Taslimah, Siti.----. *LKS Basa Jawa*. Solo. Sindhunata.
- Warsea, Tentrem Ki, 2006. *Tuntunan Sekar Macapat*. Surakarta: CV.Cendrawasih.
- Wisnu Sasangka, Sri Satriya Tjatur. 2004. *Ungguh-Ungguh Basa jawa*. Jakarta: Yayasan Paramalingua.
- , -----, Panjebar Semangat. Surabaya: PT. Percetakan PS.
- Bendel Jayabaya.
- , -----, Pustaka Candra. Semarang: Seksi Kebahasaan Dinas P dan K Jateng.



Ingin Menerbitkan Buku?

Punya naskah? Ingin naskahnya segera diterbitkan?
Sahabat bisa memilih beberapa paket penerbitan berikut ini:

Hanya dengan Rp. 350.000 Impian Sahabat Memiliki Buku Karya Sendiri Akan Terwujud

Fasilitas :

- Layanan edit aksara dan penyempurnaan EyD
- Pembuatan cover buku disesuaikan dengan permintaan (1x revisi)
 - Pembuatan Layout isi bergambar
 - Pengurusan ISBN
- Mendapat 1 buku terbit, gratis ongkir seluruh Indonesia.
- Promo buku via online (blog, facebook, twitter, dan website-website yang bekerjasama dengan kami serta lomba-lomba menulis yang kami selenggarakan)
 - Royalti 10% dari buku yang terjual melalui PenA Indis
- Potongan harga 20% sebagai pengganti royalti jika buku terjual melalui penulis
- Terbit dalam waktu 30-45 hari kerja, terhitung sejak awal kesepakatan.
- **Penulis minimal memesan cetak buku 5 eksemplar**

Pengiriman naskah terbit Maksimal jumlah 75 halaman A4 margin 3333, font 12 pt, spasi 1,5.
Kelebihan halaman, perlembarnya dikenakan biaya Rp.1000

SEGERA hubungi ke No. Hp. 082113883062 atau
email ke www.pena_indhis@yahoo.co.id untuk info lebih lanjut.